**Konsiltan:** si yo ta mande nou, menm si nou pa fè etid, ki pousantaj jèn nou wè ki enplike nan lavi kominote n ap viv yo, aktivite pou dirije kominote yo, pou lidè kominote yo, si n ta di ki pousantaj jèn nou wè ki enplike, ki kantite n t ap di?

**Fi :** 50%

**Gas :** 45%

**Gas :** M t ap di moun ki gen plis laj avanse yo gen plis pòs se yo ki toujou okipe yo, paske gen de pòs jèn yo pa chwazi rantrè ladan yo pou yo pa pèdi lavi yo, se sa k fè gen de pòs tankou majistra, kazèk, azèk se moun ki plis antre nan laj ki ladan yo paske jèn yo poko gen matirite, se konsa bagay la ye. Tankou la nan kominote Ansafole a m toujou wè se moun ki nan laj 45 kan men m pa janm wè se yon jèn ki nan 35, 28 ki nan pòs sa yo

**Fi :** m t ap di se pa yon jèn ki kreye yon aktivite pou kò l se toujou adil yo

**Konsiltan :** Rapèl kesyon an, sonje byen kesyon an se te kisa n t ap di si yo mande n ki pousantaj jèn ki enplike nan aktivite k ap dirije kominote a parapò ak eksperyans nou sot di la yo, pòs responsablite?

**Gas :** 40% m t ap di pou kisa, paske nan plis aktivite ou ka wè jèn yo enplike nan kominote a se lekòl aprè sa nan des postes bagay ditou.

**Konsiltan :** Banm poze n yon kesyon, tankou la lè yo di n patisipe, yo di nou participation fòk jèn nan patisipe ak kisa li ranvwaye pou nou nan reyalyte pa nou, sa sa vle di yon moun k ap patisipe?

**Gas :** yon moun ki mete tout limenm nan sa k ap fèt la.

**Gas :** m kapab di menm jan yo te envite n nan rankont lan, yo di n fòk nou f on patisipe nan rankont lan, epi nou la kòm de patisipan.

**Konsiltan.** : tankou la eske si nou vini nou Chita kesyon ap poze nou pa janm reponn eske n ka di nou patisipe? Si yo di nou kondisyon lavi, kisa sa vle di pou nou lè yo di kondisyon lavi jèn yo, kondisyon lavi fanm yo...?

**Fi** : kondisyon de vie a se jan n ap viv

**Fi** : bon li ladan l tou pa egzanp ou ka wè kamarad sa chwazi pran lavi l yon Jan epi mwen m chwazi pran l yon lòt jan, Jan l ap jere pa l la se pa konsa mwen menm m ap jere l. Bon se konsa m panse l. Paske kondisyon lavi a se jan w pran lavi a se konsa l pran w tou.

**Fi** : egzakteman. Wi

**Konsiltan.:** si yo ta poze nou pou nou defini kondisyon lavi jèn yo nan Ansafole kisa n t ap di? Si yo ta mande nou pa egzanp, yo ta poze kesyon eske n t ap di jèn Ansafole yo gen de bonnes conditions de vie? Eske y ap byen viv kisa n t ap reponn?

**Fi** : pou tèt pa m m ka di, m pa konn pou lòt yo... Tankou la jan m ap fonksyone nan lari a, tankou gade jèn ti demwazèl sa gade jan l ap fonksyone byen konsa m panse. Sa vle di ou kondi tèt oubyen parapò Ak yon wout.

**Gas** : Tankou ou ka chwazi di moun ap mal viv poutan li menm li satisfè. Bon yon jèn dwe viv lavi l respekte moun, epitou chache bon kondisyon aprann pale avèk moun, chache chemen lekòl epi tande konsèy granmoun kote y ap pale e bat pou w aplike yo tou, sa se bon kondisyon aprè sa pou move kondisyon an m konnen paske mwen m pa viv sa

**Gas** : bon mwen menm sa m kapab di de bon kondisyon lavi, tankou mwen m ka di m ap byen viv paske...

**Konsiltan:** Banm Mande nou yon jèn k ap viv nan komin Ansafole, nan diferan seksyon kote nou soti yo, si yo mande nou a kisa jèn nan gen dwa, kisa ki dwa yon jèn k ap viv Ansafole kisa n t ap di?

**Gas :** yon pakèt dwa, tankou droit a la santé, droit à l'éducation, droit de vivre. Tankou imagine w ou nan yon sosyete ou nan yon katye ou pa ka jwenn Dlo pou w bwè ou pa ka jwenn manje tout sa yo baze sou...

**Gas :** Pa gen dlo potab, pa gen kouran, pa gen sante. Dlo potab se biznis prive, dlo sèvis la w ap jwenn li paske tout moun bay tèt yo on mwayen gen yon pi. Wi se moun yo ki òganize yo pou bay tèt yo l

**Konsiltan.:** pou kesyon sante Kouman sa ye?

**Fi :** sante a li menm nou pa Al lopital souvan sof lè yon nou gen yon bagay k ap fè nou mal, aprè sa nou pa konn si sante nou byen si sante nou mal sof lè n al lopital

**Konsiltan:** tankou pa egzanp jèn fi yo parapò ak kesyon devlopman nan kò yo, patikilyèman jèn nan faz adolesans yo gen de transfòmasyon k ap fèt nan kò yo eske yo gen de espas espesifik ki la yo ka ale pou y al chache enfòmasyon pou yo konnen kisa k ap fèt nan kò yo, pa egzanp enfòmasyon sou sante seksyèl Ak repwodiktiv yo eske gen de espas konsa en terme de sante anndan komin nan?

**Gas :** Non pa gen okenn espas. Nou konn fè ti echanj ak pwofesè lè y ap fè kou.

Non yon sèl sant sante ki genyen Ansafole , nan ba Sentán 1e seksyon ak yon dispansè.

**Konsiltan:** Si yo ta Mande nou Konbyen pousantaj fanm ki enplike nan lavi kominote a, nan direksyon kominote a nan jesyon l nan gouvènans li, ki pousantaj nou t ap di apati yon senp obsèvasyon, Ke nou wè ki enplike nan lavi kominote a?

**Fi:** 40 pousan fanm.

**Gas:** mwen menm m t ap bay 25 a 30 pou san

**Fi:** 10 pousan m t ap di

**Konsiltan:** si yo ta Mande pou n klase yon banm yon echel ki gen 4 Mach ladan l: trè enpòtan, enpotan, pa enpòtan epi neglijab Kijan nou klase plas jèn yo nan komin Ansafole?

**Fi:** trè enpòtan

**Gas:** Neglijab ; neglijab; neglijab

**Fi:** trè enpòtan

**Gas:** trè enpòtan

**Konsiltan. :** Poukisa n di plas jèn yo trè enpòtan, aprè m pral mande moun ki di non yo Poukisa yo di non **tou**

**Fi :** rezon ki fè m di sa paske lè rantre nan yon lopital w ap se jèn k ap travay, nan yon legliz se jèn yo, lekòl ankò se jèn se sa ki fè m di sa

**Gas :** m panse sa l di a se yon bagay ki reyèl.

**Fi :** paske moun k ap dirije yo se ale yo prale, jèn yo se vini y ap vini, si gen yon bagay ki pral fèt se jèn yo k ap vin patisipe ladan l, donk pou mwen jèn yo enpòtan

**Konsiltan.:** moun ki te di neglijab yo, nou 3 ki ted i neglijab yo...

**Fi:** wi, n ap viv nan yon kominote pa gen okenn òganizasyon se yo menm ki mete l, pa gen moun ki ka di Jodi a n ap fè sa. E sa k fè m te di neglijab paske gen jèn yo ki ta vle al lekòl li pa jwenn moun pou mete l lekòl, gen moun tou ki pou mete l lekòl li pa vle e sa k fè m di neglijab.

**Konsiltan :** Eske nou tout nan òganizasyon?

**Gas :** Non nou tout pa nan òganizasyon

**Konsiltan :** Nou menm ki nan òganizasyon, ki tip òganizasyon yo ye eske se òganizasyon jèn oubyen...?

**Gas :** Mwen menm m nan SAC: Sosyete Amilka Cabral, se pou jèn fòk jèn, pou fason kominote yo ap viv la gen yon ti chanjman, nou konn reyini chak samdi ou wè m la Jodi a, m se prezidan sosyete a vini pou m patisipe nan reyinyon an men gen lòt moun ki la. Nou la pou nou ede jèn yo. Pa egzanp nou konn reyini pou n di gen bagay nou ta kapab mete la, sa ansyen yo pa mete pou n fè pou n mete nan kominote pa nou an. Tankou gen anpil bagay nou pa t konn jwenn lontan nou te vle tounen avel, se pou sa sosyete an la.

**Konsiltan:** Eske se yon òganizasyon ki ouvè pou tout tip jèn oubyen pou yon kategori jèn espesifik, oubyen pou tout moun tankou agrikiltè...?

**Gas :** Li ouvè pou tout jèn. Pa egzanp a laj de 5 a 10 zan pou n te fè rankont avè yo a pa.

**Fi :** òganizasyon pa m nan li menm (57 mini)

**Gas :** ..... Pour le développement éducatif et artistique

**Gas :** Nou remake Ansafole gen yon pakèt jèn, gen aktivite ki konn ap fèt gen yon pakèt jèn ki konn anvè bay moun yo... tankou slame, chante di pwezi si n t ap kòmanse 10zè 11zè nou p ap ka pran anpil moun, pa egzanp gen ti moun paran yo konn pa vle yo kanpe devan men si yo nan yon òganizasyon paran yo ap kite yo

**Konsiltan.:** eske nou pa konnen òganizasyon fanm Ansafole?

**Fi :** Bon genyen, se nou ki pa ale

**Fi :** paske m pa jwenn òganizasyon

**Konsiltan:** Si yo ta mande nou pou n idantifye ki Kote yo pran desizyon pou komin nan, ki kote desizyon sa yo planifye, kote yo pran desizyon sa yo eske nou ta kapab idantifye espas sa yo?

**Gas:** Nan meri

**Fi:** m kapab di pa gen chanjman ki fèt paske depi lè m ap leve se toujou menm bagay yo m wè, menm Kay kite bò lanme a ki te kraze yo met anpil sab bò lanmè a pa gen anyen k fèt.

**Gas:** yo ka fè afè a yo sou telefòn men yo pa rele nou pou pale avè n, yo konn kreye gwoup watsap a yo, sel pou koze lanmè a aprè sa anyen ankò, yo ka fè afè yo sou telefòn, out a di yo fè yon gwo bagay pou rele jèn y ap kreye kont, sa pa souvan fèt

**Konsiltan:** si yo ta Mande nou kòm jèn pou ede idantifye pwoblèm komin Ansafole, si yo ta mande n kisa nou idantifye kòm pwoblèm ki touche direktman?



**Gas:** Gen de jèn ki tèmine ki gen nesesite pou antre nan fakilte men pa gen yon lekòl pwofesyonel Kote yo te ka ale pou al aprann yon bagay pou fè demen a yo avan yo yo kontribiyè pou y al nan fakilte

**Fi :** mwen menm se lanmè a. Li bann pwoblèm. Non gen de moun li ka pa bay pwoblèm men nou menm li bann pwoblèm, moun ki pap viv bò la ou konn ki efè sa fè sou ou paske pa fwa ou konn anvi soti ou pa ka soti, moun ki pa rete bò la li ka pa ba l pwoblèm men ou menm k ap viv bagay la.

**Gas :** Premyèman (bri). Dezyèmman se pou jèn yo ki nan lari a pa fwa konn pa gen lekòl anpil nan yo se oblije mache jwe domino pafwa se ti foutbòl la nou konn jwe, m te ka di yo te kapab jwenn yon ti bagay yo Bwase yo pa gen okenn moun k ap ede yo grandi, sa vle di pa gen okenn ti òganizasyon ki la pou ede nou, tou senpleman gen sa ki la ki pi gran pase n yo jis gade nou konsa konsa, yo wè sa yo te ka fè wi men yo jis inyore nou. Se nou k ap chache sa n ka fè, pa gen okenn ti òganizasyon ki la pou fòme jèn ki la pou ede nou. De fwa nou konn sot lekòl, sitou elèv ki lekòl aprè midi yo, nou konn bezwen etidye nou pa jwenn limyè, nan tan pase yo te konn genyen bagay sa vin met anpil dekourajman nan nou menm, lè sot lekòl li fenwa nou pa ka etidye de fwa se nan maten si nou gen chans nou etidye

**Fi :** m t ap ajoute yon bagay pou jèn timoun ki pa gen mwayen pou al lekòl yo, ka gen moun ki ka mete 10 a 15 timoun lekòl, men se plezi deplase gwo atis mete plezi timoun yo ap leve yo pa gen moun ki pou kondui yo mwen se sa m t ap di.

**Fi :** gen defwa ou konn malad ou bezwen pran swen ou rive nan lopital la swa yo voye lapwent.

**Konsiltan.:** si m ta Mande nou tout pwoblèm m sa yo nou sot ranmase la yo pou n idantifye yon Kote anndan komin nan pou n pote yo ale kòm doleyans pou yo kapab pran desizyon sou li, si yo ta mande n pou n idantifye yon espas konsa ki Kote nou t ap di?

**Fi :** m pa konnen

**Gas :** mwen menm m panse se nan meri a pou n ta sipoze pote bagay sa yo, men Kote yo absolumen pa gen okenn solisyon

**Gas :** m panse se moun ki responsab kominote a pa egzanp depite, majistra nou tad we di pwoblèm sa yo. Bon menm si ou pwopoze yo pwoblèm nan yo p ap fè anyen.

**Fi :** bon se yo menm (otorite kominal yo) nou ta dwe di sa men nou pa jwenn yo pou n di sa se pòtoprens yo chita. Tankou jan Jèn nan sot di la li di nou tèmine nou pa ka jwenn lekòl, epi Pafwa bagay konn ap fèt epi l kanpe li pa kontinye fèt, lè n bezwen yo se Pòdepè, Senlwi, Potoprens nou oblije pot tèt nou bay bandi. Tankou lekòl Marionad la pwofesyonèl la se li menm ki te gen nan lari a li te kòmanse byen byen pwòp aprè sa li vin kanpe, m kwè li te fè yon gradyasyon. M pa t ladan l non menm t ap suiv. Li te gen couture, Karelaj, plonbri... aprè sa si n bezwen yon bagay se Senlwi Okap pòtoprens pou n pot tèt nou bay bandi paske komin nou an pa genyen l.

**Konsiltan:**Eske anndan kominote a konn gen de pawòl yo konn ap di ki yon jan diskriminan ki konn ap di sou jèn yo, tankou pa egzanp gen kwayans de pèsesyon ki konn ap sikile sou jèn yo de bagay négative parapò avèk jèn anndan komin Ansafole?

**Gas:**Ansafole nou pa konn tande bagay sa yo, vrèman nou ka pa gen Kote pou n aprann pou n elaji konn les ans nou men parapò ak potoprens ak lòt Kote gen bandi k ap fè yon pakèt bagay ki gen rapò ak vyolans pa gen bagay sa yo.

Wi paske gen de bagay jèn yo enplike nan li tankou fimen bwè kleren sa se bagay yo ta dwe fè alèji avèl.

**Fi :** Non pa genyen l

**Konsiltan :** Yon jèn ki Ansafole antèm aktivite ekonomik kisa nou pase yon jèn ka fè kòm aktivite pou jwenn otonomi se nan ki sektè yon jèn ka travay, kisa l kapab fè en terme aktivite, ki sektè aktivite ki gen plis débouche ladan l yon jèn ka fè pou jwenn otonomi lajan pou l kapab pwojè tèt li?

**Fi :** sèl fè lekòl

**Gas :** ..... (Briiii) se kounya kèk jèn kòmanse

**Konsiltan.:** pa gen jèn ki enplike nan agrikilti?

**Fi:** non, benyen Chita met Air Force one

**Konsiltan:** Pou medam kounya, ki sektè Ansafole ki kreye anpil travay pou fanm masivman bò  
Isi a sitou pou jèn fanm?

**Gas :** Nou pa wè okenn sektè; se komès, fè lekòl pou timoun, gen nan yo ki al nan etid, gen nan  
yo se fè zong, se nan kosmetoloji yo ale

**Konsiltan:** si yo ta vin la yo di nou yo pral fè yon strateji pou devlope Ansafole, yo mande nou  
kisa mo sa vle di pou nou mo devlopman an, si yo mande nou kisa pou yo mete nan komin nan,  
Ansafole, Komin nan, teritwa a, seksyon kominal yo yo ta genyen kisa n t ap di:

**Fi :** m t ap di pou yo met plis bagay pou jèn yo, avek plis bagay pou n travay. Inivèsite, oubyen  
yon lekòl pwofesyonèl

**Gas :** mete yon Inivèsite. Non se pa sa sèlman, pou mwen fòk se tout pwèn nou sot devlope la yo  
pou si yo ta rive fèt m t ap di li devlope.

**Konsiltan:** si n t ap sentetize kisa tout sa n sot di la yo kisa n t ap di, tankou?

**Gas :** fòk gen elektrisite

**Gas :** fòk gen lekòl fòmasyon pwofesyonèl, fòmasyon Inivèsite

**Gas :** pou mwen menm fòk plizyè komin ta gen sant sante avek pou plizyè jèn al nan enfimyè,  
pou yo mete biwo pou moun ap travay

**Gas :** fòk yo ta mete blòk sanite pou lè moun yo bezwen fè bezwen yo

**Fi :** fòk yo ta mete Kote pou fè glas paske lè n bezwen yon bagay glase se jis Senlui pou n  
desann

**Fi :** si agwonòm yo te ka travay Ak peyizan yo, gade Konbyen kantite tè pou yo plante; avek pou  
yo ta met beton sou wout yo paske twòp pouzyè lè lapli tonbe li pa bon lè gen twòp solèy li pa  
bon tou.

**Konsiltan:** Si yo ta mande nou pou n idantifye yon kontrent, yon rezon ki anpeche jèn yo enplike nan devlopman komin nan?

**Gas:** pa gen tèt ansanm

**Gas:** si gen yon bagay m t ap di, menm lè nou ta Chita di gen yon bagay pou n òganize, depi se pou kominote a li pa rive, paske tout moun gen bagay y ap viv ,sèke chak moun nan afè pa yo

**Gas:** paske pa gen tèt ansanm (nan mitan jèn yo; anjeneral) si lè jèn yo te gen tout bel lide sa yo, yo te gen yon Kote yo ta pral pote pou aji sou yo lè konsa bagay yo pa t ap konsa, bagay yo t ap chanje

**Konsiltan.:** si yo ta Mande nou pou n idantifye de jeunes leaders, ki gen ant 15 a 35 kan ki gen leadership ki gen yon enpak sou kominote eske n t ap ka idantifye?

**Gas:** sa k fè m pa ka idantifye paske bagay la se blof li ye, Ann pran le cas moun nan ka montre li sou fè yon bagay pou komin l ap ba w Bèl dyalòg epi lè bagay la tonbe nan men l li pa ede komin nan.

**Konsiltan:** gen yon pwoblèm nou te idantifye Senlui m ta renmen konnen eske se konsa l ye pa bò isit, pwoblèm jèn fi ki pa metrize kò yo, ki fè gen ti moun k ap fè timoun epi yo gen anpil sityasyon konsa nan nivo Senlui eske sa konsa Ansafole?

**Gas :** genyen wi, se toujou menm jan an, menm fason. Men sa se pwoblèm peyi a menm se tout Kote l konsa.

**Konsiltan :** Kisa k fè sa menm si yo ta mande nou selon refleksyon pa nou?

**Gas :** se moun ki pa al lekòl sa rive pi souvan, si moun nan Al lekòl li konn Poukisa l al lekòl

**Gas :** M panse si Ansafole ta g'on espas kote chak dimanch oubyen chak samdi nou te ka chita pou tout jèn pran konsèy li t ap vrèman bon pou Ansafole , paske nou menm nou gen yon jan nou panse, nou menm nou gen kapasite a pou n fè panse pozitif men gen lòt moun ki pa ka panse menm ka avè w kote tout mount e ka Chita pou vin pran konsèy li t ap bon

**Konsiltan:** si yo ta mande nou kisa ki ta kapab fèt pou amelyore enplikasyon ak amelyorasyon jèn yo nan lavi komin Ansafole?

**Fi :** òganizasyon, si gen òganizasyon n ap jwenn yo kote pou n chita pou n pale

**Konsiltan.:** Mwen m chita m pale avek nou, m panse m fè le tout avek nou m gade diferan sa pou m te gade avek nou, m fè le point avek nou nou chita nou pale, eske gen yon bagay nou ta renmen ajoute, pwopoze pou n ta ajoute, se moman pou nou menm di pawol pa nou, si n gen yon pwèn nou ta swete di oubyen nou ta swete fè.

**Gas :** Mwen menm se yon kesyon m t ap poze, (briiiii) nou ta renmen konnen Poukisa etid sa sou komin Ansafole

**Konsiltan:** rapèl sou kisa etid la ye.

**Focus groupe avec les Jeunes de Baie de Henne  
Ecole Nationale Mapou, 2<sup>ème</sup> section Dos d'Ane  
Samedi 28 Octobre 2023**

**Entwodiksyon**

**Prezaantasyon**

**CH:** Bonswa tout moun, on pa m se Christella, mw nan AJJDM ki se asosiyasyon jèn Jasmen pou demen miyò.

**C.W :** Non pa m se Cesaire Widena, mw soti Akdelis nan lokalite Jasmen. Mw nan yon òganizasyon AJPBA, ki se association des jeunes progressistes de Bois d'homme Acelice. Mw se yon enstititè.

**C.D :** Non pa m se Cobie Dahens mw soti nan lokalite Jasmen. Mw fè pati asosiyasyon AJJDM, mw se sekretè. Mw se chofè taksi

**J.W :** Bonswa, non pa m se Joseph Witlaine, mw soti 2zyèm seksyon Rizèt. Mw soti nan yon asosiyasyon ki rele AJNO, ki se association des jeunes du Nord-Ouest. Mw se anseyant nan nivo kindègaden.

**A.A :** Non pa m se Alcéus Asline, mw soti 2zyèm seksyon Dodan, lokalite FonSen Nip. Mw se sekretè Asosiyasyon jèn AFAPBO ki se association des femmes actives et progressistes Bochan. Mw etidye agwonomi mw nan 3zyèm ane, aktivite m ap fè se komès.

**R.P.L :** Bonjou tout moun, non pa m se Rosny Pierre Louis. Mw soti nan sant vil la, mw se teknisyen agrikòl, mw se anseyan. Mw fè pati de yon asosiyasyon ki rele AJBB, ki se asosiyasyon jenès batis Baie de Henne.

**E.S :** Non pa m se Execar Sainatus mw soti nan lokalite Fonnip mw soti nan òganizasyon OFET ki se òganizasyon fanm ekonomik Tirivyè.

**S.P :** Non pa m se Sandy Pierre, mw soti nan lokalite FonSen Nip, 2zyèm seksyon Baie de Henne. Mw se administratè, mw soti nan asosiyasyon APHNOB, ki se association des personnes handicapés du Nord-Ouest de Baie de Henne, mw se sekretè ladann. Aktivite mw gen la se komès.

**G.J :** Mw se Guenson Jean, mw soti Masenkre 3zyèm seksyon komin Baie de Henne. Mw se anseyan, mw soti nan yon òganizasyon ki se DSBH, debat social de Baie de Henne, mw se sekretè ladann. Mw se anseyan.

**V.N :** Bonswa tout moun, non pa m se Valdey Nados, mw soti nan Ti Rivyè Baie de Henne. Mw gen yon lisans an syans ekonomik, mw se etidyan finisan nan syans administrativ ak ekonomik e syans lisansye an syans kontab. M ap travay kòm kotch avèk iltra pov nan Fonkoze. Mw soti nan asosiyasyon AJAP ki se asosiyasyon jèn agrikòl premye pas, e mw se kwòdonatè yon mouvman ki rele MJH ki se mouvement de la jeunese haitienne.

**D.R :** Bonjou tout moun mw se Dieuné Racine. Mw travay pou PADL ki se programme d'appui pour le developpement local. Nòmalmman k ap entèveni nan 4 komin ki nan ba Nòwès yo. Mw afekte sou JanRabèl ak sou Mòl Sen Nikola, sou Bonbadopolis ak sou Baie de Henne.

### **Kesyon 1**

**Fi :** Vu jan sitiyan an ye kounya la, lontan w t ap jwenn plis jèn nan lokalite a, paske tout bagay ki te genyen yo te mete jèn yo ladann. Men kounya tout bagay ki genyen w ap wè se moun ki antèt yo ki patisipe ladann. Sa vin koz tou jèn yo prèske pa rete nan peyi a yo plis vle ale lòt

kote. Jèn ki rete la y opa gen okenn aktivite, se sèl fè lekòl ki yo oblije fè. Nan lòt kote yo w ap jwenn kèk lekòl pwofesyonèl lè jèn nan fini li ka al aprann yon bagay. Bò isit pa gen anyen, sa vle di si yon jèn fini pou l etidye la se ale lòt kote pou yo al aprann kèk bagay. Sa koz zòn nan vin degingole

**Fi:** Sitiyasyon n ap viv fè pa gen anyen nou ka fè kom aktivite, nou la se kòm si nou pa la. Pifò jèn yo pati, gen sa k al chache lavi miyò.

**Gas:** pou mw nan zòn kote pa m nan se yon bagay katastrophik paske pifò jèn yo preske fin ale, ti rès sa ki rete yo pa gen okenn efò yo ka fè ankò. Mw pa kwè gen menm 3% jèn ki rete nan zòn nan, se plis timoun avèk granmou ki rete ladann.

**Gas:** Mw soti santrevil, nòmalmman si m soti santrevil mw ta dwe jwenn majorite jèn gen yon aktivite y ap fè. Alòske pa gen yon pousantaj jèn vreman ki gen aktivite nan vil la. Premye konsta m fè se de tradisyon ki ale ki vin fè jèn yo oblije pati. Paske chak fwa gen de tradisyon nou te konn ap jwenn, e nou paka gen posibilite jui akòz ensekirite a ki poze anpil pwoblèm tou. Sa vin fè jèn nan paka pran desten li anmen. Gen yon lòt rezon se leta ak kèk sekte ki pa ankadre jèn. Si toutfwa nou te jwenn ankadreman nou kòm jèn malgre tradisyon yo fin ale, yo t ap retounen avèk yo pou fè jèn nan anbyans, e menm jèn ki ale 10 a 15 zan ki gentan kite e ki pa vle tounen yo, men yo t ap tounen. Leta answa avèk kèk sektè ki la ki pa ranpli tach yo vin fè jèn yo pako pran desizyon pou l tounen. Se pa paske jèn nan pa vle tounen, se paske pa gen avantaj pa gen enterè e pa gen anbyans.

**Fi:** Lontan lontan nan 2017, 2018 yo, ou t ap jwenn kazèk ak majistra detanzantan y ap pase yo fè kèk reyinyon pou jèn yo. Tout sa y ap fè yo patisipe avèk jèn yo, nenpot pwojè ki t a vini nan zòn nan w ap wè plis jèn patisipe nan yo. Men pou kounya, se paske nou pa gen peyi, menm leta nou pa genyen tou, yo pa bay jèn yo enpotans. Sa vle di depi moun nan pozisyon anlè li tou jere tout espas li, li pa enplike jèn ladann.

## Kesyon 2

**Fi:** Si gen 50 jèn, mw t ap di 15%

**Gas:** Pou mw menm jèn nan prèske eskli, pou mw menm m paka di w menm 0%. Mw konnen youn ki nan pozisyon pou pran desizyon.

**Gas:** Pou mw menm l ap di 0% an.

**Gas:** Olye t a mete l de 0 a 15, mw t ap mete de 0 a 5%, paske pou tout komin Baie de Henne nan, mw menm soti nan lokalite Acdelice e mw fè tout komin nan, se kòm si w pa we prèske jèn ki egziste nan zòn sa yo. Sitou m ap gade nan lokalite pa m nan, ou jwenn de jèn ki ap fè efò, yon ansanm de jèn ki kòmanse prel lekòl ki vin kanpe nan wout. Rezon ki fè yo vin kanpe nan wout se yo jèn ki te devan yo, y al lekòl yo fe yon fakilte apre sa yo chita la. Ou vin ap viv yon sitiyasyon la depi 30 tan, si w ta bezwen 100 goud, se manman se papa w ki ba w li. Ou rive nan yon kriz ou paka gen manman ou paka gen papa, w ap mande nan kisa w lage tèt ou la. Nou gen pedagòg, nou gen agwonòm, nou gen administratè, se kòm si mw ka konte ak dwet nou 4 jen nan lokalite a k ap fe yon aktivite. Aktivite a, ki nome nan leta se yon bagay k ap dire omwen 6 mwa ou 1 an. Jèn Baie de Henne malad, yo pa gen aktivite yo pap travay. Menm nou menm ki prezan bò isit la se paske nou renmen lakay nou. Ou gen yon absans yon ansyen k ap dirije nou nan zòn nan, si w t a envite yo nan yon rankont ki paka menm pale de zòn nan. Se moun sa yo prezante kòm azèk, kazèk e se menm yo menm k ap goumen pou majistra, alòske menm pale yo paka pale ni prezante tèt yo. Ou menm jèn ou ta vle chanje sistèm sa, si yo pa manje w ka pran lanmò pou sa.

**Gas:** Nòmalmman sa m ta ajoute sou li, ou te mane kondisyon lavi jèn yo nan kominote a. Sa gen awè ak anpil pwèn paske m t ap pral gade l sou plizye faz. Lè m ta pran sou kondisyon lave jèn nan Baie de Henne. Sa fe kèk tan kesyon jèn nan ou vin prèske paka pale nan komin nan. Nan konvèsasyon m konn genyen avèk de jèn ki la avan m, non sèlman Baie de Henne se yon kote ki konwonpi yo menm answa, puiske se lè w fin fe filo ou ka manevre yon computer. Ou imajine w timoun nan depi nan 2zyèm ane kinder li genten ka manevre yon computer. Ou gen yon jenès li menm se apre li sot fè filo pou l al nan enfòmàtik biwotik pou l aprann louvri yon odinatè. Non selman ou pa gen yon lekòl pwofesyonèl, ou vin gen yon modèl lekòl ou vin gen an majè pati se moun ki pa genyen ki ap bay. Gen anpil lè yo fin fè filo y al nan inivèsite ki ta vle tounen, yo konnen si yo tounen la e sa k te la avan yo ka fè plis bagay pase yo, yo ka detui yo, yo pito ale pi lwen toujou. Men tout sa se paske pa t gen yon faz ki pou ankadre yo depi alabaz ki fe se jèn ki te deplase soti Gonayiv al Pòtoprens, ki fè se grenn sa yo ki gen yon chans omwen ki gen yon vizibilite. Lòt bagay ankò, jenès pa nou an telman fèmèn nan yon ti koulwa ki vin rann li pè afwonte. Se kounye a ou jwenn medam yo rantre nan yon seri de konvèsasyon ap pale, yo te pè



pale. Yo vin pè afwonte se parapò ak sa ki te la deja. Se nòminal pou n vin konsa, moun k ap dirije nou yo se de moun ki pa menm ka ekri non yo. Mw pap pral di se yon pwoblèm de Baie de Henne, se yon pwoblèm Ayiti. Imajine w gen moun ki ap dirije w ki pa ka ekri non l, vwala kòmman mw pral pran yerachikman palan, yon moun ki pi ba pase w. Pral gen fistrasyon ki pral degaje e fistrasyon sa yo ap vin rann menm si w te ka viv w ap vin malalèz. ki nòminal se yon pwoblèm peyi a li ye, ou ka fè nenpòt ki bagay. Ou jwenn yon doktè ki fin fè 7 tan ap etidye medsin, se nòminal se yon bout krè ki nan men l ap anseye. Moun ki al lekòl nòminal la menm ou ka jwen li pap regle anyen. Se nòminal ki fè Baie de Henne nan kondisyon l ye a. Kondisyon an, nou gen yon ti gwoup jèn ki rete, majorite sèvo Baie de Henne nan ale kite Baie de Henne. Nou gen yon ti gwoup ki rete, se ladann w ap jwenn kèk grenn ki te gentan marye e ki gen madanm ak pitit yo oblije rete. Ou gen yon lòt ti gwoup, ki pa gen mwayen pou yo fè yon paspò e ki pa gen 4 mil dola ameriken ki rete la. Majorite sèvo a yo k ap prale. Se kondisyon vi yo ba nou an, se yon kesyon ki finance commande. Puiske jèn nan pa gen mwayen e nenpòt rekritman ki ta genyen sou komin nan tou, yo mande w fòk ou gen 4 a 5 kan eksperyans. Depi anlè yo òganize kesyon jèn nan pou pile jèn nan se sa k fè kondisyon n ap viv la pa nòminal. Menm si jèn nan ta gen kapasite, yo pap travay. Moun ki pa kapab se yo k ap travay paske bagay yo fèt an zanmitay. Kesyon m nan se kisa ki genyen nan fiti, mw konsidere sa kom yon anket, pou konnen kijan m ap ka kanalize kesyon m nan.

### **Kesyon 3**

**Fi:** pou mw menm pou patisipasyon fanm, mw paka di anyen. Mw paka mete l 0 mw paka mete 1 %, paske m pa we anyen.

**Fi:** Pou mw menm m ka mete l nan 2%. Pi souvan nan pozisyon pouvwa yo, yo toujou di fi paka dirije, yo pa bay fi valè nan sans sa. Se kòm si fi paka pran okenn bin desizyon.

**Fi:** Daprè mw menm li di 2%, mw pa ta p menm di 2% paske kounya mw pa we anyen fi enplike ladann.

**Gas:** Mw te ka konsidere 2%, sa m fe m te ka konsidere, onivo kolektivite teritoryal yo fanm yo enplike nan yo. Men sa k vini pase, menm si fanm nan enplike, men desizyon k ap pran yo se

gason k ap pran yo. Li gendwa se nan katèl azèk, li gendwa se nan katèl majistra. Gen fi nan katèl azèk, gen fi nan katèl majistra. Menm desizyon k ap pran yo pou mw menm desizyon k ap pran yo se gason k ap pran yo. Menm si fi a la, li la pou konplete katèl la kòm yo te mande pou gen fi.

**Gas:** Pou pousantaj fi nan espas desizyon yo, sa se yon mantalite li ye. Ou souvan wè nan katèl majistra yo, azèk, kazèk yo toujou gen tandans menm si yo gen fi li ta gen konpetans, ou souvan wè fi a rete lakay li, yo di li paka kwòdonatris. Sa vle di gen yon mantalite yo gade fi yo nan komin nan. Si fi a gen kapasite, sa yo prevwa bay fè a l ap ka fè l byen, poukisa yo atache ak gason. Malgre nou konnen gen yon bagay ansyente yo toujou le masculin remporte sur le feminin. Mw pa konn si se bagay sa yo toujou mete nan tèt yo. Menm nan kolektivite sa yo ou konn wè gen de katèl ki fòmè, w ap gade fi a gen kapasite pase tou 2 gason yo, ki wol yo ba li se 3zyèm. Se kòm si li paka ni 2zyèm, ni premye, sa vle di gen desizyon fi pa kapab pran l. Sa lye pou jèn yo tou, w ap gade pwoblematik zòn ak komin si pa egzant peyi a t a vin ap dirije, jen ki konnen pwoblèm yo paske nou konn zòn nou, nou ale nan lòt vil yo, nou fè fakilte, nou konprann pwoblèm nan. Nou gen yon ansanm solisyon menm si se peu a peu nou te kapab pote pou komin nou. Nou te kapab di ba nou poze kandida pou kazèk pou t a gade kisa nou pote pou chanje sityasyon an, yo pral di kisa w kapab pote, timoun tankou w. Yo pap gade nivo, ni kapasite w. Sa vle di pou w kazèk oswa majistra fòk ou se yon ansyen. Y ap di w timoun tankou w sa w konn de politik.

#### **Kesyon 4**

**Gas:** Nou panse nan sans le yo di fòk jèn yo patisipe, fòk jèn yo konsene. Fòk li ka patisipe nan desizyon k ap pran nan kominote yo.

**Konsiltan:** Konsène avèk patisipe se pa menm bagay, se sa k fè mw vle nou klarifye. Yo kapab pran yon desizyon ki konsène w, men w pa patisipe nan desizyon yo menm.

**Gas:** Patrisipe antre jèn nan lokalite nan devlopman, se tout desizyon k ap pran yo fòk jèn yo bay avi yo nan desizyon an. Sa vle di la yo bezwen sèvo jèn yo paske yon lokalite avanse mw panse se sèvo jèn yo ki penmet sèvi e patrisipe nan langaj pa l. Nan lokalite mw soti, mw wè jèn yo, le desizyon pran yo degrennen paske chak desizyon ki pran pa gen moun ki ankadre yo. Paske si w ap fe yon aktoivite nan zon nan ou t a di men sa w ap fe, men sa w vle fe ou pap jwenn okenn

otorite ki pou ankadre desizyon sa. W ap wè jèn yo leve yo pati paske tout sa yo mete nan zòn nan li pa janm anmach. Mw menm k ap pale avèk ou la, ki fè mw la toujou se kè m ap kenbe fèm. Mw pa t dwe la paske tout jèn yo deplase y ale. W ap wè kote m rete yo toujou ap banm bouste pou yo di m poukisa m pa vin Sendomeng.

**Fi:** Daprè mw menm m pa gen okenn bagay mw t a ka ajoute paske patisipe se enlike jèn yo nan tout desizyon y ap pran.

### **Kesyon 5**

**Fi:** Non, li pa patisipe. Li chita, li la, li ka tandè men li pa bay avi. Li pa patisipe!!

**Konsiltan:** Patisipe a vle di fok moun nan pote kontribisyon pa l. Li pa annik vini, men li kontribiye, li patisipe, li mete bra pa l pou penmet dinamik la kapab avanse. Se sa ki lide patisipasyon an. Sa vle di le yo di fòk jèn nan patisipe, sa vle di jèn yo paka jis rete y ap asiste, y ap obseve, fòk yo enlike, fòk yo pote kontribisyon pa yo, preyokipasyon pa yo, lide yo ak bra yo.

### **Kesyon 6**

**Gas:** Mw mèt di neglijab.

**Konsiltan:** Poukisa se neglijab nou t ap mete. Pa bliye mw te di nou nan kominote a majorite moun yo se jèn epi mw we 4 moun di neglijab, sa vle di se yon opinyon ki lajman pataje.

**Gas:** Banm bay avi pa m. Mw menm rezon ki fe mw di jèn yo se nan echel la se neglijab mw t ap mete, konsta m fè nou pa enpòtan parapò ak moun k ap pran desizyon yo. Nou paka di nou pa enpòtan, pa enpotan an se parapò ak moun k ap pran desizyon, si nou pa t enpòten, mw menm jounnen jodi a mw pa t ap gen chans pou m patisipe nan seyans enfòmasyon an, se sa k fè mw di jèn nan neglijab. Men sa fè m santi tou se parapò ak tretman nou jwenn nan ki fè nou mete nou nan kategori sa. Se pa paske se nan kategori sa nou ye non, se tretman yo ba nou. Men jou yo konn enpòtans nou, nou ta dwe nan kategori ki piwo nan echèl la.

**Konsiltan:** Si m konprann selon ou menm rezon ki fè nou mete jèn yo nan kategori neglijab se parapò ak tretman y ap bay jèn yo. Men se pa parapò ak jan jèn yo viv tèt yo, wòl nou menm yo vle.

**Gas:** Men koman mw konprann li paske m we kesyon an gen 2 aspè ladann, Talè ou te di m parapò ak kesyon patisipe a. Èske nou menm jèn yo nou patisipe nan aktivite , èske pwoblèm nan se nan nou li ye oswa se nan moun k ap dirije nou an. Premyeman, pou m te fè klasman sa mw t ap fè 1 an 2 kategori. Nou menm jèn nan lokalite Baie de Henne, nou klase nan premye echèl la trè enpòtan. Sa vle di nou trè enpòtan pou lakay nou. Tout kesyon nou t ap poze sou kesyon neglijab la, sa vle di se nou menm ki pa vle fè aktivite lakay nou. Nou menm kom jèn Baie de Henne nou vle fè aktivite lakay nou, sa vle di pwoblèm nan se pa de nou menm li vini. Espas, andwa kote n ap viv la, yo pa ba nou enpòtans pou nou avanse. Mw fè lekòl primè Baie de Henne epi m al fè segondè ak 4 tran etid inivèsite m Gonayiv kote mw aprann syans edikasyon. Mw toujou ap poze tèt mw kesyon èske sa yo ap itil Baie de Henne. N ap wè Sendomeng kote tout ap jete yo, mw menm mw di lakay moun pa lakay mw, m oblije ap kreye strateji. Mw se yon ti jèn ki fini lakòl, mw pa gen okenn aktivite, papa m mouri se sou kont manman m ye. Mw pap travay, e lè yon ONG vini ou depoze yon CV, ou gentan wè moun ki antèt yo, direktè, majistra, yo gentan fè chwa yo depi anlè, yo gentan gen moun pa yo. Nou menm nou vle patisipe nan komin nou, men moun k ap dirije nou pa vle nou pase nòmalman pou nou vin nan faz trè enpòtan.

**Konsiltan:** Kisa jèn nan Baie de Henne ap fè kom aktivite ki pou penmèt yo gen revni, yo gen mwayen pou kapab genyen lavi yo, jere tèt yo. Kisa yo genyen kòm aktivite. Èske pa egzanzp moun yo fè agrikilti kòm aktivite. An nou di pa egzanzp si yo vle investi, ki kote nou t ap di pou yo t a investi pou jèn nan kapab gen yon revni?

**Fi:** Pou mw menm mw wè li t ap pi bon pou yo investi nan lopital,

**Dard:** Sa yo se de sektè sèvis yo ye, efektivman yo ka kreye anlwa. Men, si pou moun vin pran sèvis fòk li ka gen mwayen pou li. Jan Oscar sot di l la, pou lekòl la, si pou paran yo voye timoun yo lekòl fòk yo gen lajan, e fòk gen lòt kote k ap sipote kou a pou li.

**Gas:** Nan Baie de Henne kòm sta mw fè, si tout fwa yo ta vle investi nan yo sektè swa pou jèn avanse ladann, se nan agrikilti epi elvaj. Nou gen yon kantite dlo k ap gaspiye ak yon kantite tè ki pap fè anyen Baie de Henne. Epi fòme jèn nan, montre enpòtans pwodui lokal yo.

**Gas:** Lè m di agrikilti a se gwo koze a, m ap gade bò lakay mw, pi fò moun se elvaj yo fè.

**Fi:** Nan lokalite pa tèlman gen dlo, moun yo fè jaden yo. Lapli pa tèlman tonbe. Se elvaj oubyen komès.

**Gas:** Youn nan bagay ki viktim nou anpil, nou renmen imite, trè souvan sa nou imite a se pa li ki bon. Yon moun ou bay yon kòb ki pa ka jere, l ap gaspiye. Men gen moun ki gen konesans pou jere l men li pa genyen l. Sa m vle di pa la, chak kote yo gen jan de vi yo. Si w pran sa yo di Ayiti se yon peyi esansyèlman agrikòl. Se pa paske nou pa gen tè a, men se fason nou itilize l. Pou Baie de Henne, premye sektè si y ap investi swa pou jèn, swa pou nenpòt kategori a, l ap toujou sektè primè. Gen sektè ou manyen l ap viktim ou. Banm bay yon egzanp, te genyen yon pwojè pou manyòk, yo fin fè l. Yo sèlman vini yo fè kay epi materyèl yo pandanstan ou pa t janm gen manyòk ou pral transfòme a. Malgre yo vini yo te di y ap finanse manyòk, yo te kòmanse yo kanpe. Men sa ki bon pou yo a se fè bèl kay la epi achte materyèl byen chè mete chita pou kanni. Ou ka toujou manyen lòt sektè yo, men sektè pwensipal nou an toujou rete sektè primè agrikilti.

**Konsiltan:** Jèn medam nan Baie de Henne yo, kisa yo fè kòm aktivite?

**Fi:** Nou kapab di komès. Paske kounya si w jwenn yon fi, si l pap fè komès w ap jwenn li ap anseye. Yo patisipe nan agrikilti, men ou konnen zòn lakay mw, 3zyèm seksyon Mawouj prèske pa gen dlo. Se lè lapli tonbe yo fè ti jaden.

**Gas:** Pou jèn gason yo, se koupe pye bwa fè chabon, pou vann. Aprè sa w ap yo fe komès ak anseye.

**Konsiltan:** Ki komès yo fè, kisa y ap vann, kisa y ap fè kòm komès?

**Fi:** Gen moun ki achte rad pou yo revann. Genyen ki achte ti bagay epis pou yo vann. Lòt bagay yo achte pou yo vann paske pa gen pwodui agrikòl.

**Konsiltan:** Talè a nou sot pale de manyòk?

**Fi:** Gen lè ki genyen paske se pa yon bagay ki pèmanan jan w sot di l, se yon le konsa ki genyen l.

**Gas:** Yo konn al achte yo vin revann nan zòn nan.

## Kesyon 7

**Gas:** Espas mw t ap konsidere oparavan, men kounye la mw pa wè janm pral di l. Premyèman, Baie de Henne pa gen meri, li pa gen yon biwo de referans men, e desizyon Baie de Henne yo pa pou Baie de Henne. Se tankou menm jan pou Ayiti kote desizyon l yo soti Etazini a, se menm jan pou Bai de Henne, desizyon l yo pa pran Baie de Henne. Sa yo pran kòm desizyon an, li vin jwenn kèk konsène ki bay pozisyon pa yo. Se youn nan bagay nou viktim tou. Baie de Henne pa gen yon sant kiltirel, nivo jèn yo fèb, menm le yo gen yon nivo entelektyèl, yo fèmen nan yon ti kad, ni fi ni gason ki fè yo pè entegre nan de seri aktivite.

**Konsiltan:** Ann refè yon ti sentèz, ou konsidere espas desizyon komin nan pa pran nan komin nan. Men si yo pran yon lòt kote, ki bò yo pran?

**Gas:** Mw dakò a 50%, si m ap pran bò lakay mw se vre biwo a pa fonksyonèl. Men gen inyon, w ap gen yon gwoup CLPC ki se biwo pwoteksyon sivil. Epi chak mwa ou k we kazèk la pase tou.

**Focus groupe avec les OSC et OCB de Bombardopolis**  
**Local ADEMA, PADL**  
**Vendredi 27 Octobre 2023 (PM)**

**Entro:** se yon plezi aprè midi an pou mw resevwa noun an biwo POADN, Adema. Nou rasanble nou kad yon etid Adema ap fè. Men se pa Adema k ap fè etid la, men pito yon etid li kòmande ak mesye sa nou gen anfas nou an ki se yon sosyòlòg, se James Konsiltanouze. Li menm kl ap fè etid la pou nou, se yon etid n ap fè sou sitiyouyasyon jèn yo nan Nòdwès. Mw di nan Nòdwès paske li fè li ni nan ba ni na wo Nòdwès de konsè avèk IDE ki ap travay ak nou paske nou gen yon pwojè ki ankou la ki vize jèn. Nòmalman lè w ap fè de pwjè, si w pa gen de done syantifik ki reyèl, ou pap ka konnen nan ki direksyon pou ale. Yon pwojè ki aple pou fè nan 6 zan, fòk ou gen done vrèman pou konn ki direksyon pou pran. E apre 6 zan oubyen 3 zan an pou gade epi evalye direksyon w te pran an nan ki nivo w rive, kisa w fè ki palpab. Se sa k fè etid la ap fè nan moman an, déjà m ap kite nou avèk Konsiltanouze ki pral pran kòn nan pou kontinye ak nou.

**Konsiltan :** Jan Kris di l la, mw menm m la kòm chèchè nan kad yon etid antwoposoyolojik sou detèminan patisipasyon jèn nan espas kote desizyon yo ap pran. Anfèt, depi nou tandè etid, nou tandè rechèch se paske depi alabaz gen yon pwoblèm, e y ap eseye konprann pwoblèm nan. Y ap eseye klarifye pwoblèm nan pou yo kapab pran de desizyon parapò ak pwoblèm sa. Pwoblèm ki alabaz ki fè y ap fè etid sa, se pwoblèm patisipasyon jèn yo nan espas kote y ap pran desizyon, se mank prezans jèn fanm kou gason nan espas kote y ap jere ou gouvènè teritwa yo.

Bombadopolis se yon komin ki gen anviwon daprè done statistik yo IHSI te fè an 2015, ki gen 33 068 moun k ap viv ladann, tout seksyon yo konfondi. Sou 33 068 moun sa gen 20 715 ladan yo se jèn ki enkli ant 15 a 35 kan. Sa vle di pli pase mwatye popilasyon an, pratyikman nou ta gendwa di otou de 60% popilasyon an k ap viv nan komin nan se de jèn ki sitiye ant 15 a 35 kan. Rè 40% li pataje ant timoun avan 15 zan, sa vle 0 a 15 zan, e granmoun ki aprè 35 kan. Sa vle di, ann di nou ta kanpe deyò a, devan ADEMA epi n ap konte moun k ap pase pou rive sou 100. Sou chak 100 moun kip ase devan nou, 60 ladann se jèn gason ak jèn fi. E de fason spesifik, sou chak 100 k ap viv nan komin nan 54 nan yo se fanm. Sa se premye konsta yo fè, se yon popilasyon trè jèn e yon popilasyon majoritèman feminin.

Dezyèm konsta yo pral fè, yo pral remake plis n ap avanse nan espas y ap pran desizyon yo, espas gouvènans yo, espas de pouvwa yo, nòmalman ou te sipoze jwenn kategori sa yo ki pi reprezantatif e statistikman majoritè nan popilasyon. Men yo remake plis w ap avanse de espas sa yo, se mwens w ap jwenn jèn se mwens w ap jwenn fanm. Yo di anfèt gen yon pwoblèm, nòmalman nan jan teritwa yo ap òganize, amenaje, planifye e devlope, e pou yo kapab devlope de fason dirab fòk yo kapab se gwoup sosyo ki majoritè yo statistikman plis reprezante, fòk se yo ki dwe nan espas desizyon yo pou fè pase preyokipasyon yo. Kounya, parapò avèk se, yo menm yo kontrakte pou m vin gade ki rezon ki fè ou prèske pa jwenn jèn, ou prèske pa jwenn fanm, alòske yo majoritè anndan popilasyon an. Ou prèske pa jwenn yo nan espas kote desizyon yo ap

pran nan kominote a. Sa m ap di an li pa valab sèlman pou Banbadopolis, li valab pratikman pou tout komin ki sou depatman Nòdwès la, ni nan won ni na ba Nòdwès. Kounya, parapò avèk sa lè yo di m men kisa pwoblèm nan ye, mw fè yo yon pwopozisyon pou nou vin rankontre avèk popilasyon an. Mw pran swen pou m di sa se parapò ak kontèks n ap viv la ki yon jan trè difisil kote gen pwoblèm sekirite. Nou konnen tou, pwoblèm ki genyen parapò ak difikilte moun genyen pou deplase. Mw te kapab rete mw fè yon etid biwo apati done mw jwenn, gade sa ki ekri déjà sou kesyon an. Analize done yo epi m fè yon etid de biwo, e tout moun t ap konprann li paske li jistifye. Yo t ap di bon konteni de sitiyasyon an mw gendwa pa vin sou teren. Mw menm parapò ak jan mw abòde kesyon sa yo an jeneral, mw di tèt mw kèlkeswa jan sa ye fòk mw vin sou teren pou m vin kontre avèk moun nan kominote. Paske menm si m kapab fè yon teyorik apati de done mw jwenn sou entènèt, oubyen de liv mw li. Men, lè w vin rankontre avèk popilasyon yo, li gen de eleman anplis li pote ki pi pètinan e ki pi koresponn. Se nan kad sa mw fè kolèk sou wo Nòdwès semèn dènyè a, e semèn sa, depi avanyè mw sou ba Nòdwès m ap fè kolèk epi rankontre avèk moun.

Bon, mw sible globalman parapò ak tit pwoblèm m ap abòde a. Mw sible plizyè kategori, prensipalman kategori jèn yo, mw rankontre pou m diskite avèk yo de sou pwoblèm nan Men, mw di pwoblèm nan pa konsène sèlman jèn, kòm pwoblèm nan konsène tout kominote an, tout kategori k ap viv anndan kominote an. Anplis de jèn yo mw rankontre, mw rankontre tou manm òganizasyon sosyete sivil nan kominote a de baz, òganizasyon fanm, elt. Se nan kad sa m ap rankontre avèk nou pou nou pale de sitiyasyon jèn yo nan Bonbadopolis. Kisa ki karakterize yo, kisa yo konfwonte kòm difikilte, e nou menm si nou gen de eleman ki penmèt nou konprann poukisa jèn yo prèske nan espas desizyon yo, aprè sa pou nou gade konkrètman kisa ki kapab fèt pou yo patisipe. Men mw pral mande nou chak pou fè yon ti prezantasyon, konsa pou m ka konnen ak ki moun mw annafè, ki òganizasyon nou reprezante. Si nou soti nan de espas oubyen seksyon pou nou di kibò nou sòti. Epi avan pou nou pran kesyon ki pi spesifik yo. Mw pa konnen si nou sezi ti prezantasyon an trè klèman kisa pwoblèm nan ye ?

**AGL :** Mw se Jean Charles Agelin, kwòdonatè pedagogik pwogram edikasyon ministè edikasyon nasyónal.

**Paul :** Non pa m se Paul Enock, mw se yon ansyen ADEMA, mw travay sitou nan kesyon jesyon risk ak dezaz. Mw ka di mw se yon pwomotè nan kesyon aktivite spòtif ak de jèn sitou, mw gen yon ti lekòl, yon akademi spòtif ki rele Toup pou yo.

**Bèti :** Mw se Berti...Mw se asistant sektè EFAPANI

**F.R :** Mw se Fresnel Rigot, mw se kazèk premye seksyon ba platfòm ki sitiye nan komin Banbadopolis kote nou ye la.

**FD :** Mw se Frasenel Dupré, Mw se anseyant nan lekòl EFAPANI.



**S.M :** Mw se Sainfil Mimose, mw se oksilyè k ap travay nan dispansè, plis mw se yon kòdonatris asosiyasyon fanm ki nan dezyèm seksyon, ki gen sig li AFDDDB, kisiyifi asosiyasyon fanm.... Bonbadopolis.

**J.M :** Non pa m se Joseph Mackenson, responsab direksyon lekòl EFATANI.

**Konsiltan :** Bon, mèsi pou ti prezantasyon yo. Avan nou kòmanse m ap siyale nou m ap anrejistre antretyen an, rezon an kòm mw sou tout depatman an, mw fè memwa m konfyans, m ap pran nòt tou. Men, dèfwà sa konn rive mw bezwen retande antretyen an pou m ka asire m, rapò m ap fè a li fidèl ak sa moun yo te di pou m pa konfonn. M ap mande pou nou kapab pale yon ti jan fò.

### **Kesyon 1**

**Rep1-** Alò, si nou ta vle dekri sitiyasyon jèn nan Bonbadopolis e atravè tout peyi a.

**Konsiltan :** Èskize, lè yo poze moun yo kesyon sa, gen yon tandans pou moun yo jeneralize l. Pa egzanp, si m vini nan Bonbadopolis gen yon pwoblèm, spesifikman mw ta renmen nou pale de pwoblèm pan ou, men se pa pou tout kote. Mw ta renmen nou pale pwoblèm jèn Bonbadopolis.

**Rep-1-** Anfèt, ou gen yon jenès Bonbad. Mw t ap tande nan entwodiksyon an, mw tande w di enplikasyon jèn yo. Mw pa konnen si se filozofi politik la depi alabaz, majorite jenès la pa janm enplike. Se kòm si sektè jenès la pa gen yon reprezantan pou pote doleyans jenès yo onivo leta ak enstans yo, ki pou ta di men ki pwoblèm jèn yo ap andire sitou onivo Bonbad. Sa lakoz, jenès nou te gen lontan an se pa li nou genyen jounen jodi a. Nou gen yon jenès ki lage parapò ak pwoblèm ekonomik. Gen nan yo ki fini lekòl klasik yo men kip a gen mwayen pou li ale nan inivèsite. Sa vin fè vin gen yon to delakns k ap devlope onivo kominote a, lè jèn nan ap panse gen yon lè lit a dwe responsab tèt lie pi y al lage kò yon an bwè alkòl. Sa vin fè gen de bagay ou pa t konn wè Bonbad, kote vin gen plis ti gwoup jèn gason chita sou ti pay fòm ti baz pale ansanm, men sa ki priyorite pou yo se bwè alkòl. E se de bagay nou pa t konn wè nan Bonbad, kote jèn nan pa bezwen konn kiyès ou ye pou l mande w. Men se pwoblèm ekonomik y ap konfwonte parapò yo pa gen anyen y ap fè. Gen anpil ki tèmine ak etid yo se vre, k ap panse avèk peyi an, menm lè di piga m globalize l mw oblije di l. Yo rive yon moman yo di, nan Bonbad se pa moun ki reziye k ap viv ladann, men se moun ki pa kapab. Sa k ap devlope nan tandans yo, se swa yo t a jete yo Meksik, oubyen si yo gen moun ki t ap aplike pou yo nan Biden, ou pa t ap wè jenès la Bonbad ankò. Nou gen yon jenès ki dezespere, pou yo se kòm si lavi pa ofri yo anye. Majorite jèn w ap jwenn, sitou Bonbad, paran yo fè anpil efè avèk yo, pifò trè avanse nan etid yo, yo fini lekòl. Men yo paka al nan inivèsite paske paran yo pa gen mwayen.

Leta pa desantralize tout sèvis nou ta dwe jwenn yo nou paka jwenn yo lakay nou. Se swa Pòtoprens oubyen Pòdepè. Alòske, pa gen mwayen pou yo nou ale Pòtoprens. Jounen jodi a, sa ki te Pòtoprens oblije retounen Bonbad vin chita la san yo pa gen anyen y ap fè paske Pòtoprens kouri dèyè yo. Tout sa yo se de pwoblèm !!

**Konsiltan :** Èske gen moun k ap fè yon ajou ?

**Rep-1-** Wi, m ap di yon ti pawòl. M ap fè yon sèl ti ajou, pa gen inivèsite Bonbad, pa gen lekòl pwofesyonèl. Pa gen anyen ditou pou jèn nan. Sa vle di lè timoun nan fini lekòl paran an paka fè anyen pou li, li oblije lage Bonbad. Yo pa jwenn yon aktivite, pa gen yon travay. Paran y opa gen mwayen pou t a ba li yon biznis, yo pap fè anyen ditou. Sa vle di, ti jèn Bonbad la, li lage li pa gen pensonn.

**Rep-1-** Lè nou pran sitiyasyon jèn Bonbad, se kòm si jèn yo lage. Y opa gen anyen pou yo fè. Men se pa yo ki responsab sitiyasyon an. Okontrè, moun ki la déjà, ki te dwe asire pou avni yo. Majorite jèn kounye a vle pati, m ap menm mande èske etid nou te avan an pap pral fose paske pifò jèn nan Biden., pral nan Nikaragwa. Mw t ap eseye gade nan premye tan, sitou de seri de jèn medam ki anfòm epi w wè l ap mande w. Mw di kèt moun sa ap mande, si l te yon moun ki te gen yon aktivite li pa t ap mande. Kesyon desantralizasyon an se yon bagay ki fondamantal. Nèg yo di l aloral men yo pa janm ateri. Omwen si yo te ateri nou t ap jwenn ke bagay. Oksilyè a sot pale de lekòl pwofesyonèl, timoun nan t ap aprann yon bagay. Konsa li ta ka chanje anviwonman, li pa aprann anyen. Li nan yon espas kote li la, men li pap fanksyone.

**Rep-1-** Sa te ka di ankò, sitou nan zòn Bonbad. Se premye zòn mw rankonte kote ni jenès ni granmoun ap viv sou kont lapli. Depi lapli pa tonbe nou pa gen resous. Sa yo konn fè se gadinaj, jaden pou pran swen timoun yo. Lè yo fin fè tout efò pou voye timoun nan al etidye, pafwa sa ki vin jwenn kòm rezilta, se bandi ki touye timoun yo. Yo pa menm fin rive ak sa yo te reve a, tout sa l genyen tout fini. Ni paran ni timoun , nou tout oblije fou nan yon zòn. Sa w te konn ap achte pou 500 goud, kounye a w ap achte l pou 5 000 goud. Ou pa wè kote pou w fè 500 goud la, alewè 5 000 goud. Kounya ni manman ni pitit leve youn ap gade lòt nan je. Pitit la vin rayi paran an, e paran an vin rayi pitit la. Se pwoblèm lavi ki penmèt yo rive la. Lè nou gade jèn yo, nou wè y opa gen avni y opa gen resous, tout sa nou eseye fè se lave men siye atè. Politik peyi a mete nou nan yon sèka tankou poul yo mete nan kalòj. Menm lè pa t a gen desantrakizasyon, men si te gen sekirite nou te ka fè yon bagay. Pa gen sekirite pa gen desantralizasyon, kisa pou nou fè pou yo. Yo oblije tonbe nan tout sa kip a bon. Se pitit nou tout ki koz paske jenès la pa gen yon leta pou pran li anchaj.

**Konsiltan :** depi yo pale nou de jèn Banbadopolis, èske se pwoblèm yo ki toujou monte nan tèt nou ?

**Rep-1-** Wi, paske tout tan yo nan chomaj, tan pou tandans pwoblèm nan pap desann, se moute pou li moute. Tout timoun tonbe nan fè pitit, ni ti fi ni ti gason nan koze gwosès prekòs nan kò nou.

**Rep-1-** M ap sèlman fè yon ajou. Youn nan bagay mw konstate nan jenès Bonbadopolis, majorite nan yo gen volonte pou travay. Pi gwo baryè yo genyen se parapò ak jan peyi a vin ye, yo oblije repliye sou yo menm. Aktyèlman la gen yon pwogram Biden jan kazèk la sot di l, pifò se sa ki nan tèt yo, pou yo kite non selman Bonbad, men peyi a tou. Bonbad, kote l plase a, li nan

yon zòn ki vrèman tanpere, e mw pa t ap twò pale de ensekirite pou Bonbad. Sa ka rive gen zòn ensekirite a bay plis pwoblèm, men pou Bondadopolis, tout moun viv alèz parapò ak gran vil yo. Se vre gen pwoblèm men jenès la vrèman renmen plezi, yo defoule yo le gen aktivite. Pa egzanp ou kapab rive nan veye, ou wè se jèn nan ki pote solidarite yo avèk fanmi an, kote yo pote sipò yo ak fanmi an ki frape pa dèy la. Jenès la vrèman solidè, pwoblèm nan dezespwa pou demen e se pi gwo pwoblèm jenès la. Potoprens se te sèl kote jèn yo te fokis, pou al aprann yon pwofesyon e menm pou etid klasik ak inivèsitè. Men, akòz tout bagay yo santralize yon sèl kote, sa vin fè jèn yo pa gen espwa, se kite peyi a. Youn nan bagay ki fè yo reziye yo se ti plezi yo. Si w ta mete yon aktivite kote jèn nan ap defoule, e li retwouve l, l ap la. E nou vrèman renmen wè sa. Gen de otorite nan zòn nan ki konn esye kreye de aktivite pou ede jèn yo evolye, fas ak kontrent ekonomik yo genyen, fè yo pa kapab. Gen ladann ki fè tantativ pou kreye aktivite pou kenbe jèn lakay li pou l devlope l. Malerezman yo pifò nan yo paka reziste, e ti grenn k ap reziste yo vrèman piti. Men sa ki gen ti aktivite y ap fè, ki pou l ta ede lot yo, li vrèman piti. Ann pran pa egzanp, youn ki gen yon bagay l ap fè, epi gen 50 lòt ki pa genyen l, yo oblije fokis sou li. Alòske sa l genyen an vrèman piti. Nou vin gen yon jenès, ki pa jan l te ye lontan lontan, kounya li vin an rekilon. Jounen jodi a, si jenès la ta gen yon sipò oubyen yon ankadreman, se "sur" n ap gen yon lòt Bonbad.

**Konsiltan:** Anfèt gen 2 kesyon m ta renmen poze parapò ak kesyon gwos prekòs la. Si n ap byen gade, anfèt depi 40 a 50 tan, kesyon seksyalite pa mache ak pwokirasyon. Pandan lontan yo te konn eseye konekte yo, men depi 50 tan, yo pa mache ansanm ankò. Sa vle di w ka gen gwo vi seksyèl san w pa oblije fè timoun. Èske sa ta vle di, nan Banbadopolis jèn yo pa gen okenn metriz de kò yo, yo pa gen kontwòl de sa k ap pase nan kò yo, nan seksyalite yo. Oswa, yo pa gen okenn espas kote gen de akonpayman ki fèt ak yo, pou yo konnen peryòd adolesans, pou prepare timoun nan pou l travèse etap sa pou al nan jenès yo. Paske gen yon bann chanjman, ak mitasyon k ap fèt nan kò li ant pratikman de 10 a 14, 15 zan. E se de pwosesi ki nòmal e ki lye ak kò moun nan. Men, lòt kote yo amenaje de espas pou yo aprann timoun yo kontwole kò yo avan yo vin jèn, sa yo se de eleman ki egziste. Èske sa vle di nan nivo kominote pa bò isit, jen yo pa gen akonpayman nan sans sa.

**Rep-1-** Pou m ale dwat, gen kèk ti efò ki kòmanse ap fèt sou pwèn sa. Pa egzanp gen kèk enstans ki kòmanse ap reyini moun pou fòmè moun sou pwèn sa. Fòmè jèn yo, yon fason pou yo kòmanse akseptè chanjman k ap fèt nan kò yo. Pou yo konnen kijan yo dwe konpòte yo e pwoteje tèt yo kont de seri de bagay. Men avan, mw paka di pa t genyen, men li pa t konn twò fè edikasyon seksyèl jèn yo lakay yo. Epitou, paran yo pa gen ase de bagaj pou bay timoun yo, e espas ki rezève pou sa se 2 sèl moun ki ladann yo. Mw panse gen ti efò ki kòmanse ap fèt nan sans sa, e ki ta dwe gaye plis yon fason pou ti medam yo pa twò ansent.

**Rep-1-** Enstitisyon eskolè yo kounya fè anpil jefò nan sans sa. W ap jwenn gwosès prekòs la chita lakay timoun ki mwens avanse nan lekòl. Timoun nan gen yon nivo li rive, li gen yon refleksyon li ka fè. Se vre li kapab nan mizè, se vre gen sitiyoasyon li twouve l, li gen yon efò li fè ak tèt li menm lè gen de bagay li livre ladann, li chache pwoteksyon pou tèt li. Li pa fè l konsa, li

pwoteje tèt li. Non sèlman pou maladi, men pou ansent tou. Sa ki mwen fòme yo oubyen ki pa gen yon nivò entelektyèl, ou jwenn sa plis repete lakay yo. Nou menm atravè enstans nou mete chita yo, dapre dyagnostik nou fè, analiz nou fè se menm bagay la nou jwenn. Li klè, yon timoun 14 oswa 17, 18 tan ki tèmine etid klasik li. W ap we gen yon ansanm bagay li te aprann nan klas li ki pèmèt li gen yon matirite pou l jere tèt li. Alòske, gen timoun ki gen 19, 20 lane ki pako rive menm nan 9vyèm ane, w ap wè gen yon ansanm bagay pou l te wè lekòl li pa gentan rive ladann, se «sur» vi timoun sa plis ka pase mal. Se youn nan rezon, w ap wè anndan lekòl yo, minister a te kòmanse yon travay konsa sou kesyon sa. Mw panse si tout fwa li kontinye menm onivo Bonbad kote w ap jwenn timoun nan pa twò fokis sou edikasyon. Depi rive yon lè li ka ekri non sèlman epi li fini. Sitou kote delekans nan ogmante, kote w ap jwenn gwosès prekòs la ap vale teren. Se vre se pa sèl enstitisyon eskolè, mw panse legliz gen yon wòl yo dwe jwe nan sans sa tou. Se pa sèlman montre jèn nan li pral nan syèl tou vivan fòk yo fòme yo sou pwèn sa, pou l konnen bondye pa di yo mete prezèvatif se peche. Sa vle di lachè vle di li vle satisfè l, dayè se pa tout moun ki respekte bagay la ala lèt, se yon bezwen kò a genyen. Pafwa moun yo kache pastè pou yo fè l. Lè moun yo ansent, li di yo nou pap ka marye isit la, nou pral marye yon lòt kote. Menm si w ap preche moun nan anlè sèlman.

**Rep-1-** Nan gwosès prekòs la, legliz te sanse konplis. Gen de pafwa, paran an pèdi kontwòl timoun yo, se lè yo di y al nan lajenès depi bò 10zè edmi, tandiske lajenès la se a midi. Li gentan pase yon lòt kote avan li ale. Ah, legliz konteste metòd prezèvatif la. Gen yon pastè ki te di sa, se bondye ki bay pitit, li menm li reziye l. Men kounya, parapò ak sa ki genyen Bonbad la, gen yon ti jefò k ap fèt. Poukisa m di sa ? Parapò ak apui, lide sektè edikatif la rantrè ladann, legliz, vodou rantrè nan dinamik lan pou nan sant rasanbleman yo, pou nou gen yon mesaj n ap bay jenès la. Non sèlman pou yo konnen kò, pou yo pwoteje tèt yo kont gwosè prekòs e maladi moun kapab pran nan fè bagay. Se toutafè nòmal paske gen timoun nan fè bagay enkanè nan lespri l, depi 13 zan li vle fè. E ou paka di l paka fè l, paske pandan w ap di l paka fè l, men fòk ou di l dwe sèvi ak yon prezèvatif. Gen yon travay menm onivo lajenès nan legliz yo. Lontan, pastè y opa konn antre nan dinamik yo, kounya gen yon efò yo fè ak bagay la dènye tan sa yo.

**Rep-1-** Mw gen yon ti ajou mw t ap fè, jiskaprezan gen de pwòch de gwosès prekòs mw idantifye parapò ak kèk zòn epi m obsève. Men se pa zòn kotyè, pèp ayisyen se yon referans nan gwosès prekòs. Gen timoun kip ako gen 20 tan, li gentan gen 2 pitit e ka sa atire atansyon m. Zòn sa m ap poze tèt mw kesyon, èske se parapò ak anvivonman an. Èske se parapò ak fwi de mè yo, oswa se parapò nivo entelektyèl yo kip a asimile ase ?

**Rep-1-** Nan zòn kotyè a, majorite paran yo pa pa gen kontwòl kò yo. Sitou lè peryòd chalè, paran lè li konnen timoun nan anndan kay, li kouche nan sab la, lè yo tou dòmi la jiska idemen. Ou jwenn granmou tou, ki prèske mache toutouni, e timoun yo la tou. Granmoun tankou timoun viv tankou bèt (eskize m pou ekspresyon an).

**Rep-1-** E depi yo fin bwè yo pa wè lòt bagay pou yo fè, se fè bagay. Se sa ki rezilta a.

**Rep-1-** Pou m kontinye nan sans nou ale a, mw santi nou pentire tablo a sonb. Paske mw menm nan eksperyans mw fè, mw twouve lakay jèn yo gen yon pakèt potansyalite. Sofke, youn nan pwoblèm mw genyen avèk yo, yo wè bagay la kout. Y opa pasyan, pou yo menm kote manje a sou dife, fòk yo ta tou jwenn li pou yo manje. Petèt se youn nan faktè ki koz yo echwe anpil. Yo pa gade bagay la lwen, yo plis pran li kout. Si nou pran egzanp kesyon ki gen rapò ak aktivite kiltirèl, petèt jèn Bondad se nan spò mw ka mete l. Si nou pran Janrabèl ak Bonbad, antèm

aktivite spòtif nou devan. Jèn nou yo, non sèlman yo motive, yo gen potansyalite e w ap di tèt ou kisa yo manke. Sa yo manke se petèt pasyans.

Youn nan bagay mw wè nou pa touche, sou kesyon y ap pati kite peyi a. Men tout moun pap ka pati. Gen de jèn la, pi gwo bagay ou ka ofri l se yon motosiklèt. Se yon sektè pou mw menm, yo jis di tèt yo, yo paka pati, y opa gen fanmi lòtbò, yo pa gen kòb. Pi gwo bagay mw ka jwenn la se yon motosiklèt. E sa gen gwo risk, depi w kite timoun nan rantre nan chofè taksi, li pral bay gwòs. Ou konn sa sa vle di, li pral oblije gen fanm k ap viv nan kay avè l. Sa pral bay lamizè.

**Rep-1-** Lòt bagay mw ka ajoute, se koze aza ak paryaj la. Lè w gade yon ti gwoup jèn ak telefòn andwoyid yo, se pa rechèch y ap fè, se zafè paryaj.

## Kesyon 2

**Konsiltan :** Èske w konne nan Banbadopolis, de jèn ki gen ant 15 a 35 kan, ki gen de responsabilite nan komin nan. Ki gen pòs de gouvènans, pòs administrasyon, kote kominote a bay responsabilite ?

**Rep-2-** Alò, mw panse jan m te di an, se pa kominote a ki ba yo responsabilite. Sa ka rive gen jèn ki nan franch laj sa ki gen responsabilite. Se konpetans li ki ba li l.

**Konsiltan :** Banm klarifye pi byen kesyon m nan. Lalwa ayisyèn, nan konstityisyon 1987, rekonèt laj minimal pou yon moun si li vle vin majistra, depite, manm konsèy administrasyon seksyon kominal yo, laj li egzijè se 25 kan. Sa vle di depi yon jèn ou gen 25 kan ou vle pote kandidati w pou yon vizyon. Men, èske anndan kominote a yon jèn ki 25 kan, kominote a santi yo ka ba li responsabilite ?

**Rep-2-** Se pa paske yo pa gen desten, sa depan de konpòtman jèn nan. Men sa pako janm rive fèt. Lè di konpòtman jèn nan, ou konn jwenn de jèn ki di entèl twò awogan mw pap vote l. Se yon analiz mw fè de konpòtman moun parapò ak fason li pale ak awogansite. Gen kèk nan yo ki ka fè yon analiz de konpòtman yon moun avan y al vote l. Sa ka rive yon moun ki gent franch laj ou di an li rive majistra parapò apatenans li ak yon kouran politik ka fè li majistra menm nan yon tranzisyon. Men ale nan eleksyon, li difisil paske popilasyon an fè yon analiz de konpòtman moun nan avan li vote l.

**Rep-1-** Nan sans sa, mw ka di gen yon pwoblèm enplikasyon jèn yo. Yo manke fòmasyon pou yo konnen kijan pou yo enplike yo nan de seri de bagay. Sa ka lakòz kominote a ka pa gen konfyans pou aksepte jèn nan pòs la. Si te gen fòmasyon ki fèt, jèn nan konnen kijan pou l enplike l, se «sur» lè sa l ap ka enplike l.

**Rep-1-** Nan franch laj sa, li pako janm fèt, paske nou te nan inyorans. Nou te toujou di, a ti laj sa èske entèl ka dirije tèt pòs, èske li ka fè tèt bagay paske li gen ti laj, se timoun li ye. Se paske moun nan pa fòme, paske si moun nan te fòme li t ap konnen li te ka fè sa a nenpòt laj. Nou pa t konn konfyè jèn nan laj sa pou jwe wòl sa yo.

**Rep-1-** Se vre jenès la ka nan de seri de bagay, men sa pa vle di y opa reflechi. Epòk eleksyon, jèn ki pou ta vin pote tèt li devan popilasyon pou di men li, li vle osèvis yo. Sa pako janm devlope. Depi 2020, parapò ak jèn nan kominote a ki bay sèvis yo. Popilasyon an kòmanse satisfè de travay yo antreprann nan kominote a. Jenès yo ap tann yon eksperyans ak yon jèn nan

pòs sa yo parapò ak sa yo fè nan kominote a. Parapò ak jan peyi a vin ye a, gen anpil bagay ki paka mache. Men jiskaprezan jenès la gen de jèn yo fè konfyans. Se vre kapab gen echèk, men yo detèmine, yo vle fè yon eksperyans avèk lajenès parèy yo.

**Konsiltan :** M ap eseye fè yon ti sentèz de sa nou di la yo. Sa m kapte, te gen yon sòt prejije parapò ak jèn yo anndan kominote a, ki fè nan nivo Bonbadopolis nou te panse gen de tach yon jèn te kapab ranpli, se paske li twò jèn, li gen matirite li pa t ko genyen. Se sa 3 premye moun yo te di. Men ou menm ou vin ajoute, aktyèlman gen yon sòt de chanjman mantalite k ap fèt, kif è kominote a ta pi dispoze pou yo ta konfye desten komin nan ak de jèn kif è prèv. Èske mw sentetize egzaktman sa nou te di yo.

Mw ta renmen konnen parapò ak chanjman mantalite ki genyen nan nivo jèn yo. Èske gen chanjman sa bò kote medam yo. Mw vle di fanm yo de manyè jeneral e jèn fanm yo nan kominote a. Gen de fanm ki an pozisyon de responsabilite, oubyen de jèn fanm ki dispoze yo ta ka bay responsabilite sa, oryante desizyon yo. Mw ta renmen tandem edam yo dabò sou pren sa.

**Rep-2-** Pou mw menm, mw vin wè fanm yo evolye kounye a. Fason yo konn wè fanm yo lontan se pa

**Focus groupe avec les Jeunes de La Tortue (AM)**  
**Local de ID**  
**Mardi 24 Octobre 2023**

**Entwodiksyon**

**Prezantasyon**

*Prezantasyon patisipan yo, ki difisil pou fèt akoz twop bri epi moun yo pa pale fò*

**Kesyon 1**

**Konsiltan :** n ap rantre rapidman nan kesyon yo. Si yo ta mande nou pou n pale de sitiyaasyon jèn yo anndan La tortue kisa nou t ap ka di sou li ?

**Rep 1:** Pale de Jèn lan nan La tortue il on jan konplèks paske jèn yo livre a yo menm. Nan la tortue pa gen estrikti pou fè jèn yo évolue. W ap jwenn gen delenkans juvénile. W ap jwenn on pil jèn fi ki ansent, sa yo se konsta m fè.

**Rep 2 :** mwen ta prale sou menm sans avèk kòlèg mwen pou m di nan la tortue n ap konn sitiyaasyon difisil, paske jèn yo pa patisipe nan desizyon yo sa ki vin fè jèn yo pa vrèman gen yon espas pou yo rekreye yo, pou yo fè deba, sa vin rann anpil nan jèn yo oblije ap konsome dwòg bwè alkòl ki vin fè jèn ki ta dwe al lekòl se yo menm ki chita tout jounen nan baz, jèn sa yo se nan sitiyaasyon difisil sa yo y ap viv. E bò kot medam yo w ap jwenn yo tonbe nan sa k rele gwosès prématuré nan laj 15 17 lane. Sa ki vin fè jèn yo ki sou zile a nou manke aktivite ki ka pèmèt nou konsyantize e menm bagay pou yon chanjman.

**Kesyon 2**

**Konsiltan :** Si yo ta mande nou pou nou fè yon estimasyon a pati sa n wè pou n ta bay konbyen jèn ki enplike nan aktivite gouvènans zile la tortue, ki pousantaj jèn nou t ap ka di ki genyen konsa.

**Rep 1 :** Nou t ap ka di 10 à 15%

**Konsiltan :** Si yo ta poze n menm kesyon sa pa rapò a fanm a ki pousantaj nou t ap estime l daprè obsèvasyon nou ?

**Rep 2:** 4 a 5%

**Konsiltan :** E lè sa nan ki top aktivite nou wè yo enplike ?

**Rep 1:** Nan edikasyon ak foutbòl

**Rep 2 :** E fanm yo se nan komès ak edikasyon

**Konsiltan:** Nan komin lan kisa ki genyen kòm sèvis sosyal, sa vle di tout eleman nou konsidere kom fondamantal pou amelyore lavi an jeneral tankou dlo lopital edikasyon nan tout Nivo elekrisite, koman sèvis sa yo ye nan zile a?

**Rep 1 :** Pou gen okouran se chak moun ki posede yon ti batri lakay yo, se bagay pèsònèl yo. Pou santé a nou gen yon lopital referans ki se lopital ...pafwa gen moun ki bezwen al lopital ki prefere pran bato pou ale pòdpè.

**Rep 2 :** E lopital sa ki genyen la tou pa gen tout sèvis ki fè moun yo oblije ap lopital beraka lòt kote.

**Rep 3 :** Nan Nivo edikasyon nou fè efò men Elas kantite timoun ki ta dwe al lekòl pa rive fè sa. E pou lekòl segondè a gen zòn ki pa touche, w ap wè pou timoun lan kontinye al lekòl li oblije al Pòdpè oswa lot kote. Pa gen inivèsite La tortue.

**Rep 4 :** Nan Nivo pwofesyonèl, gen yon lekòl nòmal nan premye sesyon. Se yon gwoup jèn ki mete inisyativ sa sou pye.

Leta pa gen 20 moun l ap peye nan kominote a. Se kèk grenn doktè ak kèk grenn pwofesè ki nome nan leta, apres a pa gen twòp moun leta peye.

Pou dlo a se legliz katolik ki panse ak karitas ki fè yon kaptaj dlo ki fè w ka pran dlo kèk jou nan semèn lan. Men kanta pou Leta sasantral.

Malgre Karitas fè sa li pa ka reponn a bezwen popilasyon an.

**Konsiltan :** Pou jèn yo ki sa ki genyen kòm sèvis espesifikman ? Moun ant 15 ak 35 lane.



**Rep 1 :** Mwayen pou jèn yo nan moman se foutbòl chak vakans. E se apati yon seri inisyativ prive. Ministère espò te fon pase La tortue depi 2011 2012.

**Rep 2 :** Youn nan sa jèn yo se lekòl. Depi yo fini ak etid klasik yo. Pa gen lòt aktivite.

**Konsiltan:** Eske gen jèn ki inove ki vin ak bagay ki orijinal ban kominote a, eske gen jèn nou konnen konsa?

**Rep 1:** Wi m konn jèn konsa nan 10èm seksyon men ou wè li pa gen ase mwayen. Li konn fè bagay atisanal.

**Rep 2:** Nan premye seksyon gen yon gwoup jèn nan ane pase yo lè yon jèn fin fè filo se travèse lanmè. Men yo menm yo monte yon lekòl nòmal pou satisfè jèn yo.

**Konsiltan :** Lèn tande y ap pale de kondisyon lavi kisa sa vle di pou nou ?

**Rep 1 :** Mwen m ka pale de estrikti popilasyon an ak bezwen li genyen. Popilasyon an dwe viv ak sa li genyen pou l satisfè.

**Rep 2 :** Se fason y ap viv.

**Dard :** Si yo ta di nou jèn yo gen bon kondisyon lavi kisa nou t ap di ?

**Rep 1 :** Ditou. Pou w byen viv gen seri bagay ki dwa an plas tankou fok pa ta gen r santé pa gen pwoblèm manje epi jwenn lwazi ak sekirite. Men si w pa ka jwenn sa yo ou pap viv bye. Paske pou m byen viv fok santé m bon fok m gen yon rantre chak mwa oswa yon biznis yon travay. Nan sans sa m t ap di popilasyon an pap jwi de yon bon kalite lavi.

**Konsiltan :** Si yo di nou patisipasyon kisa mo sa vle di pou nou ?

**Rep 1 :** se entegrasyon jèn yo nan sosyete a,nan aktivite k ap fet yo. E pafwa ou ka a fè yon aktivite pou jèn yo wi epi ou wè yo pa ba l enpòtans. paske tout pwoblèm jèn yo se pwoblèm akonpayman. Jenès la pa patisipe.

**Konsiltan :** Le w di patisipasyon kisa mo sa vle di pou nou ?

**Rep 1 :** Pa egzanzp si w lanse yon kanpay pou bale lari a la ou pap jwenn 15 jèn avè w non paske sa w ap fè a yo pa wè benefis yo ladann. Ou vin wè pa gen espwa pou jenès la e tout sa w ap fè se afè w ap regle.

**Rep 1 :** Mwen pa konn si sa te toujou konsa, fòm ta mande moun ki te la avan yo pou n konnen koman nan tan pa yo koman jèn yo te ye.

**Rep 2 :** Mwen sa m te la di pou m gaspiye sa l sot di a , rezon ki fè jèn yo pa rantre nan aktivite ki ka benefik pou yo se paske yo toujou ap gade gen bagay se leta ki ta dwe fè yo e se pa wòl pa yo. W ap wè le gen yon aktivite espòtif yo patisipe men nan lòt bagay yo ret lwen. E se sa k fè ou wè jèn yo konn de kote nan koze gouvènans.

**Konsiltan :** Kisa nou ta ka di zile a ofri yon timoun ki gen pi piti pase 18 lane ?

**Rep 1 :** M pa wè kominote a ofri timoun sa yo anyen. Sel sa li ofri yo se kleren

**Konsiltan :** Si gen yon echèl ki gen kat mach sou li, ou gen neglijab, pa enpòtan, enpòtan, trè enpòtan, ni plas nou t ap di jèn yo genyen sou echèl sa ?

**Rep 1 :** M t ap di neglijab (men yon lè y ap gen bezwen yo, tankou lè gen eleksyon)

**Konsiltan:** Ki aktivite ekonomik yon jèn ki la tortue fè pou ki ba l yon revenu revenue ki ka pèmèt li viv ?

**Rep 1:** Gen plizyè aktivite yo ka fè. Tankou yon moun ki konn fè enfòmasyon il ka achte materyèl yo epi l fè kopi ak enpresyon. Yo konn al aprann repare telefòn, yo vann pappadap, to la lanse yo nan sektè pèch la, yo ka fè chanm fwad. Yo ka kiltive tè a tou paske tè a se yon tè kiltivab.

**Konsiltan:** Eske gen anpil jèn ki ap travay nan sektè agrikòl la sou zile a?

**Rep 1:** Wi genyen anpil jèn ki ladann men yo fè yon sistèm otokonsomasyon, yo konstwi pou tèt yo. Wi gen lot moun ki konn vin dèyè men sa yo fè a li otosifizan. Pa gen yon estrikti ki mete an plas pou ta estime pwodwi yo pou n ta ofri yo bay lòt zòn oswa vil ki tou pre yo. Epi kantite pou yo ta dwe pwodwi a yo pwodwi mwens, paske nou manke akonpayman, manke resous ekonomik.

**Konsiltan :** Si yo ta mande n pou n idantifye espas kote desizyon yo ap pran kibò nou t ap idantifye.

**Rep 1:** Si gen yon desizyon k ap pran se anndan popilasyon an atravè òganizasyon de baz yo, men pa gen akonpayman leta. Epi se nan dyaspora a desizyon yo pran..

**Konsiltan :** Eske n pa konsidere legliz oswa espas vodou to kòm espas desizyon ?

**Rep 1 :** legliz ka enplike nan sans yon manm ministè legliz ka toujou aktif nan lòt espas desizyon yo. Men kanta pou legliz li plis regle zafè espiritiyèl.

**Rep 2 :** Legliz pwotestant yo kontribiye nan met jèn yo a kote sou plan sosyal, n ap pran egzanp si pral gen eleksyon nan kolektivite a epi yon jèn ta vle ale pou Casec oswa asec, si l se moun legliz li pa prale paske w ap tande tande yo di w legliz pa nan bagay politik.

**Konsiltan :** Mwen tande nou pale anpil sou mank ankadreman jèn yo sou zile a, men yon te siyale m tou gen anpil òganizasyon tou, òganizasyon fanm, pwodiktè, jèn. Eske òganizasyon sa yo se pa pou ankadre jèn yo yo la, eske yo pa ede yo entegre? Si yo ta mande nou kantite jèn ki nan asosyasyon eske n ka di ki 60% ?

**Rep 1 :** Mwen ka di asosyasyon sa yo ou wè la yo ka gen youn ak 2 lane depi yo monte. Sinon lòt asosyasyon k te konn gen yo se toujou asosyasyon politik. Pa egzanp moun sa pral poze kandida li rejwenn on gwoup moun epi moun sa yo tou ret nan do l yo tou fè yon asosyasyon. E se te toujou granmoun yo tou ki konn nan yo. Men kounya gen seri jèn ki pran yon fòmasyon epi yo vin la pou transmet li. Men jèn yo ki poko twò konn sa k ap fèt la yo on jan ret lwen. Tankou la m gen yon asosyasyon menmsi se yon asosyasyon jèn li men w ap jwenn se 20 a 25% jèn selman ki ladan yo. Nou konn fè de aktivite pou eseye ankadre jèn yo men nou menm tou n ap chache yon enstans ki pi wo pou ankadre nou nou pa jwenn.

**Konsiltan :** Eske nan zòn lan gen lide négativ k ap Sikile ki ka enfliyanse jèn yo ki ka fè yo pa pè pran angajman oswa enplike yo ?

**Rep 1:** a m ka di, gen seri òganizasyon nan zòn lan se granmou ki gen 40 a 45 lane ki ladan yo alòske òganizasyon an ka gen 25 lane. W ap santi se yon lit jenerasyonèl. E lè w wè yo dakò met yon jèn yo ka metel nan pi move pòs la. Se sak fè ou gendwa wè gen moun k ap di yo pap

fonksyone a moun sa yo. E ou jèn lan tou ou gendwa vin ak yon bagay w ap inovè epi granmoun yo tou ap bòykote l.

**Rep 2 :**Pa gen okenn espas kote granmoun yo ak jèn yo ka kolabore paske granmoun yo toujou di jèn yo pa konn anyen yo pa ka pot anyen, yo pa ka aprann moun anyen. Yo pa bay jèn yo espas. Granmoun yo plis fokis sou fè afè yo poukont yo

**Konsiltan :** Ki kote jèn yo jwenn mwayen pou yo travay tè ?

**Rep 1 :** Nou gen tè nou paske paran nou te mouri kite tè nou. E nou gen sipò dyaspora. Pafwa nou pa gen tè tou nou pran tè yon lòt moun ki pa travay pa l la epi nan moman rekòt la fè l dimwatye, nou pran mwayen nou bay mwayen. Epi pafwa se avèk zouti gran paran yo toujou nou travay.

**Rep 2:** Pa gen kowoperativ agrikòl.

**Konsiltan:** Eske sa n ap rakonte a konsène jèn fi tou ?

**Rep 1:** Wi li konsène yo tou.

**Konsiltan:** Si yo ta di nou ki difikilte yon jèn nan komin lan ka rankontre ?

**Rep 1 :** Pi gwo difikilte yo se ankadreman. Jèn yo konn gen bon lide men yo pa ka al pi lwen avè l. Lide yo la pa gen mwayen.

**Rep 2 :** M panse si yo te gen yon espas pou yo diskite gen kèk bagay yo te ka rezoud.

**Konsiltan :** Eske gen yon espas anndan komin lan nou ka pote doleyans sa yo ?

**Rep1 :** Non pa gen kote sa yo. Sèlman gen kèk òganizasyon lè yo vin la yo montre w se ak jèn yo plis vle fonksyone.

**Rep 2 :** Ou la pote yo lameri men yo pap tande w, biwo casec la

**Konsiltan :** Lekòl teknik pwofesyonèl la kisa li anseye ?

**Rep 1:** Li fòmè pwofesè nan nivo preparatwa ak jadinè

**Rep 2 :** karelaj,kouti, plombri, men mank ankadreman li pa k kontinye. Paske pwoblèm ekonomik lan anpil sou zile a

**Rep 3 :** Fenomèn ensekirite a pa twò grav nan zile a. Men antanke yon zile ki gen 60000 moun k ap viv ladann, (**kotenn jwenn donne sa**) a pati de 2015 yo te di gen 40 a 45 mil moun, le resansman sa yo ap fèt epa tout moun ki touche. Paske gen moun nan moman an ji konn gentan deplase bonè al nan nò le konsa yo pa jwenn moun lakay yo. E gen moun tou e nan nò yo abite.

**Rep 4 :** Sou menm apwoch la Gen de kote si yon moun malad yo leve al pòdpè e menm jan an tou si gen yon ensidan ki pase lase notab nan zòn lan k ap sote l. Sa vle di ou gen 2 polisye pou tout yon popilasyon, sa vle di si gen ensekirite e chak minit ou t ap tande gen zak. Menm jan tou gen de zòn non dwa, gen kote ou pa ka ale, men menmsi gon bagay k ap pase ou al nan komisarya a y ap di w yo pa gen gaz machin yo pa bon elatriye.

**Konsiltan :** Kòman rapò pouvwa yo ye sou zile a ?

**Rep 1 :** Sa ki ka fè gen ti chalè la se lè gen eleksyon ak chanpyona. Apresa popilasyon an pasifik

**Konsiltan :** Eske aktivite kiltirèl yo mobilize menm kantite jèn gason ak jèn fi ?

**Rep 1 :** Nan foutbòl la se jèn gason

**Rep 2 :** Pou eleksyon an e tou de. Yo konn bay jèn lan yon 500 goud li gen yon 1000 gd li, il santi li pral fon bagay, yon degaje.

**Konsiltan:** Eske n gen enpresyon jan komin lan òganize a vwa toutmoun konte?

**Rep 1:** Gen gran konsèy, sa vle di neg ak fanm ki nan 50 60 lane se yo k toujou anlè. Yo konn plis gade sou ran sosyal, benoit moun pa ka fè vwa l pase. Se opalmis 2 3 nèg kanpe pran yon desizyon epi rès zile a pa konn anyen. Se yon sistèm li ye.

**Konsiltan :** Kisa ki fè respelabilite yon jèn sou zile a ?

**Rep 1 :** Sa m wè ki banm plis respè nan zile a se modo krè a.

**Rep 2 :** Yon jèn ki onèt, il entèg, ou ka pwofesè, nan fonksyon legliz.

**Rep 3 :** Se tou le w te kite zile a epi w tounen se lè sa yo ba w respè.

Respè a soti nan paran w tou

**Konsiltan :** Eske anndan kominote a gen plizyè gwoup jèn ?

**Rep 1:** W ap jwenn tout tip jèn yo regwoupe yo, nan sans komès tout jèn yo ka fè komès menmsi yo gen lòt chapo.

**Konsiltan:** Ki kantite fi ki nan ansèyman

**Rep 1:** Gen fi men pa gen anpil

**Rep 2:** Genyen jiska nevyèm lane.

**Konsiltan:** Eske gen anpil moun ki pa moun komin lan ki migre ?

**Rep 1:** Nan yon tan e konsa li te ien kounya e moun zile a ki te soti ki tounen. Gen yon peryòd menm pwofesè 6èm ane ou konn bezwen ou pa jwenn yo la men kounya timoun yo al fòmè tèt yo lòt kote epi yo tounen vin bay sèvis nan kominote a.

**Konsiltan:** Si yo ta mande nou ki pi gwo obstak yon jèn ki ka anpeche yon jèn entegre l nan kominote a?

**Rep 1:** Premyeobstak la se pwoblèm ekonomik, dezyèm lan se konsepsyon moun yo sou jèn yo, 3zyèm lan se yon espas pou l emèt lide.

**Rep 2:** Difikilte pou l entegre.

**Konsiltan:** Eske obstak yo menm ni pou fi ni pou gason ?

**Rep 1 :** Wi paske jèn fi an konn gen yon objektif li pa k atennli sa se yon obstak.Paske gen bagay li pa konprann, yo tonbe nan gwosès prematire paske pa gen enstans pouk pale ak yo. legliz pou k ta fè sa men se bagay espartyèl li plus jere li pa two enplike nan bagay sosyal.

Pa gen yon espas kote jèn fi yo ka pale de kò yo pran fòmasyon sou sante seksyèl yo. Yon jèn ki ouvè ka toujou pale ak yon doktè oswa yon lot espesyalis sante. E menm nan lekòl yo pa twò pale pawol sa

**Rep 2 :** Legliz ak lekòl kite timoun yo nan inyorans. Paske moun yo toujou gen nan tèt yo si y al pale timoun yo de sèks e fè bagay k ap monte nan tèt yo e komsa e voye w voye yo al fè l.

**Rep 3 :** E menm ti mesye yo tou pa toujou konnen koman bagay yo fonksyone. Tankou gen selman m konnen ki ansent on ti dam le m mande l koman l fè kite sa rive li di m li pa konnen li te met préservatif li sanble te pète. Lè sa m di l eske l pat verifye l li di li pa t konn koman pou l fè.

**Konsiltan :** Eske sa vle di gen anpil gwosès prematire sou zile a ?

**Rep 1 :** Wi nan preske tout kay, 100% Gen yon òganizasyon k ap reflechi pou gade kòman yo ka ede diminye nan sa. Se spirit.

**Rep 2 :** Anpil fwa se jèn ki lekòl.

**Rep 3 :** Te gen yon lopital ki te konn fè distribisyon prezèvatif, pè ki te vin administre l la te vin entèdi distribisyon sa ... (bri) 1h35mn

**Rep 4 :** Sa gen 3 lane depi nou te patisipe nan yon rankontak pè a nou te menm fè flyers e se nou menm ki te ekri PSNE ki fè l te alimante nou. Nou te gen 6 mwen kote si moun bezwen prezèvatif. Stok yo te vin epwize epi chak lè pou n jwenn nou pa ka jwenn jiskaske pwojè a te kraze jiska dat.

**Konsiltan :** Nou pale anpil de akonpayman ak ankadreman, ki tip akonpayman espesifik nou panse jèn yo bezwen nan komin lan pou yo ta ka enplike yo yon fason dinamik anndan kominote a nan zile a ?

**Rep 1 :** Nou kapab di fòmasyon sou plizyè ang : oryantasyon seksyèl, kont dwol ak alkòl, kreye yon espas pou yo,

**Rep 2 :** aprann yo kenbe kilti yo. Paske ou gen enpresyon se de gwoup jèn ki genyen. Tankou si m nan yon jèn vodou epi m gen zanmi ki moun legliz li pase kote m yo gentan wè m pou yon lòt moun, vye moun. Aloske vodou a se kilti nou, depi w wè vodou ou wè pèp ayisyen. Sa vle di fòk yo ta pran bon fòmasyon pou yo aprann renmen kilti yo.

**Rep 3 :** Pèmèt jèn yo ka pran pouvwa ekonomik yo

**Konsiltan :** Si yo ta mande nou idantifye yon jèn ki gen potansyel antreprenè inovan ban kominote a, eske n t ap jwenn jèn ki ka pote solisyon nan komin.

**Rep 1 :** Y ap jwenn kanmenm, y ap jwenn. Pa egzanp m konn yon moun m konn pataje lide ak li, il monte yon ti soulye men koz li manke estrikti li te fè fayit men kounya li relanse. Se yon jèn gason.

**Rep 2 :** Gen yon jèn fi m konn ki fè patisri men li manke mwayen ki ka pèmèt li avanse.

**Konsiltan:** Eske gen anpil boulanje?

**Rep 1:** Wi genyen, yo itilize farin blan an epi yo trè tradisyonèl, akayik.

**Konsiltan:** Anvan m fini eske nou pa gen yon kesyon nou panse nou ta poze, yon bagay nou vle ajoute.

**Rep 1:** wè ou pa kesyone sou koze kiltirèl. Jèn yo konn reyalize kèk aktivite kiltirèl, tankou konsè, konkou, gen yon gwoup ki konn mete sou pye yon konkou nwèl.

**Rep 2:** Remake nan nivo kiltirèl nou plis pran bagay ki sot deyò. W ap wè nèg la sot ak yon afro ann Afrik epi kounya ou wè e li nou adopte. Lè se bagay bòdègèt yo sou sa men yo pa enterese a bagay entelktyèl.

**Rep 3 :** Yon kesyon m genyen, kisa komin lan ka benefisye de antretyen sa.



**Fokis gwoup Jean Rabel (PM)**  
**Lokal ADEMA**  
**Lendi 30 oktob 2023**

**Entwodiksyon**

**Prezantasyon**

**J.K:** Mw se Julien Kervenson, ansyen pwofesè, ansyen direktè, ansyen enspektè. Aktyèlman mw se majistra adjwen komin Jean Rabel

**E.G:** Mw se Edouard Gasky, mw se jounal e agwonòm. Mw nan òganizasyon peyizan braget, soti 7tyèm seksyon Djondjon, mw travay ladann kòm kad, mw fè fòmasyon. Mw gen wòl sekretè anndan òganizasyon sa.

**V.R:** Mw se Volcinus Roland, mw se sosyoantwopològ m ap travay pou volton gerife, kom responsab sosyal.

**P.C.N.M:** Mw se Paul Charles Natacha Michel, mw se teknolojis medikal, mw se delege de vil, prezidant AFTSCH ki se asosiyasyon fanm travayè pou sosyal ak komes Ayiti.

**M.E:** Mw se Milane Eddyte, mw se yon manm kazèk 4triyèm seksyon Lamontèy epi se prezidant IFA, ki se inisyativ fanm ayisyen, mw se yon koutiryez.

**P.C:** Mw se Philibert Cenat, mw se pwofese m ap travay nan Efasanou.

**D.P:** Mw se Dany Petion mw se pwofesè fransè ak filozofi, mw se pastè.

**Kesyon 1**

**Gas:** Mw kom jèn, le ou eseye fè analiz sitou nan Jan Rabèl, ou ka remake moun ki nan espas desizyon yo, menm si ta gen yon komite pa vrèman gen yon mwayen. Jèn kad yo, malerezman pa gen okenn aktivite. Li plis posib pou jwenn kad Jan Rabèl k ap evolye deyo olye nan komin nan dirèkteman. Ou ka pran plizyè kad pèfòman, pa gen okenn enstisyon Jan Rabèl pou ka retounen. Yo ka retounen kòm moun Jan Rabèl men se pa kòm yon kad ki pral nan yon aktivite.

Sa pral yon pwoblèm konsyans oprè de nou menm paske l ap difisil pou jwenn jen ki aktif anndan oganizasyon paske jodi a tout moun oblije ap chèche mwayen pou yo fonksyone. Pa twò fasil pou jwenn jèn pral investi yo anndan òganizasyon yo, nou paka inyore reyalite sa. Kèlkeswa yon jen k ap pran inisyativ pou l rantre nan politik, reyalite se kisa w fè deja. Kisa yon jèn ki pa t debite nan yon òganizasyon kapab fe onivo priz desizyon politik. Manke enplikasyon, manke entegrasyon.

**Fi:** Kisa mw menm m panse sou kesyon w poze a, mw pral di esansyel e menm desann pi ba pou m kapab eksplike janm konprann li. Le w ap pale de jèn de 15 a 35 kan, gen yon pakèt nan 15 zan ki anvi ale lekòl swa paran an pa gen mwayen, la m ap pale de 15 zan. Le m kòmanse nan piwo tou, gen yon pakèt ki gentan fini lekòl. Chak gen yon chwa diferan, li paka deplase e sa l te anvi pran an tou li pa lakay li. Non sèlman li pa lakay li, e li gen yon pwoblèm mwayen pou l ta deplase al pran sa l ta vle a. Pou m rejwenn agwonòm nan, le li fin aprann li tou, petèt kote l ye a li ka pakab retounen. Le retounen li vin chita sou menm responsabilite paran li. Pandanstan li fin etidye li aprann yon bagay, li pako ka jwenn yon kote pou li travay oswa asosiyasyon. Pèsonèlman, asosiyasyon yo se kout men se èd. Ou paka vini pou tout tan w ap ede, e ou menm kòman w pral fe vi w demen pou w prepare avni w e jere fanmi w tou. Sa se yon gran pwoblèm, mond nan vrèman nan yon movèz eta koulye a, timoun jodi granmoun demen, pou l ka rive demen an, fòk li te gen yon bon baz solid. Menm le sa li te vle aprann nan, kèlkeswa sa li te a menm le se 1 an etid. Ou bezwen aprann yon bagay se degaje w mete l menm le w te fini etid ou, li ka itil sosyete a li ka itil tèt ou.

**Gas:** Mw menm m panse fòk nou abòde pwoblem nan plis nan pwofondè l, sa ta vle di n ap konstate depi kèk deseni gen yon kriz de modèl. Kriz sa pouse anpil moun pa vle rantre nan kesyon fè politik. Depi w ap fè politik, se sal non se sal imaj ou.

**Darb:** Èskize, m ap fè yon ti kadraj tou piti. Mw te vle pale de espas de desizyon, mw we nou tout nou gen tandans pou nou pale de espas politik. Men espas desizyon yo se pa sèlman espas politik nan kominote yo. Èske se selman espas politik yo...

**Gas:** Mw menm m panse vi an menm li fèt de la politique, la ou menm ou rantre nan politik aktiv, ki gen popu we ak jere pòs etatik kèlkonk. Men nou menm nou nan priz de desizyon

anndan lakay li paske gen yon kriz de modèl. Que ce soit li te pran l a l'exterieur de lakay li. Prenons par exemple anndan yon fwaye, moun yo tèlman nan mize ekstrèm, yon jèn k ap rantre lakay li ak yon andwoyid, paran l paka kesyone l sou andwoyid la. La gen yon kriz, se sa k fè m di fok nou ale an pwofondè, pou n konprann fenomèn gen yon ansanm paramèt ki fè jèn yo pa vle patisipe nan priz de desizyon yo. Fòk nou pran rekil nou parapò ak sa ki tonbe sou sans nou, ki tonbe anba je nou. Kounye a, gen aspè ekonomik la ki primòdyal paske kounya une fois mize ap ogmante n ap jwenn plis pwostitasyon paske n ap gade gen anpil jèn ki rantre nan pwostitasyon yo vin pa moun ankò, sèlman li gen yon ti pen pou l manje.

**Darb:** Alò w ap rantre nan yon bann detay, kesyon m te poze mw pako rive nan faz sa. Sa m te mande le m di jen nan Jan Rabèl ki premye bagay ki pase nan tèt ou, a kisa sa ranvwaye pou ou.

**Gas:** Anpil fwa gen moun ki paka fè demakasyon kilè yon moun jèn, premye bagay la. Se ou menm ki konnen tel a tèl laj ki jèn, men fason jen yo sosyalize e fason moun sosyalize an Ayiti èske yo konnen kilè yo sispann jèn. Dèfw a le moun nan pa kapab bay tèt li manje, li pa otonòm èske moun nan li di tèt li èske li ka nan kategori sa. Konsèp jèn nan, ou menm antanke entelektyèl ou gen yon jan w konprann li. Kounya si nou ale sou teren reyalyte a menm, se kilè moun jèn? Pou sispann jèn fòk genyen yon sèten otonomi, moun nan gen 40 tan li toujou sou responsabilite fanmi l.

**Gas:** Si n ap gade sou baz kategori gen laj ki fikse, ou ka toujou sou kont granmoun jiska vyeya. Se pa paske w sou kont granmoun pou w di w nan yon kategori, paske kisa w pou gade jèn nan klase nan kategori laj, aprè 36 zan ou sou kont moun, menm si ou gen 50, 60 tan ou stil toujou sou kont moun, ou se yon vyeya ki sou kont moun. Nan stil kategori yo, ou di tèl laj tèl laj ou adolesan, tèl laj tèl laj ou jèn, tèl laj tèl laj ou lot kategori. Men se pa sityasyon ekonomik mw panse ki klase yo.

**Gas:** Kounya si n ap fè yon mikwo totwa n a pral poze moun kesyon, nou ta mande moun nan kategori ou ye. Konbyen moun k ap ba w repons?

**Gas:** Se yon lòt pè demach, m ap chache konn laj li. Mw menm mw konn patisipe nan ankèt, mw konn laj la mw mete l nan kategori a.

**Gas:** Parapò ak kesyon w poze a, mw pral bay yon ti limye parapò ak konsta mw fè. Lè w pale de jèn sitou nan JanRabèl ouplis wè se yon kriz de valè ki genyen jounen jodi a. Le pale de jèn ou wè moun ki gen 15 a 35 kan jan yo fikse l la, sa ka rive ou menm nan lespri pa w ou wè w jèn men se franch laj sa yo konsidere kom yon moun ki jèn. Jodi a yo plis wè yo kom de moun ki pa renmen etidye, nan tan lontan yo se nan lanp tèt gridap jèn yo te konn ap fè efò. Le yo sot lekòl yo met pa jwenn manje yo nan liv la. Jounen jodi a gen kouran elektrik nou jwenn de moun ki pap fe jefò men li chita nan telefòn livre l nan de lòt bagay ki pa aprantisaj lekòl, li pap etidye, genyen ki livre yo nan sa yo rele alkòl. Jounen jodi a w ap wè pi fasil gen yon gwoup k ap mande w. Si l mande w 25 goud 50 goud se pa pou li achte yon pen, se plis pou l achte yon 2.0. Mw pa bezwen di w pou bòz mw pa twò tande ki kouran JanRabèl men kanmenm li ekziste nan kominote a. Mw plis wè tou yon kategori ki pa telman renmen travay ki soti nan peyizanri a, lontan timoun yo depi avan 15 za n yo toujou alinye yo bò kote granmoun yo pou y al travay avèk yo, pou y al rekòlte menm si li paka fouye tou. Menm pou sele ou plis we gen yon pati de moun ki pa ladann, yo menm wè tèt yo kom moun ki pa dwe al aprann menm yon pwofesyon manyèl. Mw konn ap pale ak de seri de moun ki nan atelye swa ebenisri, koutye, moun ki nan masonri. Mw konn we bos tayè, mw konn ap mande l kijan fe li pa wè moun ki avè l, y ap di m jèn kounya plis ap mande w 50 goud olye yo t a vin la pou yo ta aprann pou yo vin otonòm nan pwofesyon an. Jeneralman se sa, men sa pa vle di tou li valab pou tout. Pousantaj k ap fè jefò yo, menm bò kote paran yo tou kom nou nan demach kote sosyete a dekriye tou. Moun ki nan kategori sa yo tou se de moun ki jen k ap pran swen jèn, kijan w ka imajine w yon moun gen 35 kan ou tande l gen 3 a 4 pitit, moun nan gen 35 kan pitit li gentan gen 15 zan. Sa se yon lòt aspè pou nou manyen, menm si li pa anpil andedan kominote JanRabèl. Men gen anpil moun ki konsa. Le wè jèn nan ap fè timoun a laj 19, 20 tan, sa mennen tou nan nivo kote w ap jwenn bay de moun ki pa nan nivo de moun pou ap bay timoun levasyon. Kounya w vin jwenn se jèn k ap leve jèn, sou kont granmoun ki te mete yo sou tè a. Gen de bagay ki komen nan sosyete a sa pa enpeche gen jefò ki pou fèt bò kote de seri de paran ki pou kanalize timoun yo pou ba yo edikasyon pou ka rive sa yo ta vle ye. Genyen ki pa lese yo sibi enfluyans, sa pral enspire yo pou yo fe rechek le yon pwofesè ba yo yon devwa. Sa m di a ka minim men gen efò ki fèt nan kominote a.

**Darb:** Si m ap eseye fe yon sentèz sou diferan eleman nou di la sou karakteristik jèn nan JanRabèl, premye sa mw note se yon mank entegrasyon jèn yo nan espas kote ki gen de aktivite tankou biwo ak enstitosyon yo. Men ou pa jwenn li tou nan espas desizyon pou kominote a. Lòt eleman mw te note, gen yon kriz de modèl, ki fè jèn yo pèdi paske yo pa gen modèl ki t a kapab bay yo oryantasyon. Gen yon kriz de valè epi tandans lakay jèn yo pou plis entèrese ak de eleman de distraksyon. Nou pa ple de mank de responsabilite, de mank otonomi kòmka jèn yo pa gen otonomi. Denyè eleman ou soulinye la ou te pale tou yo pa tèlman renmen travay. Sa k fè m te kite pwen sa se paske m t a pral mande kisa ki genyen kòm travay e kòm aktivite yon jen JanRabèl taka fè? Men avan nou rantre nan pwen sa, ou te pale de gwosès prekòs. Jèn ki ta sipoze nan sitiyasyon de fòmasyon se yo menm ki twouve avèk de responsabilite ou ta gendwa di ki twòp pou yo. Eske nan kominote JanRabelwaz la, si yo ta mande nou idantifye de jèn ant 15 a 35 kan ki de pozisyon de responsabilite anndan komin nan, sa vle di ki gen de pòs kote y ap pran de desizyon pou komin nan. Epi yo ta mande w menm si ou paka bay yon kantite men pou bay yon pousantaj menm si li pa ta egzat.

**Gas:** Kesyon an yon ti jan vas, desizyon nan ki domèn.

**Darb:** Banm eseye refòmile kesyon an yon lòt jan. Konstitisyon 1987 la li prevwa laj pou w.....

**Gas:** Mw eseye koutwaye plizyè jèn nan sans ou di li a, ou jwenn anpil anpil jèn ki aktif. Men youn nan enstitisyon ki bay jen plis posibilite se legliz. Jen yo reyini yo fòme yon komite gen yon prezidan, yo ka travay dekonsè avèk pastè a. Mw fè pati yon òganizasyon li egzije yon estrikti jèn, e strikti jèn sa se jèn ki ladann selman e se jèn ki deside, ki reflechi ansanm tout sa y ap fè.

.....

**Darb:** Ann nou retounen sou kesyon yo, dapre sa m wè la gen majistra ki la, gen delege a, gen manm cdc e cdsc ki la, cdc a se konsèy devlopman kominal, cdsc a konsèy devlopman seksyon kominal. Èske espas sa yo se de espas ki efektivman k ap pran desizyon pou devlopman komin nan ou devlopman seksyon kominal la. Mw ta renmen nou di m, le nou tande mo devlopman seksyon kominal la, kisa sa vle di e a kisa sa ranvwaye, devlopman an. Èske pa egzantp JanRabèl

se komin ki devlope oubyen èske nou kapab di pa egzant seksyon kominal la se yon seksyon ki devlope. Si yo pa devlope kisa ki manke ki ta ka penmèt yo devlope?

**Fi:** Mw menm jan kesyon an di l la, mw t ap cdc yo eske administrativman, 1, 2, 3, 4 demach yo fèt e te gen asanble. Paske lè l fin fet gen yon acheminman pou voye ale, li li rive pou l tounen epi demach la fèt. Eske sa ka fèt, si sa pa fèt e nou menm ki siyifikasyon mo genyen vre. Mw menm se konsa m konprann li, mw pa konnen kom ou te di mè a la. Fòk nou chita pou nou pale e pou nou ekri, eske desizyon an ka pran antre nou, paske...

**Gas:** Fè demach yo se youn, aplike yo se 2. Ou gen dwa pran yon desizyon w pako ka aplike l. Pa egzant, men gen 2 wout ki bloke la. Moun Mawouj paka desann Jan Rabèl ni moun Mòl, ou ta pran desizyon w pral debloke wout sa yo, men a kisa w pral debloke l?

**Fi:** Mw menm fòk mw di nou sa, si se pou debloke l ti sa nou ka fè l. Sa enpòtan paske menm sou sa moun yo ap gade. Sa pa gen nan voye anlè ale, si nou voye ale pa gen goudenman pa gen leta. Nou menm ba Nodwès n ap mete pou nou reyalize sa menm se 5kòb nou genyen n ap ka fè l.

**Gas:** Mw panse nan sa majistra a di a nou paka apiye w ladann. Mw sonje aprè siklon Matyou, wout la te koupe an 2, men rapid, nou pa t gen kòb nan men nou, se avèk patenè nou yo nou te chita e se te adm ki te chwazi akonpanye nou pou n al debloke l. Men se nou ki te poze pwoblèm nan, si pwoblèm nan te poze ou idantifye pwoblèm nan, ou pral chache aktè ki ka ede rezoud pwoblèm nan. Le w fin pran desizyon an se ou menm.

**Gas:** Sa w di a li fèt deja, nou gentan chita avèk tout aktè yo. Men sa k genyen an se yon dokiman, ou pa ka al diskite ak yon ONG san w pa gen yon dokiman paske dokiman pa tann jodi a demen pou yo ale.

**Fi:** N ap fè ti mon JanFranswa pou rive nan kanal la, e nou pap fe kanal san ti mon nan pa fèt.

**Gas:** Mw te vle fè yon ti pale parapò ak kesyon enplikasyon aktè yo. Pa egzant mw menm se sekretè cdc a, mw remake nan JanRabèl gen yon tandans moun yo ba nou de seri de responsabilite, oubyen tou gen moun se pran yo aksepte pran de responsabilite. A la fin,

responsabilite te eseye pran an se komsa se fini w vin fini tèt ou. Te gen yon ansyen cdc se yo menm ki te travay sou devlopman kominal la JanRabèl la ki ta pral fini an 2017. Le pou vin monte nouvo cdc sa, kisa m remake, cdc ki te la avan an pa t fonksyonel. Moun yo dispèse pa gen moun ki we yo e yo pa vini pou restriktire cdc a. Nou menm pratikman se de veleyite de seri de baryè, moun k ap akonpanye de sektè nan komin nan. San sa yo tou yo pap ka fonksyone gen seri de moun ki nan mache prese pou mete strikti sa yo anplas pou kapab valide de seri de bagay yo fè. Men a la fin lè w ap poze yo kesyon sou de responsabilite genyen sou sa yo te gen pou fè nan x ane ou vin we se de bagay ki neglije sou sa strikti a te gen kom objektif yo gentan atenn li san yo pa bezwen wè anyen ak komin nan. Mw oblije di nou sa, parapò ak PADL ki gen pou akonpanye cdc a. Men moun ki te rele l nan se PADL ak ADEMA. Detout fason se sou envitasyon PADL mw la, mw pap neglije di sa m ap di yo. Se inisyativ PADL menm ki te vin remete CDC a kanpe, pandan CDC a kanpe, youn nan misyon nou te genyen se te pou al mete kanpe CDSC. Jiskaprezan pa gen CDSC, e se misyon nou te genyen kom CDC pou al mete CDSC yo kanpe. Kiyès ki te gen pou akonpanye manm CDC yo pou al mete CDSC yo kanpe se PADL, e chak fwa pwoblèm nan poze, nou poze kesyon kijan n ap fè pou asanble nan seksyon kominal yo sa yo pa janm fèt, menm eseye fè de aktivite pa gen prezan CDC a. Apre ou wè tout bagay ap ekzekite an absans CDC a. Lameri gen responsabilite nan sa tou paske se yo k ap pilote CDC a. Prezidan CDC a soti nan sosyete sivil la e lameri se li menm ki antèt tout estrikti k ap mete, tout konsèy k ap mete nan komin nan se lameri k ap prezide yo. Nou santi tou, sa rantre petèt nan kad politik, le nou konfwonte politik la ak enplikasyon tout moun.

**Gas:** Mw menm sa m ap di, pou reflechi sa ki gen pou we ak devlopman kominal la, dwe gen oganizasyon ki djanm nan komin nan. Dwe gen nan tout nivo, ni nan nivo lekòl, nan nivo oganizasyon de baz yo ni nan nivo legliz. Estrikti sa ki la ki se CDC a mw pran l kom egzant paske gen yon plan devlopman kominal e gen yon ansanm oganizasyon de baz ki la ki fè pati ni otorite yo ni sevis dekonsantre yo. Estrikti sa se li ki ta dwe chita ojou lejou oubyen chak fwa sa rive pou y ap reflechi sou devlopman komin nan. Anpil fwa nou fin fè atelye yo, se menm bagay nou t ap di a, moun nan fè pitit li lage timoun nan lari. Mw panse se youn nan bagay ki fouye nan wou ki enpeche komin nan devlope, se enplikasyon moun yo e kouman estrikti yo reyini.

**Darb:** Sa m t a pral mande w, yon strikti tankou CDC ou ladann nan, ki jèn li genyen ki enplike ladann e ki pwopòsyon fanm ki ladann.

**Gas:** Fòm ta gade lis pou m we, men genyen enplikasyon tout moun. M ap raple le m te entegre CDC a, mw pa t ko nan laj sa. Oganizasyon yo le yo reyini, toujou gen fi toujou gen gason. E m ap gade gen anpil je la le nou fè envitasyon pou CDC a ki konn la, ou menm tou kom otorite seksyon kominal la ou konn la. Men kounya ki strikti ki anndan gran asanble a ki gen fanm tou. Gen fi k ap soti jiska Made nan seksyon kominal la, se pa anpil moun ki fè konsèy la. Anpil fwa pezidant konsey la se yon fi. Men kounya ki relasyon ki genyen ant moun yo lè yo vini nan pòs yo, sa se yon lòt bagay. Men si se pou afè patisipasyon fanm pa gen twòp pwoblèm nan kesyon sa.

**Gas:** Fòk yo rale CDC sa pou konnen kijan l te monte, ki aplikasyon li gen ladann, sou inisyativ ki enstitisyon. Anpil fwa se leta nou di ki responsab, dèfw gen responsabilite ki genyen yo konn konfye yo ak de enstitisyon FAES, ADEMA, gen kote nan komin yo ki ap bay fòmasyon pou monte konsèy devlopman kominal ki revient de ministere de l'interieur et des collectivites territoriales ki pou fe travay sa yo. Yo antann ak de ONG pou fe travay la, mw panse le ONG yo rive yon kote yo mete strikti yo, yo fini. Youn nan misyon nou te genyen se te modifiye chat ki gen sou yon arete sou koman CDC a ap fonksyone. Nou te fè sa, nou te gen pou n retravay sou plan devlopman kominal la, ki pa t twò reflekte tout reyalite seksyon kominal la e monte konsèy devlopman seksyon kominal yo, misyon sa nou pa ranpli l. Men se pa nou ki lakoz. Dans la mesure ou nou wè chak sa nou gen pou nou fè.

**Gas:** Alò, mw panse jan w te di l la. Mw panse PADL te fè yon bon travay selon mw menm, nou pa t genyen plan devlopman kominal la li pèmèt nou monte li. Apre sa, aplikasyon an kounya pa depann de PADL, li depann de kolektivite teritoryal yo. PADL li men li fè tout estrikti a, li ba nou aplikasyon an, kòman pou nou aplike l. Kounya, enplikasyon dokiman an li depann de meri a, de kazèk yo, li ale jiska depite e senatè. Pa egzanp si plan devlopman kominal la, li la nou genyen l kom yo papye e kom yon dokiman n ap toujou rekomanse menm jan, nou pap janm fe anyen. Pa egzanp gen yon bagay ou di mw dakò avè l. Kèlkeswa sa k ap fè onivo komin nan CDC a dwe okouran de koman l ap fèt. Men an reyalite bagay yo fèt andeyò de CDC a, e pafwa yo pa wè l



se di yo di yo. Men fòk ou tande, o CDC a se zouti meri a genyen nan men li pou pèmèt li byen fè bagay yo. Si nou ta pran gran sous ki koupe, si se CDC a answa k al chache moun yo. y ap vini pi rapid. Aloske si se meri a gen anpil analiz ki pral fet. Le se CDC a k al chache akte yo, k al chache sosyete sivil la, k al chache tout fos viv yo, yo we ak si moun sa yo deplase vin chache nou, nou tou pre pou nou bay patisipasyon nou. Sa vle di toutotan meri a pa sevi ak CDC a kom yon zouti epi plan devlopman kominal la pou yo genyen kom yon gid. E pa menm yon mach aswiv paske plan devlopman kominal la si w vin jwenn li ap travay, men anpil fwa jan w te di l la nenpòt aktè ka toujou we nou fè yon bagay pou komin nan. Se kom si se yon pye bwa w plante pou yon fanmi ou di l men koman pou l pran swen l, men si l paka pran swen l ni fè anyen avè l ou paka fè anyen. Se kòm si n ap vire anwon n ap gen 20 mil CDC ki pase konsa ki rekonstui nou pap reyalize anyen.

**Gas:** Tout sa w di yo se verite, men youn nan bagay ki genyen sa k fè pa fin kritike se paske se pa lameri ki finanse l. Mwayen yo se PADL ki te genyen yo nan men l, kponya se kisa PADL fè. Sitou katèl enterimè sa, nou pa t janm rankontre PADL.

**Darb:** Maten an nan fokis gwoup mw te genyen avek jèn yo, yo di m yo pa t enplike nan plan devlopman kominal yo.

**Gas:** Bon, plan devlopman kominal ki gen la nou menm tou pa t enplike ladann. Se te misyon nouvo CDC sa pou yo entegre kazèk yo. Misyon sa pa atikile bo kote PADL oswa yo vin santi ansyen plan nou ka toujou kontinye travay sou li, mw pa konnen. Mw menm kom sekretè nou toujou, gen yon denye asanble ki fèt se fòse nou fòse fè l. Moun yo pa t panse li t ap fèt, le nou voye envitasyon moun yo pa t twò kwè se le yo gade yo nou t ap vini. Pou m montre se pa yon bagay ki te twò.. moun yo fin mete bagay la yo pa twò... CDC n ap pale a li disfonksyonel depi 2020.

**Gas:** Sa ki tire atansyon m nan entevansyon kanmarad la se lè li di plan devlopman pa reflekte ak reyalite plizyè seksyon nan komin nan. Lòt bagay li di sou estrikti CDSC ki pa rive kanpe a, malerezman sa pa fet. Mw vin we plan devlopman seksyon kominal la, mw li plizye dokiman sou li paske m ap travay memwa sou JanRabèl. Le m tande sa kanmarad la di mw mande èske enfòmasyon l pran yo li verifye yo,

**Fi:** Eskize majistra, sa l di a petèt se nan tan l vin vini an, men sonje te gen yon plan devlopman kominal ki te fèt. Fòk nou konprann byen, èske se plan kominal ki te genyen deja.

**Gas:** Pa gen 2 plan

**Gas:** Gen yon bagay li di la fòk mw mete aksan sou li. Kesyon sitwayen di a, plan devlopman kominal la. Mw menm le yo t ap fè plan devlopman kominal la mw pa t majistra, pou plan te akouche se aprè lide moun nan seksyon kominal la ak moun nan santrevil la. Koman lide a akouche pou l pa reflekte seksyon an?.....

**Gas:** Yo t a pral aktive plan devlopman kominal la, mèt Moza di ti kob ki gen la pap aktyalize plan devlopman an. Yo te vle pran menm kòb sa pou yo te bay Basenble ak Pòdepè l. Li di si JanraBèl ki gen plan nan men l li paka aktyalize l se pa Basen Ble ki pa ko menm gen plan nan men l pou yo t al fe yon plan pou li. Se nan sans sa, nou di pa gen pwoblèm piske lakay nou paka aktyalize ann nou fe yon lot bagay. Se nan pwoje sa nou fe ti kyos la le pral lòt bò dlo, rès la se 2 moto 3 wou ki nan lari a k ap ranmase fatra a se res lajan. Ti kòb ki la pa t ka aktyalize plan devlopman JanRabel la. CDC a egziste sou papye.

### **Kesyon**

**Darb:** Sa m t ap di, nou gen 2 eleman ki repete onivo legliz. Plizye jen mw te rankontre yo te eksplike legliz se youn nan enstitisyon ki bloke patisipasyon plizyen jèn yo anndan kominote a.....

**Gas:** Sa depan nan ki asanble moun nan entegre li. Sensèman mw pa kwe sa egziste vrèman, pafwa moun nan ka di li legliz poutan li pa legliz vre.

**Gas:** Ala verite mw we pifò moun ki pase nan espas desizyon yo se de moun ki te pase legliz. Si yo pase legliz yo ka rive la se paske legliz pa t bare yo, okontre legliz kite jèn evolye pi byen. Legliz penmèt je bay jen yo espas lapawòl. Mw panse moral la ap toujou apeze parapò ak ansanm bagay ou pa dwe fè paske jounen jodi a tout moun vle fè nenpòt bagay. Gen yon liy kote l ap mande moun yo fòk yo konpote yo tèl manyè.

**Fi:** Anndan legliz yo pemèt moun nan pran lapawòl nenpot kote ou ka pale. Yo poze yon kesyon ou ka reponn, paske yo fè similasyon. Gen yon tandans ki di, si w legliz ou paka kanpe bann rara, si gen bagay vodou la ou paka ale la sinon se peche. Si gen yon jazz k ap jwe ou paka al nan bagay sa yo, konsa gen moun ki di wi mw ka kanpe gade paske se la pou m pran de bagaj pou m eksplike sa ki paka ale yo ka reflechi byen. Lè w vini ou obsève epi w pote ale. Menm foutbòl menm, lontan ou pa t vreman we timoun yo konn ale nan foutbòl, yo te konn di yo ka viktim, ou ka pran kout wòch, ou ka pran kout bal. Men se pa paske m legliz pou m paka al nan match.

**Darb:** Jèn yo di m yo prezante yo sa k ap pase la kon mondalite.

**Fi:** W ap wè bagay kapòt la tou, gen legliz ki di non timoun nan paka itilize kapòt la, se yon peche sa yo konn fèt vre. Men kounya plizoumwèn.

**Gas:** Legliz pa t janm ouvètèman di jen yo pa sevi ak kapòt, legliz di jen yo fè absinans. Si l di ouvètèman jèn yo pa sevi ak kapòt.

**Fi:** Se pa ouvètèman li di li non. olye pou timoun nan, paske mw menm mw te jèn mw te konn nan lajènès si yon sije vini konsa l ap pran tan pou li pale nan lajènès. Se kòm si pral di timoun nan al fè bagay, pandan setan ou pa gen pou w di timoun al fè bagay. Men ou ka di timoun nan olye w al fè bagay pou w pran maladi, mw pa voye w mw pa rele men li pi fasil pou w t a ilize kapòt.

**Gas:** Eksperyans m ap fè legliz, gen aktivite menm tankou gen gwoup dam ou jwenn anpil fanm se yo ki monitris sal dominikal yo, gen anpil fanm nan yo. Ou jwenn gran koral legliz la gen anpil fanm nan yo, ou jwenn defwa. Sa n ap gade anndan legliz nou plis we onivo politik, gen anpil baryè ki ka poze. Si n ap gade sou plan sosyal, mw pa rete kwè nou ka gade legliz andeyò sosyete a, si non nou t ap konsidere yo kòm yon sèk. Yon jèn legliz paka gen menm prensip fonksyonman avek yon jen ki pa legliz. Men ki pap enpeche li vin entegre sosyete a. Se sa k fè nou ka gade sou plan sosyal genyen kèk barye ki mete men sou plan politik baryè sa plis.

**Gas:** Nan legliz la yo pa enpeche nenpòt sitwayen poze kandida, sofke si w se pastè w ye ou vle depite w ap oblije demisyon. Men se pa pou nenpòt moun paske w nenpot moun pa gen responsabilite.

**Gas:** Byenke legliz penmet gen yon sosyalizasyon, e enplikasyon tout kouch. Parapò ak de seri de prensip legliz la enpoze mw kritike anpil ladann. Youn nan bagay legliz la enpoze se koze moun pa ta dwe revandike, anpil asanble ta konnen gen yon kanal ki fouye la, lameri gen mwayen nan men l pou kesyon enfrastrikti li fè fon, male ak ou menm ki t a jenn legliz pou yo ta we se ou ki nan tèt yon gwoup ap manifeste. Mw panse gen asanble ki pap padone w nan sans sa, paske w paka legliz pou pral nan manifestasyon.

## **Annexe 6: Echantillons d'entretiens individuels**

### **Antretyen endividyèl Anse-à-Foleur Guilène Jean Pierre, Ajan egzekitif enterimè 21 oktòb 2023**

#### **Entwodiksyon**

#### **Prezantasyon**

**G.J.P :** Mwen menm mwen se Guilene Jean Pierre. Mwen fè pati de konsèy la, mwen pa prensipal maire, mwen se yon adjwen. Epi kòm pwofesyon mwen se ansenyant, mwen konn fè kèk ti komès tou menm si se pa gran choz. Epi m ap viv nan kominote. Bien entendu mwen pa yon maire elu. Mwen ranplase yon moun manda l te fini men li te gentan mouri, Fernand te gentan mouri. Mwen se moun Boukan lòt de maire yo youn se moun 1e seksyon lòt la se moun 3e seksyon

**G.J.P :** M ta renmen pou Jèn yo jwenn plis ankadreman paske gen anpil ki livre a yo menm, manke anplwa pou yo, genyen ki fini etid yo men yo Rete nan bouk la san fè anyen epi pafwa yo kapab vize lòt choz negatif, nou pa tav le sa rive. Bon angwo m ta renmen pou Jèn yo inclus nan tout sa k ap fèt nan kominote a. (Eske w panse gen de tach Jèn yo ta kapab fè anndan kominote a?) m panse Jèn yo ka inclus nan tout sa k ap fèt nan kominote a. Bon sa pral depann de Jèn nan men m panse tout sa yon adulte ka fè yon Jèn ka fè l.

**G.J.P:** Wi gen nan yo ki gen responsablite, tankou gen nan yo ki ap ansenye. Nou pa gen anpil bwat tankou bwat de fonksyónman men yo ta kapab ede nou. Non pa gen anpil (biwo Leta).

**G.J.P :** Pout ranch laj ou bay la, non pa gen anpil (fanm) men gen fanm ki gen responsablite.

**G.J.P :** Bon janm te di l premye fwa a se ankadreman yo ki koz yo pè swa pran angajman pou yon Seri de bagay. Tankou le m di manke ankadreman an, kòman m ta di, yo manke sipò, pafwa moun nan tav le pran yon angajman yo manke moun, yo manke sipò pou sa.

**G.J.P :** Wi pou pwotestan an li en grand nombre (Jèn ki angaje nan aktivite espiyèl);

**G.J.P :** Nivo politik mwen, Koman m ta di, m pa enplike lontan ladan l, m pa konnen si se espas yo pa jwenn ki koz yo pa enplike ladan l, pafwa moun nan konn vle yon bagay li pa jwenn espas pou l entegre ladan l. Sa repete souvan bien que se yo menm ki di w li, m ka repete aprè yo, wi Paran yo vrèman peur de sa (pè pou mal pa rive yo)pafwa milieu a tou ou konnen... se nan sans sa mank de refleksyon yo ki konn fè yo pa vle entegre.

**G.J.P :** Gen bagay ki rete nan kad zòn nan men se pa pou afè ti Sentán, ti Sentán ou kapab jwenn plis moun lòt moun deyò pè moun Ansafole, men yo menm yo ka gen objektif pa yo si paran yo di yo pa enplike

**G.J.P :** Si se pou devlope mwen kapab di komin mwen an pa devlope, paske gen anpil bagay kit a dwe genyen se lòt kote jèn yo al dèyè yo. Pou m byen di w, pou Ansafole nou genyen yon sèl lise e popilasyon an vrèman anpil, nou gen lopital se yon sant de sante nou genyen pou pran premye swen. Nou pa gen sant kiltirèl, nou pa ka pale de devlopman pou Ansafole. Pou elektrisite nou pa genyen l se pa genyen nou pa t genyen l non, men pou le moment li pa egziste. Te gen yon jeneratris li te anpànmalgre te gen demach ki fèt... teknisyen yo se nan lòt departman yo te soti. Aprè sa pou éducation jan m di w la li pa gen sèvis gen yon sèl Lise pou 3 seksyon kominal li pa ta sipoze konsa, epi se sant de sante nou genyen nou pa gen lopital depi yon moun depase kad la se refere pou yo refere l nan yon lòt komin pa egzanzp La pointe de Palmiste oubyen Pòdepè, pafwa nou konn Viktim anpil nan sans sa. Pa gen sant kiltirèl. (Pou n ta pale de devlopman fòk ta gen tout eleman sa yo).

**G.J.P :** Ki pigwo sektè ekonomik ki gen nan komin nan? – Bon nou ta kapab di se agrikilti, éducation an li menm kad la pa elaji paske depi gen éducation gen anpil lòt. (Eske Jèn yo enterese Ak agrikilti eske y ap fè agrológies?) -Non sa se adulte yo, men pou edikasyon an yo enterese.

**G.J.P :** Pou espas desizyon. – an premye se meri a aprè sa nou gen espas... wi gen CDC.

**G.J.P :** Eske gen anpil Jèn Ak fanm? – gen fanm, sitou gen anpil òganizasyon fanm nan zòn nan, gen Jèn men yo kapab minim paske gen yon tranch la ou di la (rirrree) si se pou fanm gen anpil fanm wi men se gwoup d'âge la.

**G.J.P :** Kijan desizyon yo pran, eske se diskite yo diskite ou yen... - Desizyon yo se en commun yo pran.

**G.J.P :** Eske w idantifye Jèn ki gen lidèchip? – Genyen ki pa twò parèt men, nou kapab di kèk. Ni fi ni gason.

**G.J.P :** Kijan kominote a wè yo?- Yo alèz avè yo, paske m di w yo pa ankadre yo, mwen menm si m te gen posiblite m t ap ankadre yo mwen menm. Non paske preske pa gen anpil adulte Ansafole ankò non, gen vieillard, non yo pa santi yo menase. Wi yo ouvè pou kolabore Avek Jèn yo.

**G.J.P :** Kijan w eksplike pa gen anpil biwo Leta Ansafole? – nou gen biwo agrikol, gen yon biwo DGI li fonksyone la timidman. Non pa gen biwo distri scolaire. (...)

**G.J.P :** Konbyen tan ou genyen depi w nan konsèy la? – Dezan.

**G.J.P :** Yon Jèn fanm ki ta deside enplike nan lavi komin nan ki pi gwo defi li ka rankontre...? – Pafwa se menas kapab fè moun nan pè avanse men mwen menm pou Sa m ye la, bien que se yon nominasyon, mwen te renmen rapò moun Ak moun piske mwen te renmen kominikasyon pou m travay avek moun, tandè moun, rèv mwen se te pou toujou ka ede moun. Tankou yon Jèn ki vle avanse m pa kwè li ap jwenn kontrent moun Ansafole, pafwa mwayen ekonomik yo kapab koz sa tou.

**G.J.P :** Eske ou idantifye Jèn antreprenè nan komin nan...? – Non pa genyen, m pa rele sa antreprenè ka genyen ki gen biznis jis pou li menm, men ki pa ka bay lòt anplwa.

**G.J.P :** Pou mwen menm se atizana m t ap di piske se pou jèn, piske ou gen pale ak kèk jèn deja, yo menm kisa yo di w? Men si se pou jèn se sa m t ap di. Atizana.

**G.J.P :** Eleman m t ap pran mwen menm m t ap di se fòme yo, fòme jèn yo, lè sa yo t ap ka plis pran konsyans.

**G.J.P :** Kesyon ki lye ak gwosès prekòs.... – wi mwen idantifye sa, se youn nan pwoblèm majeur zòn nan tou. Paske gen de jèn, banm di w imajine w gen de ti moun 13 14zank ap fè ti moun, pafwa se pwoblèm paran, paran pa ka ede timoun nan du point de vue économique epi li wè si li wè sa epi sa ensite timoun nan... nan laj sa lè timoun fè timoun li pap wè lekòl ankò. Toujou se mank de formation.

**G.J.P :** Atant mwen se jwenn repons ak kesyon ou poze m yo tou. Solisyon.



**Antretyen Endividyèl Baie de Henne**  
**Azèk Sitèn Remy Saint Hubert Elistère**  
**28 oktòb 2023**

**Prezantasyon**

**S.E:** Mw menm se Saint-Hubert Elistère, mw soti nan premye seksyon sitèn Remy men m ap viv nan Jasmen sou tè mòn Chil. Mw se yon fèmme, enjenyè agwonòm mw pwodui kabrit amelyore lòt bò e mw se azèk nan zòn nan. Mw fè pati de yon òganizasyon ki rele APJ, ki se asosiyasyon peyizan Jasmen.

**Kesyon 1**

**S.E:** Nòmman pou kominote a, se vre mw te monte Pòtoprens al fè anpil tan etidye. Men, pi gwo pwoblèm k ap wonje jèn nan kominote a se edikasyon. Sa vin fè yo an ti jan mal reprezante nan desizyon k app ran yo. Jodi a n app ran sitou jèn fi yo, se kounya y ap emèje. Nan zòn pa m se mw ki premye fè filo nan lane 2001. Pa t gen twòp k al lekòl vre. M ap gade komin nan, sitou jèn fi yo fè pitit bonè. Depi yo fin fè sètifika, yo ale Pòtoprens, Gonayiv. Moun ou t a jwenn ki gen posibilite deplase timoun li, se moun ki te gen yon bon elvaj. Baie de Henne pa t gen lekòl, se te nan bouk Bonbad. E la fòk ou ta genyen pou timoun nan rete. Depi w pa genyen, depi timoun nan fin fè sètifika li oblije chita la paske pa gen anyen kòm aktivite nan kominote a. Yo lage, jèn fi ap ansent, e depi yo ansent pa gen lòt altènativ se rete la. Ane 98 ak 2000 yo, timoun yo ap plede deplase, e vin kòmanse jwenn jèn k ap patisipe nan aktivite kominote a. Pa t gen sa lontan, se sa k fè w ap wè y opa anpil tou. W ap wè si konnya ou mande soti premye seksyon, mw pap di dezyèm ak twazyèm, pou rive nan bouk Baie de Henne, si w bezwen 5 fi pou al reprezante valableman, l ap difisil pou jwenn li. Grenn ki la yo, pa gen anyen ki kenbe yo nan kominote, yo oblije al chache ti bagay lòt kote. Sa ki la yo tou, nivo yo tèlman ba ou pap jwenn yo. Se sa k fè lè gen rankont ou envite yo menm wè ou prèske pa wè yo. Sa se yon pwoblèm edikasyon. Mete sou sa, zafè kesyon ekonomi an, sitou pa gen travay nan kominote yo, nan zòn yo. Sitou zòn kote m soti, si yon moun ou pa fè ti elvaj ou pa gen anyen k ap mache pou ou si w pa gen lajan. Fè elvaj ak fè chabon, se sa moun yo te genyen. Lè m di yo te genyen, kounya pa gen bwa chabon ankò, se elvaj. Pou yon moun siviv aktyèlman la se elvaj. Nou gen 6 a 7 tan nou

pa t janm jwenn lapli nan prentan. Se 2 dènye ane sa yo nou wè prentan bay lapli. Kounya vle rekòmanse nan fè jaden pou bay yon ti koulè nan kominote a.

**Konsiltan :** Sa vle di depi yo pale de jèn nan Baie de Henne, se sitiyasyon difisil y ap konfwonte ?

**S.E :** Medam yo plis frape. Kote yon jèn gason ka fè 3 a 4 tran, epi rapid li jwenn yon opòtinite lip ran l. Men fi an le li fin gen timoun, li ta gen 2 timoun. Ou konnen manman sansib pou pitit li, li pap wè pou l kite yo pou al nan yon aktivite san li pa konn kijan y ap viv. Se konsa m wè bagay la, sa fè yo tou rete la.

**Konsiltan :** Banm mande w, si w t ap fè yon deskripsyon de sitiyasyon eta sèvis de baz yo ye nan komin nan, mw vle pale de dlo, kouran, de lwazi. Kijan w wè sitiyasyon sa ye ?

**S.E :** Mw menm m te nan edikasyon, se de sitiyasyon ki vrèman dominan. Jan leta mande pou edikasyon fèt la, nan komin nan ou prèske pa wè sa. Se kèk lekòl ki sibvansyónè tankou lekòl kongreganis yo, omwen ki gen yon ti estrikti. M ap pran egzanzp tèt pa m, mw soufri de yon doulè la. Pitit mw ak madanm mw paka avè m, paske mw pa vrèman jwenn yon lekòl nan kominote m pou m ta mete yo.

Kesyon sante a, mw pap di li a zero non, Men nou vrèman malad. Nan zòn sitèn Remy pou vini Jasmen, si gen yon fi ki an mal danfans la, si l paka rive Bonbad l ap mouri. E menm nan bouk Bonbad, li ka pa jwenn sèvis. Baie de Henne pa gen sa menm, yo gen dispansè men y opa gen sant de sante. Dispansè ki ka bay premye swwe, e dèfwà pèsònèl yo neglije.

Lwazi, pa gen bagay sa. Te konn gen ti foutbòl lontan, w ap wè vakans sot pase la se bouk Bonbad pou ale si w bezwen jwenn yon ti foutbòl pou w ta ale. Men Baie de Henne ou pa jwenn sa. Pou lwazi an pa gen sa menm, se petèt 2zyèm seksyon gen yon gwoup ki rele CCAJ, mw pa sonje. Mw kwè se nan zòn sa menm gen yon gwoup, Ajeno yon bagay konsa ki konn gen aktivite kiltirèl yo fè chak vakans. Petèt se nan zòn sa sèlman. Mw di Ajeno a, se wè m te wè l sou entènèt, e mw te pale ak youn nan manm yo Gonayiv. Men mw pa sonjesig la, men se yon bagay apeprè sa. Dodán ki se 2zyèm seksyon te gen 2 gwoup ki te konn mete aktivite nan seksyon an, men yo kraze, militan politik kraze yo. Ekstra epi.... Mapou se nan 3zyèm seksyon, Dodán

2zyèm, sitèn Remy premye epi Lestè 4triyèm. Mapou anndan Rezèv. Mw se azèk premye seksyon ki sitiye Sitèn Remy.

Dlo potab pa gen bagay konsa, moun yo bwè dlo. Se lè lapli tonbe genyen dlo nan rezèvwa sitèn yo. Se kounya, mw menm nan yon gwoup n ap eseye kolekte kòb atravè kominote a pou nou ka gade pou ta mete dlo/ Li kòmanse Bonbad, sitèn yo gentan fin fouye. Alò, lè m di sitèn nan m ap pale de seksyon an. Lè w desann Jasmen kounya y ap fouye pou dlo a desann. Jasmen anndan Sitèn Remy li ye.

Pa gen kouran. Ou ka jwenn kèk moun ki gen yon ti pano, se inisyativ endividyèl.

## Kesyon 2

**S.E :** Non, li pa fasil pou w jwenn sa. Jèn ou jwenn ki gen aktivite yo, se de jèn ki gen kèk aktivite avèk ONG pou pwojè. Men, kòm si moun k ap deside pou komin nan ou pap jwenn sa. Sèlman konn de atelye kote y ap fè PCD, yo konn envite de jèn. Men, dèfw a se an gwoup yo bay yon ide, men se pa yon moun.

Gen bagay ki pa tout kote, wè nan komin Baie de Henne se batay pou yon jèn batay lè li kòmanse ap emèje pou l rantrè tèt li. Paske moun ki te la avan yo pap ba w kote pou w pase. Lakay mw, kazèk la se yon moun ki pral gen 25 kan depi li gen pouvwa a. Ou konnen bagay Martely a te vin fè nèg yo kenbe nèt ale la. Menm li santi vre li paka travay nan jan bagay yo ye a, men ou wè li toujou gen lide pou l al kazèk. Sa vle di, yon jèn si w pa brave danje, ou pa pote tèt ou pami yo nan kominote a. Se sa k fè gen de jèn ki di li pa nan fè sesi li pa nan fè sela, li pap al jwenn nèg tiye. Epi yo tou rete nan koki yo. Gen yon sot de pè lakay jèn yo, menm si li pa nan tout komin nan, ni pou tout ansyen yo tou. Men majoritèman se yon bagay konsa li ye.

**Konsiltan :** Pè sa pa egzanp, antèm de anje. Èske gen de eleman, tankou azèk ak kazèk mw konnen yo pa gen yon revni, leta pa peye yo. Se jis yon frè yo ba yo. Men se kisa ki anje a ?

**S.E:** Se kontinuite ki genyen ki poze pwoblèm. Pa egzanp yon moun ki kazèk nan kominote a, tout sa ki nan seksyon an k ap vin chita, se avèk li y ap vin chita. E dèfw a, nèg yo.. bon mw se youn nan moun ki viktim nan kominote sa. Gen bagay m ap denonse yo, e mw pap sispann denonse yo. Pa egzanp gen de pwojè ki konn vini, yo pa vin pote anyen nan kominote a. Depi yo di nèg la men sa l ap benefisye li kite l pase. Te gen yon seri de ti mikroezantèz retni yo t ap fè

nan premye seksyon an ki t ap itil nou. Yo sèlman jwenn ak moun ki te reprezante bayè de fon yo, yo kraze kòb la. Mikro retni an se kote pou kenbe dlo. Bèt yo bwè, moun yo fè yo bèl ak rakèt, yo lave paske pa gen dlo. Ou wè nan ki nivo sa t ape de. Manje ti goud jodi a zafè moun k ap vini pita yo. Yon jèn ki ap denonse sa pou l al parèt tèt li, e moun sa yo ki wè li pral pèdi opòtinite yo, e se sèl li yo genyen pou yo defann 50 goud. Yo paka postile nan anyen, y opa gen nivo pou sa e gen kote yo paka ale. Sa vle di ou wè se nan yon dife w prale lè w ap rantre nan bagay sa yo.

**Konsiltan :** Pa gen rantre dirèk, gen detwa opòtinite ou kapab jwenn. Paske m te toujou ap poze kesyon sa, pa egzanp si se pou lalwa ayisyèn depi w gen 25 kan ou kapab kandida pou majistra. Idèm pou depite, idèm pou azèk ak kazèk. Men kounya m ap mande, poukisa pa gen jèn nan espas yo.

**S.E :** Se kounya w ap jwenn anpil jèn, pa egzanp nou nan yon katèl azèk se pèsonej ki ladann. 2 pèsonej sa ki ladann se kesyon popilarite. Pou azèk pou yo, moun ki avè w la di w nan tèl zòn se tèl moun pou pran si w vle genyen. Se kòm si yo fè bagay la kont ou menm. Ou menm ki vle pote yon chanjman, ou adere avè l jan Soulouque te fè l la, lè fini w a konn kisa w pral fè pi devan. Men se konsa nèg yo aji nan kominote a.

**Konsiltan :** Ou menm kòm azèk ki se asanble seksyon kominal, li gen konbyen manm ladann ?

**S.E :** Nou 5 manm. Gen youn ki pati depi nou fin eli, li ale Chili kounya se 4 ki rete.

**Konsiltan :** Eleksyon nou te patisipe ladann yo se eleksyon 2015 yo ? E nòmalman te sipoze gen eleksyon pou ranplase nou ?

**S.E :** Wi, lontan sa. Se toujou nou menm ki an fonksyon.

**Konsiltan :** Kounya n ap prepare nou, pou pwochen eleksyon an pou nou retoune ?

**S.E :** Non, mw menm mw pa wè l konsa. Zòn lakay mw mou nap pouse m pou m kandida pou kazèk, men fanmi m pa twò vle. Tout sa yo, lè fanmi w konnen men kisa ki genyen e men kisa ki ka pase. Menm si ou menm ou konnen ou kapab e ou vle ale tou. Men ou pa poukont ou, ou gen pitit, madanm, ou oblije fè konsètasyon.

**Konsiltan :** Tankou nan katèl pan ou an èske te gen fi ?

**S.E :** Wi, 2 fi 3 gason. Aktyèlman nou 4, gen youn nan fi yo ki te pati. Sa ki te pi jèn nan, li nan menm tranch laj avèk mw. Se te nou 3 jèn epi 2 adil.

**Konsiltan :** Men pa egzanp, espas asanble sa yo, lè y ap pran desizyon parapò avèk seksyon an. Kijan nou praqn desizyon an ?

**S.E :** Alò, ou konnen asanble a se moun ki fonn nan kominote a k ap gade kijan bagay yo prale. Bay rapò, swiv kazèk yo pou yo konnen. Men fòk mw di w, nan 5 kan, si pa t gen pwolonjman sa yo ou pa t ap wè nou. Kazèk yo te mete tèt yo ansanm pou yo fèmen nou yon bò. Nou pa t eli sou menm banyè. Nou menm se pon, nou menm sèl ki te eli anba banyè pon. Pon se Ivalière Beauplan. Men aprè nou degaje nou, kominote a.. mw menm se yon nèg kip a chita, mw kreye aktivite. Pa egzanp mw travay de konsèvasyon sòl mw fè avèk moun yo. Mw konn bay moun yo bèt nan kominote a. Sa fè moun yo konnen m, yo wè m. Sa fè lè m gen yon bagay m ap fè mw deside, popilasyon an kanpe dèyè m. Sinon, nou t ap parèt inapèsi. Kazèk y opa konn sa y ap fè, y opa janm fè asanble pou nou konnen, dayè yo pa chita tou. Nou menm, pou nou fè sesyon, se nan batay pou nou fè sesyon. Gen yon konfli ant kazèk avèk asanble a. Depi nan kòmansman y opa t vle kole ansanm avèk nou. Yo eli sou banyè verite.

**Konsiltan:** Nòmalmman t a sipoze gen yon antant ..

**S.E:** Non se pa sa yo wè, mw di w sa deja wi. Li lwen pou jwenn moun k ap panse pou kominote a. Menm si w wè nèg la vi nan rankont ou tande l ap di menm sa ki fèt, sou teren ou paka jwenn sa. Pa egzanp, rankont sa ta dwe fèt nan bouk Baie de Henne. Non, gen yon gwoup nèg nan Baie de Henne, yo negatif nèt ale. Rankont sa fèt la yo vini yo kraze. Aktyèlman yo gen yon gwoup nèg ye mete ansanm la mw tande ki rele baz bengal. Si yon pwojè vini yo retire plat pa yo avan, yo pa bezwen konnen. Yo pap al travay. Mw menm se youn nan moun menm si 2 je ta pete mw pa t ap janm dakò, se sa ki fè yo pa kole avèk mw. Menm nan rankont k ap fèt nan bouk Baie de Henne, papa toujou di m pa ale. Paske nèg yo pale lèd, yo konprann mw mal. Mw se youn nan jèn ki kanpe tèt mw. Mw pa sèl non, mw gen disip. Nou gen yon gwoup jèn, gen bagay nou di nou pap aksepte nan kominote a. Men konsa, jan moun yo di a nou oblije pridan tankou sèpan. Le gen yon nèg, le yon pwoje vini se li ki responsab li, li ki koupe li rache. Epi kounya, ou konprann yon milyon de goud se 500 ak 600 mil goud li depanse, li kenbe 400 mil goud nan

pòch li. Ou menm w ap di ou pa gen pwoblèm, kote bèf la mare fòk li fe tout sa li gen pou l fè. Men fòk gen 900 mil goud ki depanse, ou wè nèg sa pap wè ak bon zye.

### Kesyon 3

**S.E:** Plis jèn gason. Fi yo janm te di w la ou paka two konte sou yo. Se batay n ap batay. Talè a gen ti piti ki sot vini la ki rele Christela Thoby, ansanm ak James Thoby se lakay mw yo sòti. Ti piti sa se nan goumen, nan chèchè pou jwenn li. N ap gade si nou pa t a kite atè, dèfwà yo menm y ap fè mawonaj.

**Konsiltan:** Jèn sa yo ou wè ki an pozisyon de lidèchip, kouman kominote a wè yo epi akeyi yo?

**S.E:** Y ap fin ale, pa gen anyen pou yo. Mw menm ki nou vin isit pou nou fè elvaj, se batay mw vin batay. Se kòm si fanmi ap di gen yon popilarite m ap pèdi, gen yon pwotokòl m ap pèdi. Gen bagay yo pa konprann, se nan batay pou nou tounen. Depi 2015, mw estriktire imaj mw, se kounya m wè ki sa m te vin fè. Se pa tout jèn k ap dakò rekomanse nan fason m te rekomanse an. W ap gen anil nan yo ki rete chita Potoprens k ap fè ti aktivite piti piti. Men ki pa vle tounen la vre. Bon yon jèn pou li leve chak jou, fòk li manje fòk li bwè, e li pa gen okenn aktivite. Se pa yon jwèt non. Pa gen travay. Pa gen faktori, pa gen endistri, pa gen anyen k ap fonksyone pou l fè kòb.

**Konsiltan :** Yo pa nan aktivite agrikòl, yo pa nan plante paske yo di m gen anpil tè bò isit la...

**S.E :** Wi kesyon plante, tout moun se laoli y ap tann. Bon nou konn fè 1 an lapli pa janm tonbe. Se nan 2 zan ki sot pase yo, moun kòmanse retounen gen espwa sou lagrikilti. Nou konn fin jwenn lapli mwa sektanm, li koupe pou mwa me. Alarigè ou konn jwenn lapli pou mwa mas, lepli sa lè li tonbe se zèb yo li fini nèt paske yo te déjà sèch, lapli sa vin tonbe sou li se po li kite. Sa w tande a menm si w bezwen yon fèy bwa pou w fè yon te ou pa ka jwenn li. Ou pral jwenn yon ti lapli fen me pou jen. Mwa jiyè chak jou, dawout ak sektanm ou ka jwenn yon ti lapli, apre sa pou oktòb ou pa nan anyen ankò. Nou depann de lapli apa perimèt irige a. Bò isit gen 3 perimèt ki irige ki piti piti.

**Konsiltan :** Èske gen anpil jèn nan aktivite elvaj tankou w ?

**S.E:** Wi, gen anpil. Premyè seksyon, menm si yo pa nan menm nivo avèk mw. Men genyen ki nan elvaj pèsònèl. Mw fè elvaj kontwole kapen, ki se kabrit amelyore. Mw fè poul endijèn tou. Mw konn pran ti frap plis nan poul yo, aktyèlman la m bezwen vaksen m paka jwenn li. Yele Ayiti konn achte, jan Pòtoprens ye la mw pap ale. E, meyè medikaman pou jwenn menm si li chè se nan Yele Ayiti.

**Konsiltan :** Èske w te gen tradisyon elvaj nan fanmi w déjà ?

**S.E :** Wi, mw leve se sa m jwenn papa ap fè. Fè jaden, gade kabrit epi fè chabon. Manman m fè komès. Lè m vin Potòprens se syans ledikasyon mw fè, mw fè yon ti tan nan edikasyon. Aprè m vin rannmw kont li pa kadre avè m, mw ale nan agwonomi. Mw fè medsin veterinè, mw ap frape. Prensipal aktivite m se elvaj.

**Konsiltan :** Pou medsin veterinè a èske w pa gen posibilite pou w ta bay sèvis ?

**S.E :** Wi, pa egzanp fè fòmasyon. Lè gen enstitisyon k ap fè fòmasyon pou jèn mw konn la. Pa egzanp mw konn patisipe nan aktivite ak Dupre. Aktyèlman yo rele m la pou yon seminè avèk ajan veterinè yo, yo pako banm dat. Se sa yon fè sou teren an. Lè gen ONG ki gen yon aktivite ki kadre avèk mw m fè l, apre sa se ti elvaj mw.

**Konsiltan :** Pou retounen sou kesyon lidèchip jèn yo talè a, mw t ap pral mande w jèn sa yo ou wè ki an pozisyon lidèchip. Kouman kominote a wè yo e resevwa yo. Ki rapò pi gran yo avèk jèn sa yo?

**S.E :** Wè mw menm pou m onèt avè w. Menm si w t ap fè yon pakèt efò, nèg ki devan m yo si yo si yo pa t soti nan ras mw, m pa t ap ka la. Se yon bagay konsa li ye, si wè gen yon jèn k ap avanse, e nèg k ap dirije se tonton oswa kouzen l, l ap ba l espas pou l pase. Se sa k fè m sot di w pifò jèn yo lavil. Men pa gen twòp rapò ant jèn avèk jèn. Tankou mw menm si yo mande m jèn, mw konn sa l ye, m ap di men tèl jèn, men sa k fè sa, men sak fè sa. Men gen ansyen yo, y ap difisil pou wè yo panche bò kote jèn yo.

#### **Kesyon 4**

**S.E :** M ap vini dirèk, m ap pran yon vèsè bibliik pou m reponn. Pòl di, pa gen anyen ki ka fèt lè tout bagay tèt anba. Tout jèn ki ta renmen vin bay sèvis yo nan kominote a menm si se te gratis,

omwen fòk li te gen yon bagay li t ap fè. Gen de sèvis mw bay nan kominote a, mw paka touche pou yo. Men sa afè pa m ap regle, anretou mw konnen m ap benefisye de yo, mw paka twò deranje pou yo. Tout sa ki kraze jèn yo, sa ki kapab bay sèvis ki pati, se ekonomi an. Yo pa gen anyen y ap fè. Mw gen yon kouzen m ki di mw, Gesner, nou gen 2 tonton nou ki Etazini, tonton yo di y ap gade kijan yo ka fè nou pase pa Nikaragwa pou tonbe Meksik. Mw mande konbyen kòb, nèg yo di m 3 500 dola. Mw rele misye, mw di l lè m t ap kòmanse fèm mw an m te gen sèlman 412 mil goud sou kanè m, mw menm ak madanm mw t ap planifye pou n al konstui 2 ti cahanm kay an 2014. Epi lè m kite fè lekòl mw di madanm mw kòb sa n ap kite l pou fè yon lòt bagay. Tout moun te fache y opa t dakò. Manman m pa t ko mouri, li di jamè yon bagay konsa pap ka fèt. Kòm mw te konn kote m prale, m di m prale san yo. Madanm mw te prèske fè 6 mwa enmi avè m. M ap rantre nan kay la, manje bwè se kòm si pou li se lave men siye atè. Moun zòn sesi, moun zòn sela. Madanm mw se moun Gonayiv. Gazman Couleur, se tonton madanm mw. Madanm mw se piti William Joseh, chantè Sili. Se lè madanm mw wè an 2017 mw vann filye pou 500 mil goud li di, li kòmanse ap ri. Mw di lmen kòb mw prete a mw remèt ou li. Yon lòt fwa ankò nou mete men nan kay la, mw te vann filyè agwo-aksyon alman mw vann pou 150 mil goud. Mw remèt li, mw di l degaje w epi n ap frape. Yon lòt fwa ankò mw jwenn yon kontra kabrit ak FE entènasyónal mw bay 2mil 100 kabrit, se mw ki te gen kontra sa pou Nòdwès. Mw fè ti kòb mw fin kay epi fè de seri de bagay, li vin konprann. Men se pa tout jèn yo ki vle kòmanse ak ti kras yo genyen. Mw di misye si l gen 3 500 ameriken nan men w moun yo ba ou. Ou ka fè l travay ou pati poukont ou. Misye di se paske m sou rezidans. Mw di misye pa gen moun k ap fè m pran dekolaj sa yo pase agoch adwat, fòk mw konn sa m ap fè. Anpil jèn y opa vle kòmanse ak ti kras sa yo genyen. Se sanbilizasyon, nou travay anpil sou kesyon sa. Men fè yo tounen pou rekòmanse, ou pako wè kouman. Mw gen yon gwoup jèn, lè fèm mw an fini, chak ane m te responsab pou bay 10 kabrit nan kominote a. Mw bay 5 jèn chak ane. Men ou gade yo aprè yon ti tan yo vann yo. Ou pa wè sa k regle posib. Mw pako wè mw menm kisa m ka fè.

Si gen yon enstitisyon ki ka vini, èske mikro kredi yo ka mete pou ede jèn yo avanse. Prete yo kòb, fè fòmasyon pou yo epi mete yo an asosiyasyon. Gen de enstitisyon mw wè ki vle fè sa yo, men se pa... Pa egzanp, gen de enstitisyon mw wè ki vin la ki t ap eseye fè de seri de travay, mw menm mw kouri dèyè l anpati. Finalman bayè defon an bay nèg yo katon wouj, paske y opa vin travay pou chanje lavi moun yo. M app ran yon egzanp ki majè. Zòn lakay mw sou wotè mòn chen pa gen dlo, se sitèn. Mw menm nan kay kabrit mw yo m fè yon gwo sitèn de 80 m<sup>3</sup> dlo.



Men gen de moun ki konn soti Jasmen anlè tèt mòn sous dlo, ou wè anlè tèt sitèn nan pou desann Paschsè pou vin pran dlo. Timoun nan sot lekòl li pa gen tan pou l etidye se la li oblije vin pran dlo. Mw di enstitisyon sa l ap bay chak moun yo 15 mil goud. Yo te gen kòb pou yo achte kabrit bay moun yo, lè gade kantite moun y ap bay kòb nan seksyon an, mw di yo poukisa yo pa rezoud pwoblèm nan yo fini. M di gen kote si nou fè yon enplivyòm la oubyen yon lak, tout bèt ap jwenn dlo. Nou ka filtre dlo sa pou nou sèvi tou, se pa bagay ki t ap mande gwo lajan pase sa. Answit n ap jwenn dlo sa pou nou awoze tè. Moun yo ap annik fè de ti anklo pou wouze ti jaden marechè yo, lavi moun yo ap chanje. Yo di wi bèl lide, men se pa sa ki nan tèt yo paske se pa chanje yo vin chanje lavi moun yo. Mw konprann sa yo nan ONG yo, y opa vin chanje lavi moun yo vre. Yo vle pou toujou rete nan nivo moun ou ye a. Lè yo bezwen desan, pou yo desann vin jwenn ou pou fè sa y ap fè a. Si se pa sa l te ye, te gen yon inondasyon ki sot pase la, Baie de Henne kraze plat. Moun yo sot konnen yon gwo grangou la, menm si w ta bezwen yon grenn fig ou pap jwenn li. Jiskaprezan, se kounye a kòmanse gen ti grenn lam. Lepam vini, mw fè gwo diskisyon avèk nèg yo. Di yo men kisa ki dwe fèt pou bagay la chanje. Pa egzanzp, si w gen kay sa, chak jou lapli tonbe epi dra sou kabann nan mouye. Men se pa dra yo pou chanje, se twati a pou w chanje. Lè m di nèg yo al gade vèsan yo, fè lak fè mikro retni epi perimèt yo ap sispann kraze. Men yo plis bezwen fè de ti bagay bidon pou ti kòb la fèt rapid. Montre l ap fè moun fè 50 goud, alòske menm moun w ap fè 50 goud la lè lapli tonbe jaden l rekraze, pou l toujou rete nan asistana. Se pwoblèm nou sa.

Sa ki pou t ap fèt pou amelyore sitiyasyon jèn yo, se ta fè yo tounen epi kreye aktivite pou kenbe yo. De aktivite ekonomik sitou.

## **Kesyon 5**

**S.E :** Ebyen, se elvaj ak agrikilti epi komès. Men elvaj la an premye, se pa paske mw ladann non.

**Konsiltan :** Mw te rankontre ak kèk jèn nan yon fokis gwoup yo menm yo pale m de edikasyon. Yo di m anpil jèn isit se nan anseyman yo ye.

**S.E:** Men se sa m sot di w talè a, moun yo pran edikasyon an kòm yon chwal. Kòman yon nèg fèk fin fè filo pou w al rantr nan edikasyon? Lekòl se aprann pou aprann fè lekòl. Si w ap konte nan bouk Baie de Henne, se kèk lekòl nasyónal yo w ap jwenn nèg ki fè syans ledikasyon, cfef oubyen lekòl nòmàl. Kèk mw di w ap jwenn wi, apre sa se nèg ki fè segond ak 3zyèm oswa ki

sot nan filo. Se yo ki vin anseyan, yo pa kalifye. Sistèm nan se sa li bay, se sa k fè m pap oze pou m di se premye kote pou fè kòb. Se vre w ap fè kòb, men fòk ou konn sa w ap fè a e fè li byen. Mw menm lè m te direktè lekòl mw te gen gwo pwoblèm, yo banm de kalite pwofesè. Se kòm si yo gen matyè a, men metòd pou anseye a pa genyen l. Mw menm m paka fè l, mw ka bay yon nèg yon kout pous. Men se lekòl nòmal pou w ale pou aprann fè lekòl. W ap sezi konprann de nèg ki fin fè filo k ap anseye nan klas segondè. Se nòmal jodi a pou nou pa genm de sitwayen ki reponn avèk peyi nou kwè. Se sa k fè m paka pran edikasyon paske se yon gwo moso. Se yon moso si yo ta ranje l se pa pwofesè sèlman ki t ap fè kòb. Lekòl la bon, menajè yo t ap fè kòb, depi se moun ki nan liy nan tout t ap fè kòb. Moun ki nome yo, ki kalifye yo, yo itilize sistèm soutretans lan. Se kòm si lè li nome li tcheke yon ti jèn li ba l kenbe pòs la epi lè ch la tonbe li ba l yon bagay. Epi li menm l ap tcheke djòb nan ONG. L ap kreye lòt aktivite l epi ti jèn nan menm...

**Konsiltan :** Èske gen anpil lekòl piblik pa bò isit la?

**S.E :** Non, pa egzanp si m pran bò isit la, Dodán m ap jwenn youn, 4triyèm m kwè yo gen youn, bouk Baie de Henne gen youn, premyè seksyon gen youn. Sou Aristide se te lekòl Penaseco yo. Apre sa se lekòl prive nèt ki anba a. Dèfw a si w wè, pa egzanp si n ap pran yon sal de klas konsa ki respekte nòm, sa se kafeterya ok. Sal de klas sa yo plizoumwèn respekte pou 30 a 40 timoun, ou wè kote pou timoun nan chita li konfòtab. Men gen de seri de espas, ban timoun nan chita klou fin chire pantalon yo, li mal chita timoun nan pa alèz. Li paka aprann vre. Tablo a jan l te pentire a y opa bezwen konnen, li te mèt grave y opa bezwen konnen. Mw konn swiv yo, mw konn vizite yo. Enspektè yo menm gen lekòl bidon pa yo, mw pa bezwen di w. Mw nan yon gwo diskisyon la. Aktyèlman mw gen yon nèg ki fèk nome kòm enpektè, si yo trete misye jan pou yo trete l, mw konnen n ap plizoumwèn. Men, rapò l pral bay yo, nou konnen leta se yon leta ki an movèzeta. Ou pa wè sa y ap regle vre. Nou gen yon enspektè, misye se yon pastè. Gen de lekòl misye pa janm pase. Yo kontante yo jwenn djòb la, nèg bò isit parese anpil. Pran kòb la epi yo fini. Mw menm m pito pa fè l.

**Konsiltan :** Èske nan kominote a gen de lide negatif, de prejije parapò ak jèn yo. De lide ki ap veyikile ki ta fè kwè jèn yo gen de bagay yo paka fè ?

**S.E :** Yes, se sa menm ki kraze jèn yo. Malgre w al lekòl epi etidye anplis, nèg la pa menm fè sètifika li kwè li siperyè w. Sa yo konn fè gwo deba, e jèn nan dèfwà li konn di li oblije pa nan rankont ak nèg sa yo, li ka mouri li ka dis li ka dat. Se sa yo ki gwo pwoblèm nan menm.

**Konsiltan :** Mw wè w ensiste anpil, plizyè fwa w pale de kesyon risk ou pran kòm egzanp pou yon jèn ta. Èske sa se pa yon mit ?

**S.E :** Li pa mit, menm se sou presyon li pa mit. Mw k ap di w sa mw pa pè non, men mw konne li ekziste nan kominote a. W ap jwenn gen de nèg la ki byen fòmè, men w ap jwenn li nan yon kwen paske li pap mele ak tèl gwoup nèg. Pou fè yon mikwo twotwa, mande jèn bon, epi nou pral fè yon komite nou ta bezwen kèk jèn. Nou ta site kèk jèn pou ta mete nan komite sa pou wè si w ap jwenn jèn. Yo pap kole ak nèg sa yo paske yo konnen men kisa ki ka rive yo.

Yo te pwopoze direktè yon lekòl nasyónal nan komin Baie de Henne lè m ten an syans ledikasyon, mw chita ak moun ki direktè a.i. Nou chita ansanm, lè sa enspektè Ronald te la. Misye di mw tandè leta gen pou bay yon direktè nan lekòl nasynal Baie de Henne nan, mw menm se li m ap tann. Lè yo fin enstale mw menm m ap fè sa m gen pou m fè a. Misye konnen se non m ki te site, li chita bò kote m. Alò, di m sikolojikman sa sa vle di. Misye Etazini kounye la, lekòl la pa janm gen direktè.

## **Kesyon 6**

**S.E :** Mw menm sa m ka di se toujou yon demanm li ye. Nan kominote a gen anpil jèn. Aktyèlman mw pral gen 42 zan, e nou pa anpil jèn k ap fè jefò. Mw ta renmen enstitisyon ki vin travay yo idantifye yon pwoblèm, yo aji sou li tout bon vre. Fè tout sa ki nesèsè, pou fè tout sa ki pou fèt. Mw menm gen bagay mw pa etidye, e [woblèm yo an majè pati mw gen solisyon yo. Men moun ki ka fè l la se pou yo fè l, pou pote yo solisyon k ap dirab. Mw pa di chanje nèt ale paske pa gen anyen ki etènèl. Gendwa yon kouran lide oswa yon gwoup ki vini yo chanje tèl bagay. Men lè nou idantifye yon pwoblèm nou aji sou li, epi tout wè tèl enstitisyon te idantifye yon pwoblèm epiyo aji sou li vre. Nou ka wè gen yon chanjman nan moun yo menm jan nou ka wè l nan kominote a. Se sa mw swete mw menm.

**Konsiltan :** Banm mande w, yon otorite lokal nan Baie de Henne. Pa egzanp nan asanble kazèk la, ki pouvwa de desizyon li genyen sou sa k ap fèt nan komin nan ?

**S.E :** Nou gen de dokiman, mw m konn limit nou. Eyinyon Dèfwà mw konn nan reyinyon ak kazèk yo, se kòm si yo te timoun mw santi m ta kale yo. Ou wè gen de wout pou l pase pou t a di men kisa ki dwe fèt men yo pa janm al ladann yo vre, paske yo pa gen nivo pou sa. Lè w kontakte jèn ou di mesye ann mete men pou fè sa yo pè. Y opa janm pran desizyon, wè kounye la mw t ap kontan pou m ta nan menm gwoup avèk kazèk yo, ou t ap tandè kazèk premye sesyon di se wè nou wè nèg yo vin fè afè yo wi. Dèfwà m di nèg yo, bon ou kazèk, se ou ki mèt seksyon an, ou se pòt dantre epi w ap di se wè w wè nèg yo vin fè. Si siyen yon kontra ou rive nan mitan sa pa mache ou ka kanpe l. Se ou ki mèt zòn nan. Lè mòn chen ap fèt, majistra di m wi, se depite a ki vini ki fè afè l. Mw di majistra mw pa konprann kòmman ou mèt komin nan se ou ki pou bay premye kout klewon an epi di se wè w wè nèg yo vini mete materyèl debake epi travay ap fèt ou pa konnen, W ap kanpe l. Men pou w kanpe l tou fòk kominote a gen konfyans nan ou pou y opa di se paske w pa jwenn ti kòb pa w. Mw di mw mèt mouri fòk mw fè yon bagay pou zòn mw. Menm si tout zòn se zòn mw, jan w wè m la se mizik mw sot anseye nan 2zyèm seksyon an. Mw se mizisyen, premye bagay ki banm kòb se mizik. Mw di fòk gen de nèg menm si m mouri ki pou kontinye lit sa, paske zòn yo lage. Nèg yo konnen depi yo eli se annik siyen epi di banm sa, y opa bezwen konn kijan sa ap ye.

**Konsiltan :** Mw remèsye w pou disponibilite ak tan w ban mw an epi n ap rete an kontak.

**Antretyen endividyèl avèk Agwonòm Norelia Petit Fares,  
Kòdonatè Oganizasyon Lokal nan Bombadopolis  
27 oktòb 2023**

**Dab :** Mw pral poze detwa ti kesyon, mw ta renmen w fè yon ti prezantasyon de tèt ou trè rapid. Kiyès ou ye, si w nan asosiyasyon oswa nan òganizasyon mw ta renmen w fè yon ti prezantasyon de li pou mw, avan nou rantre nan lòt kesyon ki pi spesifik yo.

**Fares :** Mw di w mèsè epi m di byen vini nan kominote a tou. Mw se Norelia Petit-Faes, mw se agwonòm epi antreprenè. Mw se direktè yon òganizasyon lokal ki rele OBRED ki se «organisation Bombadopolitaine à la recherche du developpement», ki nan kominote a depi 2002, e depi 2015 k ap anplemante yon pwojè agwoekolojik nan kominote a. Kote nou travay ak

peyizan yo pou nou ranfòse kapasite yo, nan kesyon fòmasyon, nan ba yo asistans nan semans oubyen nan zannimo, pou yo kapab soti nan sitiyaasyon difisil y oye a.

**Konsiltan :** Si yo ta mande pou ta fè yon ti dekripsyon sitiyaasyon jèn yo Bonbadopolis, kòm ou di m ou se natif zòn nan, òganizasyon nan ap travay la depi 2015. Si yo ta di w kisa w kapte kòm karakteristik apati de obsèvasyon pa w sou jèn nan Banbadopolis. Kisa w ta kapab pataje avèk nou kòm ide ?

**Fares :** Bon, apati de obsèvasyon pa mw, sa mw ta ka di. Kòm ou sot di talè a nan rale w t ap fè a, jèn yo majoritè nan komin nan. Men sitiyaasyon yo pa twò nòmal. Nou ka pran l sou plizyè ang. Premye ang nan nou ka pran li sou plan edikasyonèl, paske gen anpil lekòl nan kominote a, e gen anpil jefò ki fèt parapò ak enstitisyon eskolè yo ki bay bourad pa yo nan sans pa yo pou kontribiyè ak fòmasyon jèn yo. Pa bliye fòmasyon an li a plizyè nivo. Isit mw ta ka di se lekòl fondamantal sèlman ki genyen, se kounya nan ane 2020 ak 2021 yo, kòmanse genyen de sant de fòmasyon pou jèn. Gen moun ki vini ak inisyativ pou fè fòmasyon pou yo, paske pa gen kapasite oswa pa gen mwayen pou y al nan inivèsite swa Pòtoprens, swa Gonayiv oswa sou Janrabèl, oubyen nan metwopòl Pòdepè.

Men, si nou pran aspè edikatif la, w ap jwenn yon pousantaj de jèn ki sou lekòl, ki vrèman mete yo sou sa, ki naje pou yo sòti. Men, Pi gwo pwoblèm ki peze sou avni yo, se sitiyaasyon antedan yo, sa vle di sitiyaasyon famiyal yo, paske paran yo vrèman pòv, sa vin fè yo paka oryante timoun nan vè yon bagay ki vyab ki ka itil li demen. Nou ka wè nèg yo plis lage nan kesyon alkòl, ansent fanm bonè, oubyen mennen lòt zak ki pa kòrèk avèk sa yo ta dwe mennen. Mw panse lè w se jèn si w pa gen moun pou oryante w, ou pa gen yon modèl, ou pa gen yon rèv, ou pa fikse yon bagay l ap yon jan difisil pou soti tèt ou nan sitiyaasyon difisil. Lontan lontan, paran pa t konn mete pitit yo lekòl, sitou nan kominote pa nou an se sa jenès la ap peye kounye a, ki se sitiyaasyon sa ki pase yo. Pa egzanp ann pran yon kad figi, kote yon moun ki gen 5 timoun nan Bonbad aktyèlman la, ki ap travay tè oubyen ki ap fè elvaj. Menm si li ta peye yon kolèj pou yo oswa yo t al nan youn nan lise yo paske gen plizyè nan kominote a. W ap wè lè timoun sa fin fè filo, menm si timoun sa gen yon kapasite pou l ta aprann, li vin gen yon baryè. Baryè a gendwa aplizyè nivo. Si pou l al nan inivèsite Gonayiv fòk li gen yon moun ki pou ebèje l. Si pou l al Pòtoprens se menm bagay la, menm jan si l al Okap, e menm si l al nenpòt kote fòk gen moun ki pou t a fè prizanchaj pou li. La, li vin yon obstak pou timoun nan menm si timoun nan te

briyan lekòl. Mw rankontre yon pakèt timoun ki lekòl paske gen relasyon ak plizyè pwofesè ki nan lise ak kolèj nan kominote a, konsa n ap debat yon sijè sou tèl timoun, epi li di monchè, misye se yon nèg ki briyan, ki tèl bagay, men obstak la parapò ak sa. Sou plan edikatif se pi gwo pwoblèm ki genyen nan kominote a. Lè li fin fè filo, li pa gen yon moun ki ka oryante l ni pran li anchaj pou pèmèt li ka pouse lekòl.

Mw menm mw pa fèt nan bouk la, mw se yon nèg ki soti nan seksyon kominal Krèv ki se twazyèm seksyon. Nou vin enplante bagay sa yo kivin fè nou prezan nan bouk la antanke bizisman. La nou te eseye avèk yon ansanm jèn agwonòm, medsen ak ekonomis pou nou te kreye bous ekselans pou timoun yo. Lè nou fè konsta, timoun vin rive li paka... menm si pou timoun nan al nan yon prefak fòk li gen kote pou li desann, fòk li gen moun ki pou oryante l. Si l ta pase nan inivèsite pou l ale a, fòk li ta gen kote ki ta pran l anchaj. Oubyen si pa pase inivèsite leta a tou, omwen fòk li ta gen yon inivèsite prive pou li ta ale. Atravè kèk moun k ap viv Ozetazini, nou te kreye yon bous ekselans pou anpil jèn k ap etidye swa syans enfimyè, swa medain, agwonomi, oswa lòt branch yo : kontabilite. E genyen ki kòmanse retounen nan kominote a pou vin bay kominote a sèvis parapò ak kontra nou te siyen avèk yo.

**Konsiltan :** Èske se atravè òganizasyon w reprezante a ?

**Fares :** Non, se pa atravè òganizasyon reprezante a, se pito atravè yon gwoup jèn. Genyen k ap viv nan kominote a, genyen k ap viv Etazini ki kreye bous ekselans sa. Mw kwè premye pwomosyon nèg medsin yo ta sipoze vini nan 1 an. Gen moun ki responsab al peye pou yo chak ane, ki pase nan inivèsite a Pòtoprens. Sa se yon model kote ou pèmèt yon ansanm timoun paran yo pakab. Lè sa, paran yo gendwa òganize yo, nenpòt 3 ou 4 yo lwe yon espas yo rete, paske w konnen vi etidyan an kijan li ye, se yon bagay antre sòti. Ou pa bezwen yon pakèt bagay, ou jis bezwen yon kote pou repose w lè aprè midi lè w sot nan kou ou asire w ka jwenn yon bagay pou manje, ou kapab jwenn yon kote pou benyen epi demen maten pou w retounen frappe ankò. Sou plan sa se sa ki pi gwo pwoblèm nan. Parapò ak pwoblèm ekonomik yo, gen anpil jèn ki pa ale lekòl, ki chwazi fè taksi moto. Si parèt la w ap wè anpil jèn gason se taksi moto y ap fè. Gen nan ladan yo ki te lekòl, swa ki rive ansent yon fanm, ki vin gen responsabilite nèg la oblije. Oubyen gen jèn gason kip a rive fini, papa l oubyen manman l koupe yon moso bwa fè chabon epi bay misye lajan pou achte yon moto pou l ka siviv.

Si nou ta ka pran sou plan lwazi, lontan te gen plis angouman parapò ak jèn fanm ak jen gason ki te ennvòv nan aktivite teyat, swa kozri, swa fowòm w ap fè. Men kounya, w ap wè jèn y opa entèrese nan bagay sa yo, yo plis fè chawa pete. Bon si w fè yon tisourit la, w ap jwenn plis moun pase si w fè yon bagay ki kapab ede yo oryante yo sou de bagay ki ka itil yo. Ansanm avèk TiKris nou inisye nan madikilti yon ansanm de sijè. Nou te pran larelèv la parapò ak moun nou genyen nan kominote a ak ansanm resous nou genyen nan OBRED. Nou toujou fè nan madikilti, n ap wè se ra jèn ki vini malgre gen diskisyon ak pwomosyon ki fèt pou sa, moun y opa entèrese nan sa. Men si nou ta gen lajan nou ta di n ap fè Tonimyx vini la w ap wè nou foul ak moun. La w ap jwenn gen de jèn ki trè pouse nan lekòl, konsa w ap jwenn genyen se pa sa ki priorite yo, yo plis sou ale nan aktivite plezi, alkòl gen bagay lè nèg la fin mennen w ap wè se kesyon fanm ki vin entèrese epi al chache pitit, olye li ta avanse w ap wè li plis rete nan sitiasyon difisil.

**Konsiltan :** Banm mande w. Legalman, konstitisyon ayisyèn nan mande laj minimal pou yon moun kapab poze kandida pou de pòs tankou majistra, depite, manm kazèk, 25 kan kòm laj minimòm, an prensip ou ta sipoze kapab rantre nan espas de desizyon yo, lye gouvènans. Men remak mw fè, mw t ap diskite ak jèn yo nan fokis gwoup. Trè souvan jèn yo, ou pa jwenn moun nan franch laj sa yo, lè m ap pale de jèn mw vle pale moun ki nan franch laj 15 a 35 kan. 15 zan kòm laj minimal, 35 kan kòm laj maksimal. Malerezman ou pa jwenn kategori sa yo anndan espas desizyonèl yo. Daprè ou menm, ki faktè ki ta ka eksplike elwayman jèn yo de espas de desizyon ak espas de gouvènans yo ?

**Fares :** Bon, mw panse k=gen plizyè faktè ki kapab fè sa, kif è jèn yo elwanye de espas kote y ap pran desizyon. Premye bagay la, se yon stereyotip ki kreye, bon se pa bò isit la sèlman. Pandan w ap di mou nant 15 a 35 kan an, gen de moun k ap di w entèl se timoun. Yon nèg ki gen 20 tan, 25 ak 30 ou 35 kan ta poze kandidati l pou yon pòs, lè sa y ap di w moun sa se timoun pa gen bagay.., menm si moun nan gen kapasite a yo bagay li. Egal, menm moun mw ta ka di w, pa egzanp granmou ki te ka pran sa anchaj pou ta di m ap akonpanye misye paske li se yon bèl tèt li gen kapasite pou l fè l, y ap di w monchè misye se yon timoun.

Dezyèm bagay ki genyen tou, lakay jèn yo tou, si m pran pa egzanp onivo kazèk, azèk yo toujou di se moun sòt ki azèk ak kazèk. Y opa vle enplike yo vre, yo an tijan minimize pòs la parapò avèk moun ki te pase nan pòs la.

Twazyèm bagay ki genyen ankò, parapò avèk jan otorite leta trete moun sa yo. Pa egzanp nèg kit a gen lide pou l al kazèk, lè li konnen yo pap peye l se yon frè y ap ba li, sa vin fèl pa entèrè. Lè nèg la konnen komin Bonbad se twazyèm kategori ki depann li ye kote y ap fè 6 mwa, menm 15 mwa y opa peye nèg la pa entèrese. Mw menm, aktyèlman yon nèg ta di m majistra la m ap di l mw pa entèrese. Menm si m gen popilarite, gen tout bagay si m al nan eleksyon m ap bat tout moun, m ap di w pa entèrese. Donk, la si pa gen de sansibilizasyon ki fèt pou montre jèn yo ki fòs yo genyen epi kisa yo ka fè paske kominote a se kominote pa w yo li ye, yo dwe enplike nan pran desizyon ; l ap toujou konsa, lè sa l ap di w li pa entèrese. Mw menm mw sonje lè m vin travay isit la an 2008, mw te anvi kazèk. Men lè m di tout moun mw kandida pou kazèk, yo di m non monchè w paka kazèk. Fòk ou t al kandida pou majistra. Pou yo menm lè yon nèg di yo kazèk sèke w pa anyen. Puiske, mw pral baze sou yo pou m vote mw gentan konnen nan tèt yo y ap di misye..., mw pa entèrese.

**Konsiltan :** Banm mande w, èske menm kritè sa ou vin idantifye la yo, valab tou pou medam yo. Ki fè tou medam nan espas desizyon yo.

**Fares :** Ka medam yo se yon lòt bagay. Fanm menm, ou konnen parapò avèk lè w pran yon fanmi ou konnen jan li chapante, yo toujou bay gason yo priyorite parapò avèk fanm yo. Kit li se nan match foutbòl, medam yo pap ka vini, kit lit e yon konsè evanjelik, yo ka kite yo ale. Men nan teyat medam yo pap ka ale, w ap jwenn se ra fanm ki prale. Premye bagay la se parapò ak stereyotip yo menm fanm ap sibi. Yo redui fanm nana k jis vale l, ki vin rann fanm nan vin manke yon konfyans nan tèt li. Li pa fè tèt li konfyans paske li se fanm, li vin yon ti jan bagay.

Dezyèm bagay ki vin fè fanm yo yon ti jan bagay tou, se mari yo ki kontre sa paske yo toujou di madanm yo pap nan tèt bagay. Li gen yon lòt aspè ladann tou, pafwa nèg la pè pou madanm li pa yon moun ki ekspozan, sitou si l se yon bèl fanm, nèg la di kèt men. Mw sonje yo te vin dèyè manman pou manman m kandida pou majistra, papa di non, li pa kite manman m kandida. Lè moun nan chèf li pral nan mache tout kote, li pè pou l pa pèdi fanm nan tou. Tout sa yo se yon ansanm bagay ki vin rann jan paran medam yo leve yo tou, yo atache ak kesyon kay, kesyon tach menajè, jere timoun, al nan dlo. Yo plis nan tach domestik yo. Ki vin rann medam yo paka patisipe, w ap wè se ra fanm ki vin emèjan epi patisipe nan espas desizyon yo.



**Konsiltan:** Banm mande. Si pa egzantp yo ta mande w, èske komin Bonbad se yon komin ki devlope daprè ou menm ?

**Fares :** Non li pa yon komin ki devlope, l ap fè tipa, men se pa yon komin ki devlope. Pou yon komin devlope fòk ta gen yon ansanm de resous fòk ou jwenn yo la, fòk yo disponib. Gen yon ansanm de sèvis fòk jwenn yo, pakse devlopman lye avèk sèvis dirèkteman. M ap pran yon senp egzantp, lè peye yon anplwaye, mw ba li yon chèk. Si l pa al Gonayiv oubyen Pòdepè, w ap wè menm machin chofè a gendwa pran l ale avè l, pafwa nèg la gendwa mekan epi jodi vandredi ou otorize tout nèg a motosiklèt ale. Epi nèg la di lapli te tonbe Pòdepè, li fè samdi, dimanche, lendi, madi li pa vin travay, li di w li bloke Pòdepè li paka vini. Donk, yon zòn pou li devlope, gen de enfrastrikti fòk ou jwenn yo la. Fòk ou jwenn elektrisite, fòk ou jwenn dlo ki se yon veritab kaskèt chinwa nan kopminote a, fòk ou jwenn sèvis de baz yo. Si w pa jwenn yo ou pa gen anyen w pral di ki devlope. Yon zòn ki devlope fòk ou jwenn tout sèvis yo la, kit sèvis w ap pran nan men leta, kit sèvis w ap pran nan men prive fòk yo la. Mw menm si m bezwen achte 100 kès byè pou desanm nan l ap pranm 15 a 22 jou pou l rive paske fòk nèg la pase pa pa SenMichèl e se Pòtoprens pou voye al chache yo. E pito m voye achte l Pòtoprens mw pa voye achte Gnayiv, menm si li vann menm pri a. Paskè nèg ki pral Pòtoprens avèk kamyon an li konnen l ap pote chay pou entèl entèl. Nèg ki Gonayiv la l ap veye chaje, yon ka yon ti bout chay pou l pote li ka fè 15 a 22 jou li pa janm pote l. La se yon pwoblèm, si yon kominote mw pa gen bidon dlo a la mw pa gen okenn kote mw ka jwenn sèvis la. Mw paka ap pale de devlopman, menm si lontan lite pi mal. Men parapò avèk kounya n ap mache tipa tipa vè yon evantyèl devlopman. Men nou paka pale de devlopman nan li menm pou kominote sa la.

**Konsiltan :** Banm mande w. Tankou pa egzantp, daprè ou menm ki bloke patisipasyon jèn yo nan komin nan. Paskè kanmen, sou 36 mil abitan, e statisk yo montre se 36 mil abitan k ap viv nan tout komin nan tout kategori konfondi daprè IHSI, 20 900 sou 36 mil se jèn. Kisa ki faktè daprè ou menm ki ta bloke patisipasyon jèn yo nan espas desizyon yo ?

**Fares:** Janm te fè rale a talè a, youn nan eleman mw te ekspoze steryotip yo. Epi tou, gen yon bagay tou, jèn yo vin manke konfyans nan tèt yo. Si w pa gen konfyans nan tèt ou mw ba w garanti w gendwa gen tout bagaj yo, depi w pa gen konfyans nan tèt ou w ap toujou.. epi, jèn yo toujou pè echèk tou.

**Konsiltan:** Banm refòmile kesyon an, paske efektivman ou te abode l. Men sa m te vle di, lè m refòmile l yon lòt jan an. Mw te vle di èske parapò avèk moun ki an pozisyon nan kominote an jounen Jodi a, èske gen de espas ki amenaje paske se vre ou te sinyale stereyotip yo. Ou te siyanyale de eleman, de pwendvi jèn yo paske stereyotip yo se alafwa stereyotip jèn yo, ou te pale de tretman an, sa vle di prejije yo kapab genyen pa rapò nivo tretman an. Men kounya, èske nan nivo kominote a yo menm pa genyen de eleman de blokaj ki enpeche jèn nan li pa kapab, ou te pale de mwayen ekonomik, pou patisipasyon epi entegrasyon jèn yo ?

**Fares:** wi, gen de blokaj paske... an nou pran yon egzamp. Mw gen yon nèg ki ofisye deta sivil la, malgre misye malad, li stil rete ofisye deta sivil. Se nèg se dènyeman la yo mete yon nèg ki plizoumwèn jèn. Lontan, jan bagay la te ye a, se yon bagay ki pase de papa ak pitit, sa vle di se yon bagay rasyal li te ye. Pou yon nèg te majistra Bonbad, fòk ou te ras Stinfil, fòk ou te ras Fleurimé. Kòm si se yon bagay klanik li te ye. Gen anpil moun sa toujou rete nan tèt yo, paske papa t al nan eleksyon tou, se sa kif è li pa vle manman ale nan eleksyon an, yo te vòlè eleksyon an nan men l. Lè misye vin manje la mw toujou di l ou sonje w te vòlè eleksyon nan men papa m, li pa di m anyen. Sa vle di fòk mw montre w andann kominote a gen yon pakèt lòt bagay. Pa egzamp, te gen yon kesyon de nèg sa se nèg lavil, nèg sa se nèg seksyon kominal. Tout sa yo mete perèz lakay nèg la pou l di mw paka tèt bagay, paske mw se nèg andeyò. Lè yon nèg majistra, mw sonje m gen yon kouzen m ki te majistra enterimè an 2 fwa yo pa aksepte misye paske li soti 2zyèm seksyon. Lè w rive nan sitiyasyon sa, nèg la vin pè tou, l ap di kèt mw paka fouye pye nan sa parapò ak sa. Menm si w ta jwenn ta jwenn avèk yo nan tan, sa pral vini si bagay yo pa byen mache. Yo pral ah mochè nèg la se nèg andeyò li ye, sa w panse li ta ka fè, li pa t ap fè anyen ki diferan parapò avèk. Manke espas tou ki pou pèmèt jèn yo entegre yo, y opa fè lekòl, y opa entegre lòt moun. Yo rete yo granmoun, tout otan y opa mouri y opa ranplase yo. Jenerasyon ki avan an pa kwè nan jèn yo, pou ta entegre yo nan ansanm de bagay. Enspektè ki te la depi lè mw t ap fè sètifika, li toujou enspektè jounen jodi a.

**Konsiltan :** Èske sa vle di manke debouche, manke opòtinite nan kominote a ?

**Fares :** Monchè, gen opòtinite se pasasyon yo kip a fèt. Takou gen de moun ki trè renmen..., m ap pran egzamp Mosère, tankou mw menm lè mw fini nan agwonomi, mw te opte pou m te ale nan ATEMA, w ap wè m pa travay nan li pou yon rezon ou pou yon lòt. Gen de nèg ki ap fonksyone nan menm kominote a ansanm avè w ki pap vle w avanse. Mosère w ap wè l ap

entegre w nan yon ansanm aktivite, l ap toujou diskite men kisa n ap fè, kijan n ap fè pou nou fè tèl bagay ansanm. Piti piti l ap pran w pou l bagay, men gen de nèg sa pa gade l, ou peri. Yo ta byen kontan si m ta gen yon bagay ki ka banm 200 000 dola, yo vòlè epi yo kite kominote. Gen moun ki fè plas avèk jèn, men gen de moun ki rete tòf, ki pa pèmèt jenès la plizoumwèn bagay.

**Konsiltan :** Daprè ou menm, si yo ta mande w pou idantifye de jèn lidè anndan kominote a, ki gen yon lidèchip ou wè. De jèn fanm ak jèn gason ou wè, sa pa kapasite yo oubyen angajman yo. Oubyen kreyativite yo ou wè ki an pozisyon de lidèchip. Èske genyen ?

**Fares :** Gen anpil, ou vle site menm ? Malerezman gen anpil k ap kite tou parapò avèk kesyon Biden. Pa egzanp nou te gen yon jèn pent ki te nan kesyon radyo, yon jèn ki nan kesyon kominikasyon, Robyen Rodelin. Ki kite kominote a k al Meksik, se yon jèn kit e trè pwometè ki ka travay. Nou gen yon ekip jèn nan dezyèm seksyon an ki inisyè yon aktivite nwèl chakj ane ak detwa moto siklèt avèk de jèn atis sou dezyèm ak twazyèm seksyon an. Se de jèn ki trè pwometè. Yon ekip jèn gason ki fè yon enstitisyon ki rele CONUD nan dezyèm seksyon. Se yon ekip jèn agwonòm, kontab tou ki ap goumen pou pèmèt yo ka bagay.

**Konsiltan:** Men banm mande w pou diferan jèn sa yo w ap pale ki an pozisyon de lidèchip, kòman rapò y oye avèk kominote a. Kòman kominote a resevwa, e ki pèsèpsyon yo de jèn sa yo ki app ran de inisyativ. Èske li byen vini, èske yo retisan?

**Fares:** Monchè m ap gade konkou chante nwèl nèg yo fè chak ane a, se yon bagay. Gen yon pakèt moun, kit granmoun, timoun, jèn. Se yon bagay ki konn fèt anndan yon legliz, plen moun. Gen moun ki konn sot nan bouk la k al ladann. Mw menm mw konn al ladan. Gen de nèg ki konn ale lè dimanch aprè midi, ki trennen yon pakèt moun.

**Konsiltan :** Sa vle di inisyativ yo apresye ?

**Fares :** Wi yo apresye l. Kòm mw paka pale de tèt mw, m pa bezwen pale de tèt mw. E mw paka konside m kòm jèn tou, si m gen 40 tan, mw kòmanse pral plonje desann. Pa egzanp nou menm nan OBRED, nou gen yon fwa agwoekolojik nou inisyè sa gen 3 zan. Kote fanmi peyizan yo ekspoze manje yo, yo ekspoze danre yo f è nan jaden yo pandan ane a. Se yon espas dechanj, konn gen entèvenan ki konn vini pou n debat sijè sou de tematik ki byen spesifik. Nou konn fè l 2 jou, 30 ak 31 me. 30 me nou toujou fè yon gwo aktivite kiltirèl, kote nou konn genyen de djaz

ki soti pòtoprens oubyen Pòdepè ki vin ladann. La se yon espaste. ki kreye e ki pèmèt tout kouch moun rankontre e nou dakò sou sa pou aktivite sa yo fèt nan kominote a. Nou gen Tikris kòm yon jèn ki trè pwometè e ki pran pri nan plizyè aktiv. Tankou aktivite pou mete bibliyotèk, klèb kiltirèl pou jèn yo. Misye fè yon pakèt bagay, se yon nèg ki trè pwomèt.

**Konsiltan :** Ou menm ou gen plizyè chapo. Ou gen chapo agwonòm na, ou gen chapo dirijan òganizasyon lokal la, epi w gen chapo antreprenè. Mw ta renmen mande w sou eksperyans antreprenè a, santiman pa m genyen parapò ak kominote a, talè m sot fè w di w yo. Mw pa gen lenpresyon se yon kominote antèm revni gen anpil mwayen. Anmenm tan tou mw pa konnen kijan si w yo ta mande w ki filyè oubyen pòtè anndan kominote a ki ta kapab pote, kreye aktivite pou mobilize jèn epi ba yo yon revni. M ap pale de sektè dirab. Kisa w wè ?

**Fares :** Nòmalmman, se vre kominote a pa gen gwo mwayen. Men piti kouliye, gen ti bagay nou ka fè. Gen ti pa ki kòmanse ap fèt pa rapò ak sa. Lontan ou t ap vin Bonbad, li ta p difisil pou jwenn yon espas pou pale ak yon moun epi jwenn yon kichòy pou manje, si davans ou pa t jwenn yon moun prepare yon bagay pou ou. Kòmanse gen espas, swa la, swa nan paradays, gen lòt moun k ap fè jefò ki vin pèmèt ou ka plizoumwen.

**Konsiltan :** Espas sa depi konbyen l ap fonksyone ?

**Fares :** Espas sa nou genyen depi 2020, 3 zan. Paradays la avan, li prèske gen yon dizèn ane. Si m t ap fè istwa espas nou an parapò ak sa li trennen dèyè l. Biznis nan se Pòtoprens li te ye, nan zòn Tiplas Kazo. Te gen anpil moun Bonbad chak week-end ki te konn vini. Chak samdi, dimanch nou gen yon djaz kit e konn vin jwe pou nou, 2 jou sa yo. Moun Omòl, moun tout kote, men biznis nan te vin plis kliyantèl moun Bonbad. Moun Bonbad te gen yon kochon griyo kochon, pa egzanp griyo nou wè y ap fè Pòtoprens nan se pa griyo, yo bouyi kochon yo ba w manje yon vyann bouyi. Men griyo Bonbad la, li gen yon gou, li gen yon konsistans. W ap wè nèg la te mèt Kwadèboukè, se yon vil li konnen l ap vin dèyè griyo a la, depi l bezwen manje griyo Bonbad l ap vin la. Yo kase biznis nan 2 fwa, yo boule l yon lòt fwa epi m di bon alòske m pa t gen okenn konfli avèk pyès moun. Mw di madanm mw, definitivman mw pa nan fè biznis la ankò. Ajoute sou sa, an 2019 se Bonbad nou achte kochon, kabrit, pwason, lanbi e tout sa nou konn genyen se Bonbad yo sòti. Mw pa gen anpil moun lakay mw nou paka manje tout, bagay yo gate. Epi mw vin di, ann eseye enplante sa la. Bò isi a nou gen yon kliyantèl ki 'sur', nou nan

yon espas ki rele PADED ki se platfòm agwoekolojik ki regwoupe 43òganizasyon atravè peyi a. Pa egzann nou konn ap fè entè-echan, kesyon manje a se yon pwoblèm, la nou tou konnen manje a Vanya rezoud sa san pwoblèm, nèg la pa gen plenyen pou manje. Dezyèmman, nou konn gen vizit ant direktè emstityon yo ki konn ap fèt sa se yon kliyantèl. Patenè yo konn ap vin vann se la yo konsome tou, sa fè nou plizoumwèn kreye yon kliyantèl anplis de lòt moun mam kominote a ki renmen sa n ap fè a.

Antèm de rant, gen ti rantabilite. Gen de peryòd ou pa fè anyen menm ou pa vann. Emn gen de lòt ou fè, dayè biznis nan li gen yon liy, l ap monte desann. Pi gwo pik nou genyen se peryòd 3 a 4 oktòb ki se fèt patwonan, menm si m gen 200 kès byè m ap vann tout. Sa mw pa negosye 1, 3, oktòb, 24, 31 desann mw konnen se lòt a pou fè lajan pou ane a si m bezwen fè yon lòt bagay pou m ka avanse. Isit la kòmanse fè moun yo gen yon lòt konsepsyon epi retire kesyon si w ap vin nan restoran se yon gaspiyaj. Moun nan vin manje, li panse li te dwe fè manje a lakay li de preferans. Lòt peyi a te bon nou te gen ti patentos chak semèn. Chak dimanch moun yo mennen timoun yo vin pran yon ti krèm. Sitiyasyon sosyopolitik la vin ran bagay la yon jan bese. An gwo, si l pa t rantrè kichòy nou t ap gentan fè yon lòt bagay.

**Konsiltan :** Mw t ap di w èske w ka idantifye detwa filyè oswa de lòt sektè nan kominote a ki ta kapab mobilize jèn yo epi pèmèt yo gen yon revni. Èske w idantifye ?

**Fares :** Bon, antèm de filya ki ta ka ede moun yo. Ann pran pa egzann filya avikòl la. Ann di yon nèg k ap fè poul nan kominote a, nou ka di se yon nèg k ap bagay. Mw menm mw fè eksperyans nan déjà paske te gen yon poulaye de 600 pondez, gen kòk, nèg ap fè kòb.

**Konsiltan :** Mw menm se nan paradays la mw desann, maten an lòt yo mande m pou ti dejene ki sa m ap pran, mw pale yo de ze, yo di m pa gen ze sou mache a. Sa vin fè m konprann aparaman pa gen pwodiksyon sa nan zòn nan, nou plis depann de ...

**Fares :** Mw menm m te genyen l, li gen l an depi li kanpe. Mw pral refè l la, men se parapò avèk trajè yo, lajan an la pou m achte poul la, men poul la se yon bèt ki perisab. Pou pase mòn kabrit avè l ap pran anpil tan l ap koute w plis kòm transpò. Epi w gendwa gen pondez la, piske pa gen kapasite nan bas Nòdwès, pou jwenn manje paske se yon manje spesifik li manje pou l ponn. Kounya m konnen gen agribèl Pòdepè ki ka bay li. Menm si m pran risk avèk poul la, men mw konnen li pap soufri manje a, mw ka jwenn manje a si pa gen lapli.

Youn nan bagay moun isi konsome anpil se pwason. Filyè pèch la, ki te ka ranfòse kapasite de jèn menm si nèg la ta revandè. Li pran l nan men moun nan, li revann li l ap fè kòb la. Aprè sa, lòt filyè. Yon jèn ki gen kapasite li jwenn yon espas li achte yon ponp marechè l ap fè anpil kòb. Li fè kawòt, pwavon, piman pike, piman dou pou fè tout bagay sa yo l ap fè kòb. Yon nèg ki ta gen kòb li rantre, pa egzantp nou konnen poul la ap ponn anviwon 18 mwa, epi li pral desann ou pral vann li poul la pou manje nan restoran. Si yon nèg tou li paka tann 18 mwa a, kif è yon sant refijere kote li vann pwodui refijere, l ap fè kòb.

**Konsiltan :** Banm mande w, se pratikman dènye kesyon. Daprè ou menm kisa ki ta kapab fèt kòm aksyon pou amelyore patisipasyon jèn yo nan espas desizyon yo anndan kominote a ?

**Fares :** Premye bagay ki pou fèt se konsyantize jèn yo pou montre yo enpòs ak ki pwa yo genyen nan kominote yo. Mw ba w garanti, aprè 1 an w ap montre yon jèn fanm ak yon jèn gason men kisa li dwe fè pou li enplike pou kominote li kapab devlope w ap jwenn menm 10% k ap pran konsyans. W ap jwenn emèjans de lòt lidèchip. Menm si se a 20% w ap jwenn de lòt jèn ki bagay. Gen anpil enstitisyon ki kwè nan fòmasyon, mw menm m fè l nan kesyon agwo ekoloji. Monchè men kòman pou prepare tè a, pou fè tèl bagay. Moun nan vini mw prepare, men semans nan vanm chè lip aka achte l. Kounya lè w fin di moun nan men kòman, fòk ou bay moun nan mwayen pou mete sa l genyen an anvalè. Si nou pati sou yon baz teyorik kote nou fè fòmasyon pou moun nan, li vin gen teyri a men li paka enpleman sa w di l la se lave men siye atè. Mw panse se 2 pilye ki ka penmèt yo, se fòme yo, konsyantize yo pou pèmèt yo kapab konnen kominote a se kominote pa yo li ye, nou dwe aji ansanm pou nou soti nan sitiyasyon nou ye a pou nou devlope kominote a. E fòk nou inisye lakay jèn yo sa nou rele benevola, paske w pap jwenn yon nèg k ap leve yon blòk kote l ap fè benevòl. Fòk nou inisye sa lakay jèn yo pou yo konprann sa dwe yon aktivite kotidyen li dwe enplike nan kominote yo pou kapab bagay. W ap wè lontan gen skout atravè tout bagay yo, k ap fòme moun yo pou yo k ap konprann gen ansanm bagay men ki linje pou yo swiv. Lè w fin fòme moun nan epi w materyalize fòmasyon an. Lè sa w ap fè fòmasyon sou 'estime de soi' pou l konnen li enpòtan nan vale reyèl li. Sa ka rive li paka dlo a, men omwen li ka bouchon an paske yo gen yon mank de konfyans nan yo menm parapò ak pozisyon ekonomik yo kif è yo konnen yo paka emèje.

**Antretyen endividyèl Saint Louis du Nord**  
**M. Jude Alcindor, Direktè Jeneral Meri Saint Louis du Nord**  
**20 oktòb 2023**

**Entwodiksyon**

**Prezantasyon**

**JA :** Mw se Jude Alsaindord, direktè jeneral meri Saint Louis du Nord.

**Kesyon 1**

**J.A :** Sa rantre nan yon kontèks ki pi laj si n ap konsidere sa k pase pandan 40 lane sa yo. Soti ane 80 pou rive jodi a, gen yon pwoblèm fondamantal, Saint Louis du Nord sibi sa nou rele yon ewozyon, ki sòti depi lontan. Pa egzanp, yon elèv ki soti isit aprè filo li ale Pòtoprens li pa janm tounen ankò. Pwoblèm sa te vin jwenn yon amelyorasyon, vin gen lise, vin gen kèk kolèj. Anplis sa gen yon lòt pwoblèm ki te vin poze. Majorite jèn ki te SenLwi yo vin pati pou Etazini. Si m t a di yo bagay, nan SenLwi vin pa gen moun ki reprezantatif nan moun ou te konnen ki moun la, tout deyò, tout pati. Kòm nan di an pè vid, ou vin klas peyizan ki desann ki vin la kip a responsab anyen. Kijan w pral pran eka sa pou mande yo pou y al patisipe san pa gen yon enklizyon ki pou ta fèt pou yo rive nan sa w ap di m la ki se patisipasyon nan pouvwa de desizyon.

Dezyèm sa m t a ka ajoute, lekòl y opa jwe wòl. Nan Senlwi lontan, yon vakans pap pase pou pa jwenn de jèn k ap fè teyat. Depi lè m vini la mw pa wè bagay sa yo ankò. Sa k fè sa se paske nou pa gen de gwoup kote elèv rankontre elèv. Si yo te leve nan menm katye sa te ka fèt, men vin gen yon epapiyman ki koze de [pwoblèm ki grav. Youn pa konn lòt, se pa de moun ki vin nan vil la kote òganizasyon ap kreye. Nou pa konnen ki kantite travay ki pou fèt pou t a jwenn patisipasyon jèn yo. Wi ka genyen men li mande de tarvay ki pou mennen nou la.

**Kesyon 2**

**J.A :** Wi gen anpil òganizasyon, men lontan lè w te jèn epi w te nan òganizasyon lajan pa t devan. Anpil sa w wè la gen anpil kesyon pou poze sou objektif yo genyen. Si w rankontre de gwoup de jèn nan vil la. Jan sa te ye lontan, gen anpil travay ki pou fèt. Fòk yo entegre òganizasyon yo pou yo rive travay ansanm pou yon byen komen pou vil la mache byen.

**Konsiltan :** Banm mande w, èske w panse gen diferans ant travay yon jèn kapab fè ak travay yon adil ka fè.

**J.A :** Pa nesesèman, yon jèn pou l pa ta fè anyen fòk li pa t a fòme. Yon jèn ki fòme e ki ka travay, mw pa kwè se yon kesyon sa w di la. Okontrè nou bezwen yo, nou bezwen entegrasyon yo. Gen yon jenerasyon ki prale fòk omwen nou ka jwenn de lòt gwoup ki ka asire relèv la.

**Konsiltan :** Kesyon an pou ou menm li sitiye sou plizyè sent, sitou se kesyon fòmasyon an.

**J.A:** Se fòmasyon epi entegrasyon. Twazyèm sa ki genyen, sa ki fòme yo pa deyò pou rete. Poukisa, paske sa k fòme yo, lè w vle pou yo rete kounya w pral bay yo kòm sale yon mèt pitans. Nan jan sa ye la, ou pral yon nèg ki fòme epi gen Biden ki ouvri. Gen Pòtoprens li ka fonksyone pi byen. Gen Okap ki alamòd paske Pòtoprens fèmen, epi tout mou nap tann yon biyè avyon pou y ale.

### **Kesyon 3**

**J.A:** Nan meri nou gen plizyè jèn k ap travay. Antanke direktè jeneral nou gen de enjényè nan kabinè nou k ap fè yon travay teknik. Lè w ap pale de pouvwa de desizyon ou an Ayiti, sa vle di anpil bagay. Lè w ap viv yon kote epi opòtinite yo pa anpil, se youn nan pwoblèm mw sot di w tale a. Lè w pran yon jèn ki fin fè inivèsite l si se pa yon ONG ki anplwaye pou l ba l yon salè li ka viv. Men rès la kisa li ye ? mw pap pale w de leta ayisyen ki anplwaye 2 moun sou 3 nan peyi a. Ou pa gen yon sektè prive. Baz devlopman chita sou 3 wòch dife, limyè, dlo ak wout. Nou pa gen anyen. Kijan w pral mete yon jèn la ou fin prepare. Kijan w pral peye l, e sa se yon pwoblèm li ye. Lè nou ka mete travay, mw pap pale de mete yon faktori ki ap bay moun nan yon salè li paka viv avèk li. M ap pale de yon travay li ka viv ak li. Ou pran yon inivèsite w mete kanpe la, si l pa yon medsen ki ap chache degaje l jan li kapab. Men sa m ap di la pa pou anpil. Kèlkeswa jèn ki fini nan inivèsite nan vil, n ap pran Senlui Dinò, li fin prepare je l kale l ap tann kote l pou l jete. Avan Lòbèy sa pete la, gen anpil moun ki te jete yo an Dominikani. Detwa zan avan sa se te Brezil, kounye a se Biden. Sa vle di ou nan yon sitiyoasyon kote w gen yon jenès ki wè avni yo nan peyi a. Kip a wè kote pou l fin fè inivèsite, al travay pou l fòme yon fanmi. Kisa yon moun k a fè ak 50 mil jodi a si l gen yon fanmi?



**Konsiltan:** Gen yon pwèn w sot siyale tale a mw ta renmen nou fè yon ti rete sou li. Kote w di ki kote desizyon yo pran. Nan nivo kominote Senlwizyèn nan gen de espas de desizyon, gen de mekanis de priz de desizyon. Mw sipoze meri a se yon espas desizyon pou jesyon kominote a

**J.A :** Espas de desizyon sa yo pran avèk yon konsèy kominal yo vote. Konsèy sa pral li genyen pou fè desizyon an chak 5 kan. Men apa meri a ou genyen pou komin nan mache byen vin gen de pwoblèm ki poze avèk ti kras mwayen ki dispoze yo. Pandan w ap di pou pran desizyon nan meri a, epi ou imagine w gen yon anplwayo meri a ou dwe 36 mwa paske leta pa depoze yon goud sou kont nan. Nou nan yon sitiyasyon kote sa ki t a bon pou peyi a se pa sa ki fèt. Pa egzanp si nan nivo Senlwi Dinò nou ta rive fè yon mobilizasyon fiskal pou pèmèt komin nan rann, kuit tèt li. Noua p viv yon sitiyasyon kote gen de kontribyab, ou oblije ap tann lè Pòtoprens lage yon ti bagay. Pou gen pouvwa de desizyon fòk moun yo ka renimere. Si w ap pale de desizyon nan nivo jèn pou fè yo vle, men si w ap pale de desizyon nan nivo jesyon vil la, nou gen de moun pou pran desizyon yo. M ap ba w yon egzanp, si se chanm komès k ap pran desizyon, l ap pran yo pou komès, l ap pran l pou kisa l ka pran ak kisa l ka jwenn pou l fè pwofi. Si se nan nivo meri a, gen defwa menm nan meri a mw paka ale paske gen pwoblèm gazoli, mw gen pwoblèm dizèl tout tan. Ou gen yon delekans jivenil k ap leve. Tout fwa yon ti moun louvri yon telefòn, kisa l ap gade, kisa l ap pwojte. Kisa nou fè pou prepare yon jenerasyon k ap vini avèk youn ki la tout sa li wè se fè sa k pa sa. Bagay yo pi konplike pase de kesyon n ap poze pou nou reponn.

**Konsiltan :** Sa m t a renmen siyale, espas yo se de espas kèlkeswa jan li ye a l ap fonksyone kanmenm. Menm si l ap mal fonksyone l ap fonksyone kanmenm. Men kounya parapò avèk sa, èske w panse echèl teritwa Senlwi Dinò a, parapò ak prensip pwoksimite ant gouvènman ak gouvènè yo, ta sipoze gen yon dispozitif, konvivialite pou devlopman teritwa la. Èske w panse gen de dispozitif ki pèmèt entegrasyon de jèn nan modalite desizyon sa.

**J.A :** M ap reponn yon fason ankò, se moun ou vote se li k ap dirije w. Si moun ou vote a li pa ala wotè de tach la, ou pral pase 5 kan jiskaske w vote yon lòt. Sa vle di akomodalibilite ant jèn yo, se pa yon bagay ki nan vizè anpil moun ki nan Senlwi, ni nan lòt yo, paske fason nou genyen pou nou jere viol yo, tout ap mache bwate. Sa vin poze de pwoblèm serye. M ap ba w yon ti egzanp sa gen 2 zan nou te vle fè yon bagay nan lari a kote ap gen de fanfa k ap jwe, men yo pa reponn paske sa pa rantre nan abitud depi kèk tan. Sa mw jwenn depi lè m tounen la, se nèg k ap

fè lòbèy nan lari, fè tisourit, fè sesi fè sela. Sa yo kadre avèk de moun ou pa dwe menm kwè, se sosyete a. N ap viv yon kriz daprè mw menm se yon bagay ki san presedan.

**Konsiltan :** Si nou t a pale de devlopman SenLui Dinò, a kisa sa ranvwaye pou ou ?

**J.A :** Mw touche kesyon sa dja. Pou devlopman ou bezwen 3 bagay, ou bezwen dlo, ou bezwen wout epi bezwen elektrisite, jiskounya nou pa gen youn. SenLui se te yon kil de sak, sa vle di ou vin la pou w vire epi w tounen, dopnk si w pa bezwen ou pap vin SenLui. Sa pa gen lontan mw ak kèk zanmi nou mete ansanm pou fè yo vin pase men nan wout pou ale Okap, se sa ki fè w ka soti Okap pou vin SenLui. Men se yon vil kip a gen anyen pou li ofri, si gen moun k ap vin lakay ou fòk ou ka resevwa li byen, dwe gen yon minimòm. Lè w paka ofri l sa vle di nou gen anpil travay ki pou fèt avan pou m reponn kesyon sa. Ou imajine jodi a ou SenLui Dinò, telefòn ak entènèt se yon liks. Avan nou pale de devlopman fòk nou ta chache mwayen pou nou mete de baz. Si yon moun ka jwenn mwayen pou peye lekòl pitit li e viv byen. Pou gen yon jenerasyon k ap leve se lekòl yo ki bay krèm nan. Apa de sa peyi a ofri de senaryo de pè e vyolans w ap viv, e si nou pa ka fè yon fason pou nou kreye yon anbyans kote moun ap viv, tout sa n ap di la yo pa gen plas yo.

**Konsiltan :** M ap gade, youn nan bagay ki frape m, mw wè anpil trafik moto SenLui, e mw gen lenpresyon moto se pratikman mwayen transpò moun yo itilize nan komin nan. Mw t ap mande w, èske gen de koye nan komin nan nou deside mwayen transpò sa se li menm k ap majorité nan komin nan ?

**J.A :** Avan m pale de SeenLui, mw t ap pale de SenMak, de Gonayiv, de Kap Ayisyen, nou pa gen motosiklèt devan yo. Se grav moun pa mache, si l pral la li oblije pran yon moto. Nan pouvwa de desizyon ki gen nan vil la, si pa t gen sa (taksi moto yo) t ap gen rèl. Menm si se yon dola yo ta mete nan sa yo fè a pou meri a, li t ap bon. Men se fason mere a opere a li yon jan difisil pou nou ta manyen sa, menm li nan vizè nou. Ann pran yon egzanp, si w mete yon asirans pou moto, fòk yo al fè, men lè w fin mete fòk lapolis akonpanye w, Pandan tout tan mw la, se mwa ki sot pase la yo voye yon enspektè k ap travay nan lari a. Ou paka jwenn konkou lapolis pou fè anyen.

**Konsiltan :** Nan estrikti komite devlopman kominal yo (CDC), mw raple m travay sou plan devlopman kominal yo, PCD yo, non sèlman gen CBC yo, gen CDSC yo. Gen yon kote diferan

aktè yo reyini, pa egzantp òganizasyon pwoteksyon sivil yo ki rankontre eli lokal yo. Mw kwè majistra a defèt se yon espas de desizyon. Kounya sa m t ap pral mande w, nan nivo espas desizyon sa yo, kouman desizyon yo pran, e lè yo pran èske desizyon sa yo aplike ?

**J.A :** Si w ap pale de pwoteksyon sivil, se yon òganizasyon ki byen mote, li la e w ap konprann w ap travay avè de volontè. Epi pwoteksyon sivil yo la se peryòd siklonik ant me a novanm yo la yo fè de similasyon si pou gen yon bagay ki pou fèt komin nan ap akonpaynye yo nan sans sa. Sektanm ane pase, yo vandalize meri a, tout sa pwoteksyon sivil te genyen kòm materyèl yo pran yo. Pwoteksyon sivil gen 3 kontrelè anndan meri depi 2011, yo kraze, tout sa ki anndan yo pa bon. Pouvwa de desizyon yo, se pa gran bagay lè w parèt nan seksyon kominal yo, yo espas machin paka rive ladan, pa gen lekòl. Ou gen 6 seksyon kominal pa gen 6 dispansè k ap fonksyone. Lekòl nan seksyon kominal yo, ou pa menm ka di w ap voye yon moun al travay ladan yo. Lè nou mete de baz pou sa n ap pale de sa. Lè nan yon seksyon kominal timoun nan ap mache 4 a 5 km pou l al lekòl, e lè l rive nan yon klas li oblije deplase pou l ka kontinye. Konsepsyon pa m de chanjman, nou ka poze tout kesyon nou vle men gen de kesyon de baz nou dwe poze ak leta ayisyen. Depi 3 zan nou gen yon pwojè dlo nan SenLui k ap trennen, se BID k ap fè l, yo fè l jan yo vle epi lè yo vle menm lè l tire pye. Nou gen yon wout k ap fèt depi 3 zan ki te dwe fèt sou 18 mwa, n ap pale de wout Ansafole a. jis jounen jodi a nou pa konnen si l ap fèt oswa si l ap asfalte l. N ap pale de limyè, Jovenel te vini ak yon motè pou mete Mòn van, men gen 4 motè flanbannèf men yo la. Lè anlè pap pran desizyon pou l rive anba a, kisa anba a ka fè. Si w pase Basenble poto yo rete atè, si w rive Ansafole poto rete atè. Si gen elektrisite k ap vin bay jounen jodi a, se 2 ri k ap genyen. Alòske SenLui plis pase sa.

**Konsiltan :** Èske tout sa n ap di la t a vle di nan priz de desizyon yo jèn y opa patisipe nan devlopman komin nan, nan enplikasyon yo, dènye done IHSI SenLui an se jèn yo ye.

**J.A :** Lè w ap pale de espas de desizyon, desizyon pou fè kisa ? Si se pou devlopman teritwa a, jèn yo pap fè l pou ou, e se pa yo ki gen sa nan tèt pou fè l. Yon jèn li la pou l aprann, li la pou l jwenn yon kote pou l fonksyone e sa ki pi dwe yo ap rive la. Men èske jèn yo pral nan pran desizyon pou ou. Yon jèn lidè li gen bouch li pou l pale. Men kisa ki pral depanse, kote w kite menm pou sa l pral di pi lwen an li an difikilte. Ou ka imajine nan SenLui ou gen yon branch inivèsite k ap fonksyone, se 2bagay yo fè ladann se syans edikasyon avèk dwa. Sa vle di fòk ou ta konprann dinamik k ap devlope a, yon moun ki etidye syans edikasyon k ap travay nan yon

lekòl, kouman renimerasyon sa pral ye, kijan l pral viv. Si peyi Dayiti, nou gen limyè, wout ak dlo epi elektrisite, ou ka envite moun ki gen lajan vini. N ap pran egzanp SenLui ki se premye nan Nòdwès, nou gen lam k ap gate, ane sa mango rete atè. Menm lè w ta pran mango ki la pou mete nan boutèy pou fè jis avè l, men fòk ou gen baz yo, fòk ou gen elektrisite. Fòk gen envesisman baz yo ki pou fèt, èske se jèn nan k ap fè l. Ann chanje sa pou chanje, ann mete baz yo kote yo dwe ye. M ao di w sa m tande dènyeman, mw gen yon timoun ki pral nan inivèsite, li di Jude, mw pral nan inivèsite, pito m al lave asyèt Miyami. Men se grav, lè wè yon timoun ki leve la k ap viv, li pa wè avni.

**Konsiltan :** Èske li pa t a ka aktè de chanjman sa, paske kanmenm li gen potansyèl la, li gen enèji an kòm jèn.

**J.A :** Se sèl sa li genyen wi, li pa gen plis pase sa. Nanpwen ONG k ap vini k ap vin devlope pou ou. Gade sa k ap pase anAfrik, yo an evèy men sa pran tan. La mw pa di sa pap fèt, dayè gen de priz de konsyans ki app ran. Si w ap pale ak yon jèn li wè sa li ye, men si l ap pase 2 jou li pa gen kòb nan men l gen de bagay ou paka pale avè l. Men se reyalyte peyi a.

#### **Kesyon 4**

**J.A :** Kèlkeswa asosiyasyon k ap vini se kote m yo vini, mw ba w defi pa gen youn k ap di w lè yo vin kote m se pa sa m ba yo, mw di yo al fè 1, 2, 3, 4, men kòmman pou w fè l. Mw ka konseye l, paske yon moun k ap viv nan yon seksyon kominal kip a janm sòti, li pa ka reve yon machin si l pa janm wè l. Sa w ap pale de devlopman an se pa li ye, fòk gen eleman de baz yo pou moun viv byen. Mw pral ba w yon bagay k ap pase aktyèlman nan SenLui, tout moun ki gen yon aktivite k ap fonsyone, fòk li gen mizik ladann, fòk li fè bri. Lè m di w fòk li fè bri an, 10 a 11 zè nan aswè w paka dòmi paske mizik la se jèn k ap fè l ou paka di anyen. Si w di l sa, ou pa konprann se jèn li ye. Men dwa pa w fini kote pa m kòmamse. Se pa kesyon jwenn jèn yo nan diskriminasyon an, se pa mo a. Sa k ap fèt o Niger, O Boukinafaso, Ibrahim se yon jèn gason, men li gen vize. Misye pran moun mete akote l pou l travay pi byen pou moun ki ap fonksyone kapab viv pi byen. Men si sa pako fèt anlè a, ki pi wo. Nan segon mwayen, nan twazyèm mwayen nan komin yo, kisa w vle.

#### **Kesyon 5**

**J.A :** Nou gen yon dam ki gen plis pase 35 kan ki nan tèt pwoteksyon sivil. Yo te mande m fòk nan katèl yo te gen 2 gason yon fanm sa fèt. Men yon kote nan Saint Louis du Nord, ki gen yon popilasyon ki double nan 25 kan. Aktyèlman nan SenLui ou pa rankontre de fanm kote gen 2 moun ki rete ansanm epi ki gen yon ti moun yo leve, nwayo familyal, sa disparèt. Kounya se timoun k ap fè timoun. Mizè anjandre yon bann bagay. W ap viv yon kote jounen Jodi a yon chofè moto ki ka Mennen yon ti fi lekòl, li ka ba li yon plat manje se fanm li li ye.

### **Kesyon 6**

**J.A:** Sa se bagay ou paka kanpe, y ap vini, mw pa la pou lontan, men w ap jwenn jèn k ap ranple m. Men kounya nou tounen sou kesyon, lè jèn sa pa t gen fòmasyon m te pran depi kay manman m, pou m al lekòl jiskaske pati mw tounen la. Mw an retrèt. Mw tounen la ap bay sèvis se pa lajan ki entèrese m. Èske sa m ap fè la kounya yon jèn ap aksepte fè l. Y ap pran l an y opa peye sa pa di m anyen. Lès ot di w talè a nan kòmansman na, kesyon am konplèks nou paka pran l nan yon bout. Pou fè yon bagay la fòk ou gen mwayen. Sa gen kèk ane ou genyon lekòl k ap fonksyone menm twalèt li pa genyen. Gen yon moun ministè a ban mw pou m fè enspeksyon nan lekòl yo, mw voye l mw di l al gade l a vin di m sa l wè. Menm mouri lit a mouri paske moun k ap fè lekòl la ou deranje l nan ti afè l. Laplipa moun k ap fè lekòl la se yon biznis li genyen w al anmègde l nan biznis li. Toutotan edikasyon nasyonal pa soti yon feuille de route pou di men sa l ap fè, menm nan edikasyon nasyónasl gen yon kesyon de lang, menm y opa konn sa y ap fè nan fason yo vle kesyon an fèt. Ou konnen premye blòk sanitè ki genyen se kay moun frè SenLui ki genyen l nan ane 50, 60. Mw dakò pou nou poze kesyon an serye. Iland kit e pi mal pase nou, nan 25 kan yo drese l. Ou konn kibò yo te kòmanse, lekòl. Yo pran lekòl an men. La Kiba, se sa yo fè, jounen Jodi a y ap prete w doktè. Ou pa konnen jous jounen Jodi a nan inivèsite nan Pòtoprens ou paka fè yon doktora. Si se sa, Loksidan an, blan an kondisyon pou nou rete jan nou ye a, y ap ba w yon bous pou al aprann lèt, men yo pap voye w «ÈM Haiti», yo pap voye pwodui de enjenyèn serye. Jou w jwenn yon bous yo vin di m se sa li ye m ap peye w. Mw gen 3 timoun lekòl Ozetazini men kote m ye, lè m voye yo lekòl mw gen yon sousi. Mw ba yo manje lè maten lè y ap soti lakay mw, men a 10zè yo gen yon kafeterya kote y al manje. Y opa bezwen konnen sa k te vini sa k te genyen, men lekòl la yo konnen men kòman li fèt.

## Kesyon 7

**J.A :** Dènnye mo se pa yon dènnye mo se yon swè. Nou nan yon peyi ki nan spiral tankou m ta di w li gen yon mèch se anfonse l ap anfonse. Anpil nan nou ki gen le vouloir, e mw pral di w nan le vouloir a se avèk anpil koze pou m kanpe la pou m ap viv. Mw gen 11 zan mw te vle vini mw vini, men chak lè m rantre Ozetazini m al wè piti mw, lè pou m tounen se tè chaje. Yo di papa sa w al fè, mw di se mw ki t aksepte ale fòk m ale. Men èske n ap rive yon lè pou nou peyi sa yon peyi moun anvi viv ladann. Lè sa n a pale de devlopman, lè n a mete 3 wòch yo. Mw konn rive Pòtoprens a 3zè laprènidi mw pran machin mw m ap rantre isi minui, 1 nè nan maten. Yo retire tout libète, yo fè w paka viv, yo mete w nan prizon. Jèn sa n ap pale la kisa nou ofri yo, vyolans, bwa kale, gang, kidnapin, tiye moun, sou telefòn, li sou tout rezo sosyo. Yon moun ki gen telefòn jodi a se pa tankou lontan, li li ouvri l epi tout bagay parèt. Kisa n ap anseye yo ? Kisa n ap ofri jèn nan ? Tout tan m gen isit, nou pa gen de sphère théâtral, sphère de discussion, kote pou nou rankontre. Lè m te jèn gason foli konesans monte nan tèt ou jwenn de diskisyon anime, nèg la kwè nan sa. Nou pa t rann kont se sa l te ye e sa ki kreye yon klas moun. Tout swè m genyen, sèke tout priyè fini déjà, amèn oubyen ainsi soit t-il, swa youn nan yo vini.